Baiklah diriku, kanda / akan mematuhi pesanmu dengan sunguh-sungguh / lalu dipeluklah isterinya / dihibur dan dirayunya / dibopong menuju peraduan / duh, kekasih hatiku / jikapun berkeliling ke seribu negeri / tiada melebihi rasanya dibanding dengan memandang wajah cantik ini / permata peraduan //

[77] Silap tulis. Seharusnya *inten* (intan; permata).

20. *Tahil Juwarsah ingaras jeriji / mamanisé jeriji kang kiwa / sarta dèn jejep lathiné / pinendheng*[78] *tingalipun / tungal rasa surasa sejati / rasa patang perkara / tunggalé tatelu / dèn aras pipiné kiwa / pan kentaka kakungé tumurun aris / agelis medal ing jaba //*

Tahil Juwarsah mencium jemari isterinya / jari manis yang kiri / dirapatkan ke bibirnya / sementara pandangan mata / menyatu dalam rasa sejati / rasa empat perkara / tunggal tiga / diciuminya pipi kiri isterinya / saat isterinya lelap Juwarsah turun (dari ranjang) / segera menuju ke luar //

21. *Tahil Juwarsah kawula apamit / la tah biyang kawula mit késah / ni randha aris tembungé / adhuh nyawa anak ingsun / dhateng pundi karsa nirèki / arsa ngong atilika / kadang warganingsun / titip biyang anak dika / poma biyang aja wèh metu ing jawi / bèké wonten bencana //*

Tahil Juwarsah berpamitan / Ibu, diriku pamit hendak pergi / sang janda berujar / duh, anakku / hendak kemanakah dirimu ini / diriku hendak mengunjungi / sanak saudaraku / kutitipkan isteriku / jangan biarkan ia keluar / kalau-kalau ada bencana //

22. *Yèn tetoya ing jero wismanéki / ja wèh medal poma wekas ingwang / dika èstokena bahé / ni randha amituhu / poma nyawa sampun alami / pun biyang kari édan / singgih nora dangu / wonten setengah condera / sampun pamit Juwarsah lumaku rérih / perapta ing paséban //*

Jika mandi di dalam rumah saja / jangan dibolehkan keluar, demikian pesanku / patuhilah saja / sang janda mematuhi / janganlah lama-lama, anakku / ibumu bisa gila / benar, bu, tak akan lama / kira-kira setengah bulan / seusai berpamitan Juwarsah melangkah pergi / tibalah ia di balai penghadapan//

[78] Silap tulis. Seharusnya *pinedheng* (sementara; saatnya).

23. *Tan kawarna lampahé nèng margi / tigang dalu reké laminira / asemang-semang ing atiné / sarirané mawuru / lampahira amandhega nuli / angerahina ing deriya / radèn lampahépun / nora kaya saban-saban / raganingsun abot tur semang kang ati / sarira lesu lupa //*

Tiada dikisahkan perjalanannya / tiga malam perjalanannya / ada keraguan di hatinya / dirinya terasa mamang / langkahnya terhenti / hatinya serasa tandas / Juwarsah melangkah / tak seperti biasanya / berat di raga dan ragu di hatinya / dirinya terasa lesu //

24. *Tahil Juwarsah amicaréng ati / pan menawi amanggih bencana / tumulya wangsul lampahé / lir pindhah wong melayu / teka ampang-ampang sariranéki / tan kawarna ing marga / wonten kang winuwus / kocapa ing ceriya*[79] */ ratunépun ing Burgam éka*[80] *wus mati / tilar putera tetiga //*

Tahil Juwarsah bersenandika / seolah mendapakan bencana / segera berbalik langkahnya / bersicepat seperti orang berlari / dirinya seolah melesat / tiada dikisahkan perjalanannya / berganti sebuah kisah / dituturkan dalam cerita / Raja Burgam telah mangkat / meninggalkan tiga orang putra //

25. *Kang pembayun tan arsa gentèni / lunga tapa maring arga punika / putera kang penggulu reké / atapa anéng banyu / kekasihé bermana sakti / kang wuragil ika / kang jumeneng ratu / anging dèrèng palakerama / Perabu Jaka anging maksi angulati / wanudeya ingkang pélag //*

Putra sulung tak mau menggantikannya (sebagai raja) / ia pergi bertapa ke gunung / putra yang kedua / bertapa di sungai / berjuluk Bermana sakti / putra bungsu itu / yang menjadi raja /

[79] Silap tulis. Seharusnya *ceita* (cerita; kisah).
[80] Silap tulis. Seharusnya *ika* (itu).

namun belum memiliki isteri / Prabu Jaka masih mencari / seorang perempuan jelita //

26. *Seri bupati lagéya angulati /tepis wéring muwah padédésan / samarga tetakèn reké / nanging nora katemu / kang kocapa winarnéng kawi / ni randha miskin éka*[81] */ tansah amèt banyu / angangsoken anakira / sapungkuré ni randha lunga siréki / maring pasar adol kembang //*

Sang raja sedang mencari / ke desa-desa hingga pelosok negeri / bertanya di sepanjang jalan / namun tiada menemukan / dikisahkan oleh pencerita / sang janda miskin itu / senantiasa mengambil air / mengambilkan air untuk anaknya / setelah sang janda pergi / menjual kembang ke pasar //

27. *Dèwi Sara Candera suwé nganti-anti / sasuwéné pan arsa tetoya / adangu nganti ibuné / karsanira pan metu / maring kali arsa wéjik / pawekasé kang raka / kang dèn èstu-èstu / keselak kaweratan nora / manggih toya ing jero wismanéki / nulya medaling jaba //*

Sarawulan menunggu-nunggu / lama hendak mandi / menunggu ibunya / ia hendak pergi ke luar / menuju sungai untuk membersihkan diri / pesan suaminya / yang selalu dipatuhinya / terburu terasa berat karena tiada / mendapati air di dalam rumahnya / maka ia pun pergi ke luar //

28. *Mulat kédul ngulon tan amanggih / ing wong liya nulya maring toya / wus mari awangsul agé / wonten utusanépun / pinggir toya wonten wong kalih / utusané naléndera / memilih iku / garjita sekèh tumingal / wonten èsteri separané dèn tingali / saking pungkur kéwala //*

Melihat ke arah barat selatan tak ditemuinya / seseorang, ia pun lalu ke sungai / setelah usai ia hendak pulang / ada utusan / di tepi sungai ada dua orang / utusan sang raja / yang sedang

[81] Silap tulis. Seharusnya *ika* (itu).

mencari (jodoh untuk raja) / berbinar-binar tatapannya / melihat seorang perempuan / hanya dari belakang //

Pupuh 4
Pangkur



1. *Apa jim apa sétan / baya sira mangké tah widadari / tumurun saking sewarga iku / saumur ingsun gesang / malah runtuh kang untu pan durung weruh / kang sawiji iku ngucap / ingsun malah kupecérit //*

Apakah itu jin atau setan / apakah dia bidadari / turun dari surga / sepanjang hidupku / hingga gigi mulai tanggal tak pernah melihat / seseorang lainnya berkata / aku malah sampai mencirit //

2. *Lah kakang payo mering wisma / atetanya maring pawong sanak néki / anulya saméya malebu / atakèn ing ni randha / sapa duwé anak ayu anom iku / ingsun dèn utus sang nata / amilihi èsteri luwih //*

Ayo kita ke rumah itu / bertanya kepada pemiliknya / lalu mereka masuk / bertanya kepada sang janda / siapa yang memiliki gadis cantik itu / aku diutus raja mencarikan isteri utama //

3. *Ni randha sumahur éka*[82] */ pariksanen anak manira éki / sang duta mariksa sampun / karo saméya mujar / éh ni randha manira anuhun atur / sampun mantuk kang utusan / Sinarawulan mangkéya ngeling //*

Sang janda menjawab / lihatlah anakku ini / sang duta telah mengamatinya / keduanya kemudian berujar / kami mohon pamit dulu / seusai para utusan pergi / Narawulan berkata //

4. *Si biyang tuhu yèn ala / teka wekjah ingsun dèn warah éki / kang ibu tandera sumahur / sukur karep manira / amamantu ulih perabu bala ratu / wareg bukti nandhang pangan / tur anunggang tandhu joli //*

Ibu sungguh keji / telah menunjukkan diriku ini / sang janda segera berujar / bersukurlah kuharap / mendapatkan menantu seorang raja / berlimpah sandang pangan dan papan / menunggang kereta tandu //

5. *Sumadiya mantu wong sundha*[83] */ kirang pangan sandhang tur tuna rasmin / Sinarawulan amuwus / sukur karep manira / èstu ala si biyang tumpur siréku / tan karsa lebur centhong / atur ubayan kang becik //*

Yang ada bermenantukan orang jelata / kurang pangan sandang dan bukan orang luhur / Narawulan berkata / bersukurlah kuharap / sungguh keji dan nista / tiada mau mengambil / petuah dan janji luhur //

6. *Anengakena ni randha / kang kocapa punang utusan perapti / umatur dhateng sang perabu / sang nata angandika / kéyana patih kena mapag joli tandhu / jempana lan tiyang sanga / saméya pinahèsan aseri //*

[82] Silap tulis. Seharusnya *ika* (itu).
[83] Silap tulis. Seharusnya *sudra* (rakyat jelata).

Tinggalkanlah cerita tentang sang janda / dikisahkan para duta kerajaan telah tiba / melapor kepada sang raja / raja kemudian berkata / siapkanlah tandu, patih / jempana bersama sembilan orang / pasang dengan hiasan indah //

7. *Ki patih matur anembah / yèn suwawi paduka seri bupati / sampun gipih sangaulun / amapag ingkang garwa / pan kawula ingkang mapag rumuhun / déné ratu kuna-kuna / tan wenang mapag peribadi //*

Sang patih berhatur sembah / jika paduka menyetujui / jangan terburu-buru, paduka / menjemput sang isteri / biarlah hamba yang menjemput terlebih dahulu / sebab raja-raja di masa lalu / tiada boleh menjemputnya sendiri //

8. *Sang nata aris ngandika / lah sakarsa nira bapa sun éring / bapa lungaha rumuhun / ingsun mapag ing marga / apajanga gamelan angungkung / gelar kang punang jempana / lan garwané para manteri //*

Sang raja berujar / terserahlah aku ikut saja, patih / kau pergilah menjemputnya dahulu / aku akan menunggu di jalan / siapkanlah gamelan dan segenap alat musik / siapkan jempana / dan segenap isteri para menteri //

9. *Saperapta nira kerandhan / ginarebek lawan garwané manteri / sekèhé parekan agung / mapan ngéring sedaya / manjing kabèh ing wisma sareng alungguh / seseg jejel nèng kerandhan / ni randha ngaturi linggih //*

Setibanya di tempat tujuan / telah dipenuhi oleh para isteri menteri / segenap bangsawan putri istana / semua turut mengiringi / semua duduk di rumah (sang janda) / penuh sesak tempat itu / sang janda mempersilakan semuanya duduk //

10. *Piniwayah aris mujar / atur paksi lawan garwané manteri / bibi kawula angutus / ambakta anak dika / inggih bibi kinarsaken ing sang perabu / lan bibi kinèn ambakta / ni randha umatur aris //*

Seorang tetua juru bicara berkata / berhatur sapa bersama para isteri menteri / bibi, diriku diutus / membawa anakmu / karena ia diinginkan oleh paduka raja / disuruhlah sang janda membawa (putrinya) / sang janda berujar lembut //

11. *Kawula datan lenggana / lah sekarsa nira narpati / lintang sukur ing Yang Agung / kawula suka bungah / seri naléndera ing mangké amundhut / perandéné mantu wong sundha*[84] */ kurang pangan kurang bukti //*

Hamba tiada keberatan / terserah kehendak paduka raja / puji sukur kepada Tuhan / hamba amat bersuka cita / paduka raja berkenan mengambil (isteri) / daripada bermenantu rakyat jelata / serba kekurangan pangan //

12. *Lah nyawa gusti metuwa / anunggang jempana tandhu joli / ratna condera kakudhung / sarta anangis sira / pangucapé baya wus lelakoningsun / nora ngéstokaken ingwang / kakang sampun agé mati //*

Anakku keluarlah / menunggang tandu jempana / Sarawulan bersembunyi di balik kerudung / seraya menangis / dalam hati berucap bahwa sudah takdirnya / tiada menepati pesan (suaminya) / kanda janganlah dirimu mati //

13. *Piniwayah gayah*[85] *sira / nulya nambut paningset cindhé wélis / ing sekèhé para ratu / ingunggahaken jempana / déning ngapit kang para rabining ratu / gumuruh angéring sedaya / nulya miyos saking jawi //*

[84] Silap tulis. Seharusnya *sudra* (rakyat jelata).
[85] Silap tulis. Seharusnya *kayah* (tugas; pekerjaan).

Para tetua melakukan tugasnya / membawa segenap seserahan kain sutra wilis / dari para raja / dinaikkan Sarawulan ke atas jempana / diapit oleh para istri raja / bergemuruh suara iring-iringan / lalu berlalu pergi //

14. *Datan kawarna ing marga / saperaptanan nimas dalem puri / sang nata alon amuwus / lah banjur anéng wisma / lumarisa anulya saméya malebu / alinggih anéng kedhaton / pawongan atero alinggih //*

Tiada dikisahkan perjalanannya / sampailah Sarawulan di istana / sang raja berujar / masuklah ke dalam istana / berbaris seraya masuk / duduk di dalam istana / para pengiring turut duduk //

15. *Dèwi Sarawulan ngucap / nora wurung mangké ingsun mati / yèn dèn cekel ing sang perabu / nora wandé peralaya / temahané nora manggih gustiningsun / sun jaluka mering sang nata / pasthiné mangké yèn ulih //*

Sarawulan berujar / tak urung aku akan mati / jika dijamah oleh sang raja / tiada takut diriku mati / akhirnya tak akan bersua dengan pujaan hatiku / aku nanti akan meminta kepada raja / pasti akan dikabulkan //

16. *Kocapa seri nara nata / aluwaran manteri dènira nangkil / manjing kedhaton sang perabu / nulya kepanggih nimas / seri tengara sang nata aseru andulu / leng-leng berangta ngarang / sang nata tan arsa méjil//*

Raja berujar / segenap menteri yang menghadap membubarkan diri / sang raja masuk ke dalam istana / pertanda ingin sekali melihatnya / termangu diliputi asmara / sang raja tiada ingin keluar //

Pupuh 5
Mijil



1. *Seri bupati angendika aris / sarya muwus alon / atma jiwaningsun anggèr / tambanana / berangtaningsun yayi / mung dika kang kèpi kang katon ing kalbu //*

Sang raja berujar lembut / berkata dengan perlahan / duh belahan jiwaku / obatilah / gelora asmaraku, dinda / hanya dirimu yang ada di hatiku //

2. *Tambanana manira dèn mari / nora wandé ngelamong / yèn sampun gusti anambani / cengkeramana ulat lan léring / tetambané berangti / sang lewir santun //*

Sembuhkanlah lara asmaraku hingga pulih / aku tidak ingin gila / jika telah kau sembuhkan / dekaplah nadi dan pandanganku / pengobat duka asmara / sang bulan pujaan hatiku //

3. *Dèwi Sarawulan matur aris / anuhun sang katong / kawula gusti berangta mangké / nora kena pinareking laki / yèn sang nata asih / dèn sabar sang perabu //*

Sarawulan berujar lembut / mohon paduka raja / diriku sedang berduka / tiada boleh didekati lelaki / jika paduka mengasihi diriku / sabarlah dulu, paduka //

4. *Yèn sang nata amoksaha mangkin / lan kawula mangko / nora wandé pejah ingsun mangké / yèn mati ngong abdi / sakarsa narpati / marang raga ningsun //*

Jika paduka memaksa / kepadaku nanti / bisa jadi diriku akan mati / jika diriku mati / terserah paduka lakukan / terhadap jasadku //

5. *Yèn sang nata arsa maring kami / anedha sang katong / pepanggungan kang aluhur mangké / kang katingal lelakon rong bengi / sang nata nuruti / ki patih ingutus //*

Jika paduka menginginkanku / diriku mohon kepada paduka / buatkanlah menara yang tinggi / yang bisa memantau perjalanan selama dua malam / sang raja memenuhi (permintaan itu) / sang patih diperintahkannya //

6. *Sampun dadi kang panggungan aseri / matur ing sang katong / satus depa punika luhuré / perabu anom ngandika aris / peraméswari / wus dadi kang panggung //*

Telah selesai dibangun menara yang indah / sang patih melapor kepada sang raja / seratus depa tingginya / sang raja pun berseru / isteriku / menara telah jadi //

7. *Sandéya*[86] *késah dateng panggung agelis / lampahira alon / suca bintit ing raras atiné / nimas munggah arérih / sang nata anganti / anéng ngandhapépun //*

[86] Silap tulis. Seharusnya *sang dyah* (sang putri).

Sang putri Sarawulan pergi menuju menara / ia berjalan perlahan / mata sembab di parasnya yang cantik / perlahan ia naik / sang raja menunggu / di bawahnya //

8. *Ayewantara wonten tigang wengi / anéng panggung réko / ananedha ing Yang penangisan / tan ana kang kacipta Widi / panggihena ugi / lawan lakiningsun //*

Sekitar tiga malam / berada di menara / bermohon kepada tuhan dengan berurai air mata / sungguh tiada lain yang di hatinya / pertemukanlah diriku / dengan suamiku //

9. *Anengena polahiréng uni / ucapena kang wong / Tahil Juwarsah lampahira mangké / wus perapta ni randha panggih / linérik siréki / ni randha amundur //*

Tinggalkanlah laku (Sarawulan) itu / dikisahkan kemudian / perjalanan Tahil Juwarsah / telah tiba di rumah bertemu dengan sang janda / diamati olehnya / sang janda bergerak mundur //

Pupuh 6
Durma



1. *Wonten pundi biyang mangké putera dika / biyang sumahur semu runtik / mangké rabinira / pan wus laki naléndera / wingi soré dèn parani / nunggang jempana / kinarebek para manteri //*

Dimanakah putrimu, ibu / sang janda menjawab dengan agak ketus / sekarang isterimu / sudah menikah dengan raja / kemarin sore dijemput / mengendarai tandu jempana / penuh diiringi para menteri //

2. *Tanpa ngucap Tahi Juwarsah sampun duka / wedana nira tan sipi / ni randha angucap / mongsa ingsun bédaha / sekarepmu mati urip / sira wong sundha*[87] */ miskin tur kawelas asih //*

Tahil Juwarsah diam terpaku memendam murka / amarahnya berlipat-lipat / sang janda berkata / bukannya diriku membedakan / dirimu hidup atau mati terserah / dirimu orang jelata / miskin dan kasihan //

[87] Silap tulis. Seharusnya *sudra* (rakyat jelata).

3. *Malah mangké ingsun amantu sang nata / sugih réyal mas pécis / tuwuk nandang pangan / tansah ingsun dèn bayar / réyal ingsun tigang biting / sun gawé jajan / maring pasar tuku tapih //*

Terlebih diriku sekarang bermenantukan seorang raja / berlimpah harta dan emas / tiada kekurangan pangan / dan lagi diriku diberikan uang / riyal yang diberikan sebanyak tiga lidi / kubuat untuk berbelanja / ke pasar membeli kain jarik //

4. *Amiharsa Juwarsah aseru beramanteya / den rekep*[88] *lathinéki / pinalung kampuhira / arsa banting kéwala / ni randha cinandhak agelis / tandera malencat / lumayu maring sabin //*

Meluaplah amarah Juwarsah mendengarnya / dibungkamnya mulut sang janda / kainnya dikalungkan / rasanya hendak dibantingnya saja / sang janda segera menariknya / bersicepat meloncat / lari menuju sawah //

5. *Pan ni randha lumayu tan nulih marga / Juwarsah aseru angling / balika ni randha / réyalé ku ceceran / ni randha ringas anulih / apuncilakan / polahé lir wong baring //*

Sang janda berlarian tanpa memperhatikan jalanan / Juwarsah berseru memanggil / kembalilah / uang riyal miliknya berceceran / sang janda sontak menoleh / belingsatan / tingkahnya seperti orang sinting //

6. *Mundhuk-mundhuk ni randha apuncilakan / mantuné dèn tingali / pan nora katingal / muputi réyalira / ing wuri belarak cécir / kagéyat tumingal / dèn senggih mantunéki //*

Sang janda belingsatan seraya merunduk / mengawasi sang menantu / tiada terlihat olehnya / ia pun memunguti uang riyal miliknya / di belakangnya ada daun kelapa kering jatuh / sontak sang janda terkejut / dikiranya sang menantu //

[88] Silap tulis. Seharusnya *krekep* atau *kekep* (ditutup).

7. *Pan dodohan Juwarsah dènira angucap / bibi manira amit / andika kantuna / ni randha tanpa ngucap / Tahil Juwarsah dèn agelis / miyosing jaba / arsa malebeng puri //*

Dari kejauhan Juwarsah berseru / bibi, aku pamit / kau tinggallah saja / sang janda terpaku tiada berucap / Tahil Juwarsah segera / berlalu pergi / hendak menuju istana //

8. *Tan kawarna radèn rawuhing marga / tandera malebeng kori / sekèh manteri tumingal / wong apa iki baya / teka arsa malebeng kori / baya wong édan / tan wurung sira mati //*

Tiada dikisahkan selama perjalanannya / Juwarsah telah memasuki gerbang istana / segenap menteri mengawasinya / siapakah orang ini / tiba-tiba datang memasuki gerbang istana / jangan-jangan orang gila / bisa-bisa ia mati nanti //

9. *Ratna Candera tan wikan ing polahira / ya ta amiharsa warti / ramé awurahan / kang raka cinekelan / adhuh Gustiningsun singgih / nora uninga / kang raka dèn kinanthi //*

Sarawulan tak mengetahui hal itu / ia lalu mendengar kabar / ada keributan hebat / suaminya ditangkap / ya Tuhanku / tidak tahunya / ia suamiku yang kunanti //

Pupuh 7
Kinanthi



1. *Dèwi Sarawulan amuwus / anéng pepanggungan nangis / amarek dateng sang nata / sang perabu ngandika aris / duh gusti anggèr kawula / atma jiwa ningsun yayi //*

Dèwi Sarawulan berurai air mata / menangis di menara / sang raja mendekatinya / sang raja berujar / duh pujaan hatiku / dinda tambatan hatiku //

2. *Paran karsa mirah ingsun / kusuma kang asung berangti / mas mirah ajeng punapa / kawula gusti ngaturi / mirah sampun taha-taha / saisiné dalem puri //*

Apa yang kau inginkan, permata hatiku / bunga jelita yang membuatku mabuk asmara / apa yang kau mau, permata hatiku / semuanya akan kuberikan / tidak kira-kira / seisi istana (akan kuberikan) //

3. *Seri Narawulan umatur / kawula nahur puniki / kelawan sedulur ingwang / ing binjang lamun pepanggih / kawula serah jiwa raga / sekarsané sun turuti //*

Narawulan berujar / inilah jawabanku / terkait dengan saudaraku / kelak jika aku bisa berjumpa (dengannya) / diriku akan menyerahkan jiwa ragaku / apapun keinginan (raja) akan kuturuti //

4. *Anéng ngendi ipèn*[89] *ningsun / manira ayun pepanggih / punika wonten ing jaba / pan maksi dipun cekeli / sang nata bendu kalintang / lah uculna dèn agelis //*

Ada di mana saudaraku / diriku ingin bertemu / ia kini ada di luar / ia telah ditangkap / sang raja murka / ayo segera lepaskanlah //

5. *Pan ucul nulya lumaku / Ni Sarawulan nèng wuri / sang nata tansah amawas / duh mas mirah ingsun gusti / sejagad tan ana madha / warna nira mirah adi //*

Begitu dilepaskan langsung beranjak / Sarawulan mengikuti / sang raja senantiasa memperhatikannya / duh, permata hatiku / tak ada yang menyamainya di dunia ini / wajahnya yang molek jelita //

6. *Wus perapta gaderi sampun / sareng tingal dèn tingali / lupa sarira keliwat / rangkul rinangkul siréki / sareng berangtané kalintang / nora nyana sun apanggih //*

Telah tiba di pelataran / begitu mereka saling bertatapan mata / lupa diri tiada terkira / mereka saling berangkulan / rindu tiada tertahan / tiada menyangka akan berjumpa //

7. *Anenggih lan sira maskun / Sarawulan muwus aris / kakang kawula boten nyana / kepanggih lan dika gusti / sun aku sadulur ingwang / kang mas dika pethuki //*

[89] Silap tulis. Seharusnya *ipe* (saudara).

Benarlah kau kekasihku / Sarawulan berujar pelan / kanda, aku tak menyangka / berjumpa denganmu / kukatakan dirimu adalah saudaraku / kanda, kau menemuiku //

8. *Sukur yayi mirah ingsun / sakarsanira sun iring / mas mirah dèn bangkit uga / si Narawulan mangké angling / amapag dhateng sang nata / nembah sarya matur aris //*

Sukurlah dinda, permata hatiku / sekèhéndakmu aku turut / Narawulan berdiri / ia kemudian berujar / mendatangi sang raja / menyembah seraya berkata / //

9. *Sang nata kawula nuhun / yèn kupanggih dulur mami / kawula darbé niyat / kepanggih kawula lakan*[90] */ kasukan sarwa andarwina / yèn mantun serah jiwa raga //*

Paduka, hamba bermohon / jika berjumpa dengan saudaraku / aku memiliki niat / jika bertemu aku akan melayaninya / pesta sesajian meriah / setelah usai aku akan serahkan jiwa raga //

10. *Sang nata mangké muwus / sukur yayi mirah adi / jengira nedha kasukan / kawula reké nuruti / berem arak tampuh warakang*[91] */ lelawuhé wus sumaji //*

Sang raja kemudian berujar / baiklah, permata hatiku / dirimu meminta pesta / aku akan turuti / brem arak dan tuak / lauk pauk siap disajikan //

11. *Kocapa mangké sang perabu / aramé wong dalem puri / pan sira padha kasukan / sang nata mangké alinggih / ajajar lan ipen*[92] *nira / seri Narawulan ngelarihi //*

[90] Silap tulis. Seharusnya *lagan* (melayani).
[91] Silap tulis. Seharusnya *waragang* (tuak).
[92] Silap tulis. Seharusnya *ipé* (saudara).

Demikianlah ucap sang raja / meriah orang di dalam istana / semuanya berpesta / sang raja duduk / bersama Juwarsah / Narawulan menjamunya //

12. *Sang nata bungah kalangkung / dhateng ipen*[93] *luwih asih / keliwat sinuba suba / singgih ipen*[94] *sejati / sang nata nèng wuri nira / kalintang sukaning ati //*

Sang raja amat bersuka cita / ia mengasihi Juwarsah / ia amat memujanya / sungguh saudara sejati / sang raja di belakangnya / amat bersuka cita //

13. *Pawongan atap nèng ayun / pan sira padha bebisik / sang nata lamun san sawang / kadi Semar lawan Panji / cahiyané bagus Juwarsah / pantes lakiné dèn dèwi //*

Bergerombol orang di depan / mereka berbisik-bisik / sang raja (dan Juwarsah) kalau kupandang / seolah Semar dan Panji / Juwarsah jauh lebih rupawan wajahnya / pantas seandainya jadi suami Narawulan //

14. *Wong dalem suwiji iku / lamun ingsun aningali / Juwarsah kelangkung ngelak / bokong ingsun kumelétir / andulu marang sang nata / si dhawuk teka ngintepi //*

Seorang abdi lainnya (berkata) / Jika aku melihat / Juwarsah jadi amat dahaga / (namun) bokongku serasa bergeser / jika melihat sang raja / si orang tua itu mengintip //

15. *Tan kawarna polahipun / wong dalem kang padha berangti / sang nata dhahar katigan / samiya mangan ajang kalih / kèn dèwi si Narawulan / anglarihi seri bupati //*

[93] Silap tulis. Seharusnya *ipé* (saudara).
[94] Silap tulis. Seharusnya *ipé* (saudara).

Tiada dikisahkan lagi tingkah / para abdi yang dilanda kasmaran / sang raja makan bertiga / menggunakan dua piring / menyuruh Narawulan / menjamu sang raja //

16. *Sang nata aris amuwus / dhuh mas mirah ingsun gusti / dèn parek mas mirah ingwang / lelirih senthoken kami / pangéran dèn sabar*[95] *uga / tan wandé kawula gusti //*

Sang raja berkata / duh, permata hatiku / mendekatlah, permata hatiku / layani aku dengan minuman keras / saudaramu berikan juga / tiada berani diriku, paduka //

17. *Ananincing tapihépun / wong dalem kang padha berangti / padha sira akakidungan / sawenèh unde*[96] *puniki / wong dalem padha wurahan / ana ingkang lali tapih //*

Menyincing kain jariknya / para abdi yang mabuk pesta / semua sama bersenandung / sementara bermabuk-mabukan / semuanya yang berpesta / ada yang tak sadar melepas pakaiannya //

18. *Tan kawarna polahépun / wong dalem kang lali tapih / kocapa si Narawulan / tan pegat sira lelarih / sang nata alon ngandika / mas mirah akèh gusti //*

Tiada dikisahkan tingkah polah mereka / orang-orang yang telanjang / Dikisahkan tentang Narawulan / sang raja berujar / berikan (minuman) yang banyak, permata hatiku //

19. *Si Narawulan umatur / kawula seri narapati / kawula arsa uninga / endemé wong agung gusti / wong ayu dèn kathah uga / sampun mendem seri bupati //*

[95] Silap tulis. Seharusnya *sebar* (menyebar; memberikan).
[96] Silap tulis. Seharusnya *onda* (mabuk).

Narawulan berujar / baiklah, paduka / diriku ingin melihat / semua orang hanyut dalam mabuk / jelitaku, tambahkanlah yang banyak (minuman kerasnya) / sang raja telah larut dalam mabuk //

20. *Wus lali ing raganépun / kadi édan polah sang aji / Tahil Juwarsah angucap / apa karsanira yayi / payo nimas pinatènan / sang nata wus angemasi //*

Telah lupa akan raganya / sang raja bertingkah seperti orang gila / Tahil Juwarsah berkata / sesuai kehendakmu, dinda / ayo kita bunuh sang raja, dinda / sang raja akhirnya meregang nyawa //

BANYUWANGI
SATYA BHAKTI PRAJA MUKTI

Pupuh 8
Kasmaran



1. *Sang nata wus amati / pinedhang déning Juwarsah / yata nulya késah réko / medal saking papungkuran / perapta jawining kitha / awatara tengah dalu / tan ana ingkang uninga //*

Sang Raja telah mati / ditebas dengan pedang oleh Juwarsah / lalu mereka pergi / keluar melalui pintu belakang / tiba di luar wilayah ibu kota / saat tengah malam / tiada seorang pun yang melihatnya //

2. *Wus lepas lampah iréki / andungkaping wana wasa / tumeka ing wukir alon / tumurun ing lebak-lebak / arsa maring negara / Sahalsah sedayanipun / lumampah sira lon-lonan //*

Telah sampai perjalanan mereka / tiba di hutan belantara / perlahan menjejakkan kaki di gunung / turun menyisir lembah / hendak mendatangi negeri / Sahalsah yang dituju / mereka berjalan dengan perlahan //

3. *Ya ta kesasar siréki / lumampah tan manggih marga / yata separan-parané / wonten malih kang kocapa / wonten reké wong tapa / sadulurira sang perabu / kang mati reké punika //*

Mereka tersesat / berjalan tiada mnemukan jalan / ke sana ke mari / ada kemudian dikisahkan / seorang pertapa / saudara dari Raja Burgam / yang telah mati itu //

4. *Radèn Sarkam namanéki / atapa pucuking arga / yata aningali réko / wanudeya ayu kalintang / lumampah kalih rowang / katingalan saking gunung / yèn munggah maring petapan //*

Radèn Sarkam namanya / bertapa di puncak gunung / ia melihat / seorang perempuan yang jelita / berjalan berdua / terlihat dari puncak gunung / naik menuju pertapaan //

5. *Lir tinuduhaken iki / amunggah maring petapan / wus janjining Yang Manon / wong utang nahur ika / lawan satimbang ira / Tahil Juwarsah alungguh / arèrèn soring petapan //*

Seolah ditunjukkan jalannya / naik menuju pertapaan / telah menjadi takdir Tuhan / orang berhutang harus menebusnya / dengan yang setimpal / Tahil Juwarsah duduk / istirahat di bawah pertapaan //

6. *Radèn Sarkam aningali / dhateng reké Sarawulan / kelangkung dadi tapané / kaya tah wurunga tapa / saking dadining tapa / dadéya kukuh tapané tan émut / yèn cubaning Yang Sukma //*

Radèn Sarkam mengawasi / sosok Sarawulan / laku tapa yang sangat luar biasa / seolah ingin diurungkan tapanya / menjadi pertapa / kukuh bertapanya tiada ingat / jika itu cobaan dari Tuhan //

7. *Tan wurung mangké sun ambil / sun wèhaken dulur ingwang / pantes dadéya rabiné / sang nata sampun utusan / Radèn Sarkam*

bermanteya / nulya menthang panahépun / pinanah Tahil Juwarsah //

Akan kuambil saja (perempuan itu) / kuberikan kepada saudaraku / pantas menjadi isterinya / sang raja yang telah memerintah / Radèn Sarkam diliputi nafsu / meregangkan panahnya / dipanahkan ke Tahil Juwarsah//

8. *Radèn Sarkam amarani / si Narawulan karona / Radèn Sarkam angling alon / wong ayu sampun karona / sira lakiya nata / ing Burgam sadulur ingsun / ratu anyakerabuwana //*

Radèn Sarkam mendatangi / Narawulan berurai air mata / Radèn Sarkam berujar pelan / sang jelita jangan menangis / kau menikahlah dengan raja / Raja Burgam saudaraku / raja seluruh jagat //

9. *Meneng amicaréng ati / iya mati déning wang / anging pira kut*[97] *ing wong / wanudeya melarat ika / tan kenèng lumampah / radèn Sarkam alon muwus / lah yayi sira nungganga //*

(Narawulan) terdiam berujar dalam hati / ia (raja) yang mati olehku / namun seberapa kuat diriku ini / perempuan papa / tiada sanggup melangkah / Radèn Sarkam berujar / mari naiklah //

10. *Anunggang unta yayi / anulya samya anunggang / sedaya*[98] *nunggang wuriné / si Narawulan angucap / duh pangéran kawula / lara kesabeting buntut / lir pejah sira kawula //*

Menunggang unta / lalu keduanya menunggang (unta) / sang jelita menunggang di bagian belakang / Narawulan berujar / duh, diriku ini / sakit tersabet ekor unta / seperti mati rasanya diriku ini //

[97] Silap tulis. Seharusnya *kuat* (kuat).
[98] Silap tulis. Seharusnya *sang dyah* (sang jelita; putri).

11. *Yayi nungganga ing ngarsi / pun kakang nunggang ing wuntat / pangéran ajerih ketangong / yèn suwawi karsa dika / sun tugelé buntutnya / yayi sakarsa niréku / Radèn Sarkam asung pedhang //*

Kau menungganglah di depan, dinda / aku akan menunggang di belakang / diriku takut, pangéran / jika kau setujui / kupotong saja ekor untanya / terserah kamu, dinda / Radèn Sarkam memberikan pedangnya //

12. *Dèn unus pedang iréki / nuli kenèng*[99] *buntut sira / pinedhang sirah tan alon / tugel mustakanira / anuli tiba ing lemah / Radèn Sarkam nulya lampus / tumurun si Narawulan //*

Maka dihunuslah pedangnya / lalu (Narawulan) berada di belakang / dengan cepat kepala (Radèn Sarkam) ditebasnya / terpenggallah kepalanya / lalu terhempas ke tanah / Radèn Sarkam tewas / Narawulan turun (dari untanya) //

13. *Anulya agelis lumaris / perapta anungkemi padha / dèn rangkul mangké lakiné / datan pegat tinangisan / déning si Narawulan / sarwi tah panedhanipun / maring kang murbèng jagad //*

Ia lalu segera melangkah / tiba bersimpuh / dipeluknya jasad suaminya / tiada putus tangisnya / Narawulan / memanjatkan doa / kepada Sang Penguasa Jagat //

14. *Tan pegat panedha néki / mengkana sira asalat / tansah angembeng waspané / bakda isa mangké asalat / awatara pitung dina / wus basah maksi pinangku / kebak singgat awakira //*

Tiada putus ia bermohon / ia pun melaksanakan salat / senantiasa berurai air matanya / seusai waktu Isya ia melakukan salat / sekitar tujuh hari lamanya / telah busuk

[99] Silap tulis. Seharusnya *anèng* (ada di).

(mayatnya) masih dipangkunya / badannya penuh dengan belatung //

15. *Wus jangkep setengah sasi / yata sira katurunan / utusanira Yang Manon / kekalih arupa naga / ana ing ngarsanira / si Narawulan andulu / baya iki marga ningwang //*

Genap setengah bulan / ia kedatangan / sosok utusan Tuhan / dua naga / ada di hadapannya / narawulan menatapnya / apakah ini jalanku //

16. *Perapta ingarsa nirèki / anulya gelut kang naga / asahut-sinahut ramé / awulat-pinulat saméya / ana ingarsanira / aramé sahut-sinahut / naga kang sawiji pejah //*

Tiba di hadapannya / kedua naga itu bertarung / sambar menyambar / saling bergumul / di hadapannya / riu rendah bertarung / salah satu naga mati //

17. *Yata naga ingkang urip / anulya ngambil babakan / wus dèn semburaken réko/ ing naga kang mati ika / nulya urip kang naga / waluya kadi ing dangu / nulya ilang punang naga //*

Naga yang masih hidup / ia lalu mengambil kulit kayu / segera disemburkannya / ke naga yang telah mati itu / seketika naga itu hidup / pulih seperti sediakala / tiba-tiba kedua naga itu lenyap //

18. *Si Narawulan ningali / ing tingkahé naga ika / amicaréng jero atiné / naga ika tan samanya / baya sasmita ing Yang / awèh pitulung maringsun / baya kinèn aniruwa //*

Narawulan menyaksikan / perilaku naga itu / ia berujar dalam hati / bukankah naga itu seolah / petunjuk dari Tuhan / memberikan pertolongan kepadaku / menyuruhku untuk menirunya //

19. *Déné naga ingkang mati / sinembur anulya gesang / babakan ika dèn gawé / anulya si Narawulan / sigera ngambil babakan / apan kinarya sasembur / dhateng lakiné punika //*

Naga yang telah mati itu / disembur hingga hidup kembali / kulit kayu itu yang digunakan / lalu Narawulan / segera mengambil kulit kayu / lalu ia semburkan / pada (jasad) suaminya itu //

20. *Sinambur sapisan niki / tum-tum bebalung sedaya / ping kalih dèn sembur réko / tum-tum kulit dagingira / sinembur kaping tiga / anglélir anulya lungguh / sarwi angusapi waspa //*

Disemburkan sekali / menyatu tulang-tulangnya / disembur kedua kali / menyatu kulit dan dagingnya / disemburkan ketiga kalinya / Juwarsah terbangun lalu duduk / seraya mengusap air mata //

Pupuh 9
Sinom



1. *Sawusé muji Yang Sukma / Tahil Juwar dèn sungkemi / dènira si Narawulan / kinekepan dèn sungkemi / kakang gusti mami / kelangkung panedha ningsun / panggéya dunya ahérat / kakang margandika ngelélir / amba sinung pitulung déning Yang Sukma //*

Seusai berucap syukur kepada Tuhan / bersungkem kepada Tahil Juwarsah / sang Narawulan / bersungkem dan dipeluknya / kanda, pujaan hatiku / aku bersungguh-singguh memohon / dipertemukanmu di dunia maupun akherat / itulah yang membuatmu hidup kembali / diriku mendapat pertolongan Tuhan //

2. *Kakang sun sembur tah dika / kelawan babakan iki / langkung gagatun Juwarsah / dhuh mas mirah ingsun yayi / nora bisa malesi / sihira dhateng maringsun / yayi pangéran uga / kang kuwasa amalesi / nulya késah Juwarsah mangké lon-lonan //*

Dirimu kusembur, kanda / dengan kulit kayu ini / Juwarsah berkecil hati / duh, dinda permata hatiku / tiada bisa diriku membalas / cintamu kepadaku / hanya Tuhan / yang kuasa membalasnya / Juwarsah lalu perlahan beranjak //

3. *Awatara pitung dina / lepas lampahé lumaris / yata kalangan bengawan / Juwarsah lingira aris / ingsun lumampah uni / nora ana bengawan agung / kakang saméya naberang / yayi nora bisa ngelangi / yata ana Bermana jejukungan //*

Sekitar tujuh hari lamanya / menempuh perjalanan / terhalang oleh sungai / Juwarsah berujar / rasanya saat diriku menempuh perjalanan dulu / tak ada sungai besar / kanda menyeberanglah / diriku tiada bisa berenang / tiba-tiba ada Brahmana lewat dengan perahu //

4. *Gawéné akarya amal / sing wong liwat dèn saberangi / tan pegat jejukungan / kakangé tapa ing wukir / Radèn Sarkam namanéki / sadulurira sang perabu / ing Burgam pinatènan / Juwarsah lingira aris / sang Bermana sun adhang saésih dika //*

Senantiasa berbuat kebajikan / orang yang lewat ia bantu seberangkan / tiada pernah berhenti perahunya / kakaknya seorang pertapa di pegunungan / Radèn Sarkam nama kakaknya / saudaranya adalah raja / di negeri Burgam yang telah terbunuh / Juwarsah berujar lembut / Brahmana, kutunggu di seberang //

5. *Sumahur punang bermana /singgih reké sun seberangi / anging tah jukung manira / tan kena dipun tunggangi / wong tetiga tan keni / Juwarsah alon amuwus / yayi sira nungganga / kerihin mangké sun kèri / anaberanga si Narawulan tan arsa //*

Sang Brahmana menjawab / baiklah nanti kuseberangkan / namun perahuku / tiada dapat dinaiki / tiada bisa bertiga / Juwarsah berujar / dinda, kau naiklah / aku naik berikutnya / Narawulan rasanya tiada ingin menyeberang //

6. *Sang bermana wus tumingal / tan pegat sira ningali / kelangkung berangta angarang / yata kebimbang siréki / iki wong ayu luwih / selawasé sun andulu / durung tumon mengkana / warnané angliwati / pantes sira rabiné sadulur ingwang //*

Sang Brahmana telah tiba / tiada putus ia memandang / teramat terpesona dibuatnya / dirinya bimbang / ia perempuan yang cantik sekali / selamanya aku menyaksikan / tiada pernah yang sepertinya / wajahnya amat mempesona / sepantasnya ia menjadi isteri saudaraku //

7. *Mapan dulur ingsun tata / ing Burgam durung arabi / sang Bermana lingnya ngucap / bagus nedha sapa dhepin / Juwarsah angling aris / yèn dèn percaya iku / dèn pasrah ing pangéran / Juwarsah naberang kerihin / binakta mélir datan katingalan //*

Karena saudaraku berkedudukan / sebagai raja yang belum beristeri / sang Brahmana berujar / anak bagus, siapa yang naik dahulu / Juwarsah berujar / jika percaya / kupasrahkan kepada Tuhan / Juwarsah menyeberang terlebih dahulu / berangkat ke tepian tiada kelihatan //

8. *Mèh perapta ing saberang wétan / ginunjing tiba ing warih / Juwarsah agulagepan / Bermana balik tumuli / perapta pernahiréki / si Narawulan kadulu / kinèn munggah tah sira / pinelayokaken agelis / pan binakta paran-parané ika //*

Hampir tiba di seberang timur / diguncang jatuh ke air / Juwarsah gelagapan / sang Brahmana berbalik arah (meninggalkannya) / tibalah ia di hadapan / si Narawulan / disuruhnya untuk naik perahu / lalu segera dilarikannya / serta merta dibawanya //

9. *Si Narawulan angucap / ingsun binakta maring ngendi / panggihena lakiningwang / sang Bermana anahuri / mirah sun gawa mélir / mering negara Burgam iku / sadulur ingsun nata / ing Burgam durung arabi / sun wèhaken sira ing sedulur ingwang //*

Narawulan berkata / diriku hendak dibawa kemana / pertemukan aku dengan suamiku / sang Brahmana menjawab / jelita, kau kubawa / menuju negeri Burgam / saudaraku

adalah raja / di Burgam dan belum beristeri / dirimu akan kuberikan kepadanya //

10. *Sandéyah anglek manahira / kumambeng waspanya mijil / tan wikaning polahira / adangu mangké siréki / yata ana uwoh iki / abang-abang wohipun / si Narawulan mujar / kakang yèn dika asih / ayun temen kawula ing elo ika //*

Betapa sedih hati Narawulan / air matanya mengalir / tiada dibayangkan keadaan hatinya / setelah beberapa lama / ada pohon beringin / buahnya berwarna merah / Narawulan berkata / jika kau mengasihaniku / aku ingin sekali buah beringin merah itu //

11. *Pejah yèn tan buktiya / sang Bermana angling aris / sampun mentas ing dharatan / sampun lunga saking ngeriki / ingsun memènèk yayi / Bermana memènèk sampun / anungsung sira muncak / katungkul amilihi / Sarawulan sinungan tingkah déning Yang //*

Aku akan mati jika tak memakannya / sang Brahmana berujar / jangan turun ke daratan / jangan pergi dari sini / aku akan naik, dinda / sang Brahmana telah memanjat pohon / ia berada di puncaknya / mengendap-endap memilih buah / Sarawulan seolah mendapat petunjuk Tuhan //

12. *Nulya ngambil ri ning pélang*[100] */ sinangkereb mangké wit néki / sang Bermana datan wikan / sedaya tumurun ningali / nulya wawelahan agelis / maring pernahé lakiningsun / sang Bermana tumingal / kelangkung bermanteya néki / sigera mudhun kalangan ing eri kathah //*

Lalu ia mengambil duri dari pohon akasia berduri / diselangkupkannya ke pohon beringin / sang Brahmana tiada tahu / hendak turun melihat / Narawulan lalu segera

[100] Silap tulis. Seharusnya *pilang* (akasia berduri).

mendayung perahunya / menuju ke tempat suaminya / sang Brahmana melihatnya / ia amat murka / ia segera turun namun terhalang duri yang padat //

13. *Tan wikaning polahira / sang Bermana bekis-bekis / kenabo ana ing ngepang / dadéya lampahé lumaris / perapta pernahiréki / lakinya datan katemu / meneng sarwi karuna / dhuh pangéran maring ngendi / yakti pejah kawula tan panggiya //*

Tiada terkira temperaménnya / sang Brahmana menyumpah serapah / berada di dahan pohon / (sementara) Narawulan berjalan / tiba di tempat / suaminya namun tak menemukannya / ia terdiam seraya menangis / ya Tuhan di manakah / jika sungguh ia telah mati maka diriku tak akan bisa bersua //

14. *Nora bisa dika tilar /... / ... / ... kang kahesthi*[101] */ ika wong wadon luwih / kang sateya tuhu ing kakung / kekasih ing Yang Manon / kang tinedha marga hadi / datan pegat sira cobané Sukma //*

Tiada bisa ditinggalkan /... / ... / ... yang dititahkan / kau adalah perempuan utama / yang setia dengan suami / dikasihi oleh Tuhan / yang memohon jalan keutamaan / tiada putus cobaan dari Tuhan //

15. *Yèn sira maksi wanudeya / agung bencana niréki / rupaha wong lanang sira / dèn susu nira iki / titipna tumuli / ing kayu cangkering puniku / rambutira awèhena / ing kayu waringin agelis / yata sinungken mangké rémanira //*

Jika dirimu masih berwujud perempuan / bencana besar akan menimpa / beralihlah wujud menjadi lelaki / payudaramu / segera titipkanlah / di pohon dadap berduri itu / rambutmu

[101] Terdapat dua larik teks dan satu kata yang hilang jika menurut metrum sinom.

taruhlah / segera di pohon beringin / maka ditaruhlah rambutnya //

16. *Susu rambuté wus ilang / lir kakung waluya jati / apélag ing warnanira / kadi widadari*[102] *suwargi / si Narawulan angling / èstu suwara kang karungu / asih temen Yang Manon / sedaya lampahé lumaris / sampun lepas angliwati peringgabaya //*

Payudara dan rambut Narawulan telah lenyap / tampak seperti lelaki sejati / tampan wajahnya / seolah dewa surga / Narawulan berujar / sungguh benar suara yang kudengar tadi / Tuhan maha pengasih / bersiap meneruskan perjalanan / telah dilaluinya segenap marabahaya //

17. *Anusup angayam alas / tan kétang ing marga pati / rahina wengi lumampah / tan pegat panedhanéki / ing Yang kang murbeng jati / panggihena lakiningsun / sampun agé pelastera / yèn durung panggih lan mami / awatara tengah sasi laminira //*

Menyusup seperti ayam alas / tiada terkira jalan kematian / siang malam berjalan / tiada putus bermohon / kepada Tuhan sejati / pertemukanlah dengan suamiku / janganlah ia mati / jika belum bertemu denganku / sekitar setengah bulan lama perjalananya //

18. *Nulya dungkap wawukiran / ing tepis wiring paminggir / perapta ing negara mangko / malebeting kitha agelis / kathah wong ningali / sing kepapag leng-leng mangu / bebakul sambiwara / umeyeng gumuruh padha angling / anjejawat ana kang ambalang kembang //*

Lalu sampailah di perbukitan / di perbatasan negeri / tibalah di ibu kota / memasuki kota / banyak orang menatapnya / yang berjumpa dengannya terkagum-kagum / segenap pedagang / riuh rendah berujar / memeganginya dan ada yang menaburinya dengan bunga //

[102] Silap tulis. Seharusnya *widadara* (dewa).

19. *Akèh wong berangta angarang / sing tumingal padha berangti / si Narawulan angucap / sing kepapag saméya angling / ingendi aranéki / muwah jejuluking ratu / sumahur sambiwana / wastané negara iki / ing Betalsah wastané negara ika //*

Banyak orang terpesona / yang melihatnya dimabuk asmara / Narawulan berujar / yang berjumpa dengannya semua berujar / negeri manakah namanya ini / juga nama rajanya / sang pedagang menjawab / nama negeri ini / negeri Batalsah namanya //

20. *Anging tah mangké sang nata / kepatèn sang raja puteri / kelangkung warnané pélag / awayah sedasa warsi / langkung surem sang aji / arsa milu karsanipun / tan pegat cinekelan / sayumboroné sang aji / yèn anaha kang sanggup anguripena //*

Namun sang raja / baru saja ditinggal mati putrinya / yang berparas jelita / yang berumur sepuluh tahun / sang raja amat berduka / serasa ingin ikut mati / tiada lepas dari pegangannya / sang raja membuka sayembara / jika ada yang sanggup menghidupkan sang putri //

21. *Aserah puteri lan negara / muwah saisining puri / sedaya mangké nulya késah / maring penangkilan agelis / pepek sagunging manteri / lelurah dipati agung / si Narawulan perapta / alinggih sandhingé manteri / keh punggawa pan sami leng-leng tumingal //*

Akan diserahi kerajaan dan sang putri / beserta segenap isi istana / Narawulan bersiap pergi / menuju balai penghadapan / penuh dengan segenap menteri / lurah dan para adipati / Narawulan tiba / duduk di samping menteri / banyak punggawa yang takjub melihatnya //

Pupuh 10
Durma



1. *Ki parekan alon dènira atetanya / pundi rupané mangkin / kang sanggup punika / matur para naléndera / punika wartané singgih / kang sanggup ika / anguripena radèn dèwi //*

Para isteri di istana bertanya / mana orangnya / yang sanggup itu / para bangsawan berkata / orang itu kabarnya / yang sanggup / menghidupkan sang putri //

2. *Angendika sang nata maring kipatéya / bagus manira iki / ingutus sang nata / angundang jeng andika / angendika seri bupati / mangké linggiya / dèn parek lawan mami //*

Sang raja bertanya kepada patih / pemuda tampan / diutus oleh raja / mengundangmu / sang raja berkata / kesini duduklah / mendekatlah kepadaku //

3. *Sira sanggup nguripaken anakingwang / yèn urip anak mami / aserah ingsun ing sira / muwah isining pura / sira jumenenga haji / anéng Betalsah / mengkana karep mami //*

Kau sanggup menghidupkan anakku / jika anakku hidup / akan kuserahkan kepadamu / beserta segenap isi istana / kau akan kunobatkan sebagai raja / di Batalsah / demikianlah harapanku //

4. *Sarawulan anembah sarwi angucap / lan barkaté narpati / dawek tah sang nata / lah reké memajanga / ngadi-adi jero puri / ingarsa ningwang / mangké dhateng sang aji //*

Sarawulan menyembah seraya berkata / atas restu sang raja / mohon paduka / siapkanlah peraduan / yang indah di dalam istana / di hadapanku / (bermohon) pada sang raja //



BANYUWANGI
SATYA BHAKTI PRAJA MUKTI

Pupuh 11
Megatkarsa



1. *Dèn kocapa sang nata alon amuwus / tansah sira / berangta kin-kin / tan kena pangan lan turu / lir pindah idan sang kaji / rahina wengi karuna //*

Dikisahkan sang raja bersedih / ia senantiasa / dilanda duka lara / tiada bisa makan dan minum / sang raja seperti orang gila / siang malam berurai air mata //

2. *Punang mayit rahina wengi pinangku / tan awèh pinendhem mangkin / wus perapta ing gangsal dalu / kang putera pinangku malih / tansah kentaka sang katong //*

Sang mayat putrinya dipangkunya siang dan malam / tiada boleh dikuburkan / telah berlangsung selama lima malam / jasad sang putri senantiasa dipangkunya / sang raja sering tak sadarkan diri //

3. *Kaya pati malebeting dalem agung / umatur ing seri bupati / mandheg sarya awot santun / sang nata ngandika aris / bapa dèn parek maringwang //*

Sang patih memasuki istana raja / melapor kepada sang raja / menghentikan langkahnya seraya menyembah / sang raja berujar / mendekatlah kemari //

4. *Akarya bapa marek marang sun / ki patih umatur aris / punika jengan pukulun / wonten mangké petik aji / anguripaken nakingwong //*

Mendekatlah padaku / sang patih berkata / baiklah, paduka / ada seorang abdi / yang sanggup menghidupkan putri paduka //

5. *Gih punika wong Sahalsah sanggup / sang nata ngandika aris / bapa timbalana iku / utusan miyos ing jawi / wus perapta pasében mangko //*

Dia yang sanggup itu orang Sahalsah / sang raja berujar / panggillah orang itu / utusan keluar / tiba di balai penghadapan //

6. *Kang pedhekan padha takèn siréku / pundi warnané kang jalim*[103] */ kalangkung maring sang perabu / para manteri duduh sira puniki / warnané kang wong //*

Para isteri di istana bertanya / mana orangnya yang dihormati / dengan sangat oleh sang raja / para menteri menunjukkan / orang yang dimaksud //

7. *Kang pedhekan sedaya wus mangkat wahu / perapta saméya matur aris / sira angutus perabu / angadhang pakaniréki / pangandikané sang katong //*

Para isteri di istana telah berangkat / tiba seraya berujar / sang raja mengutus / menjemputmu / demikianlah perintah raja //

[103] Silap tulis. Seharusnya *alim* (berilmu, dihormati).

8. *Pan riyangkat Sinarawulan malebu / saperaptané dalem puri / amandek sarya awot santun / sang nata ngandika aris / lah dèn parek ngarsa ningong //*

Sinarawulan pun masuk / setibanya di dalam istana / berhenti seraya menyembah / sang raja berujar / mendekatlah kepadaku //

9. *Sira sanggup anguripaken nak ingsun / yèn uripa nak mami / sun serahaken ing siréku / muwah saisining puri / sira jumenenga katong //*

Kau sanggup menghidupkan putriku / jika putriku hidup / kuserahkan ia kepadamu / beserta segenap isi istana / kau kunobatkan sebagai raja //

10. *Sarawulan anembah sarya umatur / dhumateng ing seri bupati / dhaweg mangké tah sang perabu / karyaha pajangan nuli / ingkang sarwa indah luhung //*

Sarawulan menyembah seraya berkata / kepada sang raja / mohon paduka / siapkanlah peraduan / yang indah dan utama //

11. *Sawusira memajang kang sarwa luhung / Sarawulan matur aris / punika mené pukulun / sarékena wisma adi / tangkebena lelangsé kahot //*

Seusai disiapkan ranjang indah / Sarawulan berkata / sekarang demikian, paduka / baringkanlah sang putri di peraduan / tutuplah dengan tirai yang indah //

12. *Sinèlèhken kang mayid mangké pinangku / kang sami tumangkéb sami / seri Narawulan malebu / ing jero pajangan agelis / yèn tan ana wong kang weruh //*

Dibaringkanlah jasad yang dipangkunya / ditutup rapat (dengan tirai) / Narawulan masuk / ke dalam peraduan / tak ada orang bisa melihatnya //

13. *Dèn uculi babuntulé radèn galuh / nguculi buntel néki / sisané tamba kelangkung / duk kang raka mati uni / punika nguripaken wahu //*

Narawulan membuka kain yang menutupi sang puteri / ia buka sebuah bungkus / sisa obat mujarab / yang dulu pernah untuk suaminya yang mati / yang bisa menghidupkan //

14. *Wus dèn pamah babakan mangké puniku / pan sinemburken agelis / kang pejah wus anglélir / sampun si Narawulan dèn lirik / kasmaran ing polahipun //*

Telah dikunyahnya kulit kayu itu / lalu disemburkan segera / yang mati beranjak bangun / ia menatap Narawulan / hatinya dilanda asmara //

15. *Karsanépun amiyak radèn galuh / pan cinandhak asta néki / si Narawulan amuwus / dhuh mas mirah mami / kakang sampun késah juwita ningwang //*

Sang putri hendak membuka tirainya / tangan Narawulan dipegangnya / Narawulan berujar / duh, permata jelita / kanda jangan meninggalkanku //

16. *Jengandika sinungken maringsun / manira kang andarbéni / pan wus dadi karwa ningsun / puteri ika meneng tanpa ngeling / tumingal ing kakang bagus //*

Dirimu memang telah diberikan untukku / diriku yang memilikimu / sudah menjadi jodohku / sang putri terpaku tiada mengucap / menatap lelaki tampan rupawan //

17. *Sarawulan ambuga radèn galuh / arsa marek ing sang aji / angaturaken dèn ayu / atur uninga sang aji / punapa karsa sang katong //*

Sarawulan mengajak sang putri / mendatangi sang raja / menghaturkan sang putri / untuk mengetahui sang raja / bagaimanakah kehendaknya //

18. *Saperaptané ingarsanira sang perabu / sang nata tumurun aris / gupuh rinangkul tah siréku / nora nyana mirah adi / pan sira mati nak ingwang //*

Setibanya di hadapan sang raja / sang raja berujar / seraya gugup merangkulnya / tiada kusangka permata hatiku / kau telah mati, anakku //

19. *Lir wong édan ingsun mirah bapa téngsun / tansah ageng wuyung mangké / perapta sira nini puniku / serahaken sira jangji / punika jodhoniréku //*

Seperti orang gila diriku ini / senantiasa berduka lara / kesinilah putriku / janjiku kuserahkan / ia adalah jodohmu //

20. *Tan kawarna ing margabawahépun / sampuné dangu apanggih / kelawan radèn galuh / perapta ing dewasa néki / anging dèrèng sapatemun //*

Tiada dikisahkan perkawinannya / (Narawulan) telah lama menikah / dengan sang putri / hingga usia sang putri dewasa / namun belum pernah berhubungan badan //

21. *Yen angajak marek mangké ing sang perabu / akathah kalewed*[104] *néki / sang puteri amuwus aris / bosen tah dèn samayani / kapan sih katiban ingong //*

[104] Silap tulis. Seharusnya *kaliwat* (terlewat).

Jika sang putri mendekatinya / banyak yang dlewatkan / sang putri berujar / bosan rasanya ditangguhkan terus / kapan tiba giliranku //

22. *Sarawulan angaras sarwi rinangkul / mirah dèn sabar yayi / kepalang gedhé nireku / sang puteri amelas asih / ing kapan nyangkeraméng ngong //*

Sarawulan membelai seraya memeluknya / permata hatiku, sabarlah / ada halangan besar / sang putri bermohon penuh kasih / kapan akan bercengkerama denganku //

23. *Kapan baya sang nata asih maringsun / kayapa sun apanggih / sawenèh wong dalem agung / anggaguroken dèsthi / dèn aterapaken ing pungkur //*

Kapankah sang raja (Narawulan) akan jatuh cinta padaku / bagaimana menikah dengannya / (demikianlah yang ada dalam pikiran) orang-orang (perempuan) di istana / (diam-diam) menggunakan guna-guna / dilakukan di belakang //

Pupuh 12
Pangkur



1. *Kara*[105] *ningsun tah mengkana / karsa ningsun dana dinar pakir miskin / anggawéya bangsal agung / lan malih karep ing wang / juru saji uliya wong patang atus / sampun telas karsa ningwang / wonten catur ta candréki //*

> Narawulan berharap / ia ingin menyumbangkan harta untuk fakir miskin / dan membangun bangsal agung / dan ia ingin ada sajian dengan empat ratus pelayan / jangan sampai habis (sajiannya) / hingga empat bulan lamanya //

2. *Risampunira mengkana / lawan malih sun sungi gambar adi / sun terapi kencana luhung / anging ana sun petha / jeroning gambar tingkahé wong ina iku / sampun telas pengandika / nira mangké sang aji //*

> Sesudah (selesai bangsal itu) / akan kutambahi dengan lukisan indah / berlapiskan emas / akan kugoreskan / padanya gambaran tentang perjalanan hidup orang papa itu (Juwarsah) / usai sudah titah / sang raja (Narawulan) //

[105] Silap tulis. Seharusnya *karsa* (kehendak).

3. *Ki patih amit anembah / amituhu sabdanira sang aji / agelis dèn periksa sampun / madé wus dadi ika / lan sagungé juru saji wus akumpul / ki patih matur anembah / bapa dèn parek ingriki //*

Sang patih berhatur sembah / mematuhi perintah raja (Narawulan) / segera ia mengontrol (pengerjaannya) / bangunan bangsal telah jadi / segenap pelayan sudah disiapkan / sang patih berhatur sembah / patih, mendekatlah kemari //

4. *Yèn mangké ana wong perapta / tur dèn aras kasmaraning mami / sarupané wong iku / nadeyan mangké punapa / lah cekelen aturena maringsun / sun patènané ika / ki patih umatur aris //*

Jika nanti ada orang datang / menyentuh (lukisan) dan amat tergila-gila dengannya / siapapun orangnya / meski bagaimanapun (keadaannya) / bawa kepadaku / akan kubunuh nanti / sang patih bersiap melaksanakan //

5. *Risampunira mengkana / kawarnaha mangké wong naningali / lanang wadon aselur / rondha perawan ulanjar / gedhé cilik tuwa anom padha rawuh / akathah wong ananingal / sesek jejel anéng jawi //*

Seusai kemudian / dikisahkan tentang orang yang datang melihat / laki-laki perempuan beriringan / janda, perawan, maupun yang tak memiliki anak / besar, kecil, tua, muda semua datang / banyak orang yang melihat / penuh sesak orang berada di luar //

6. *Sagungé wong padédésan / lan wong gunung mirah sira wong pasisir / lan wong dagang puniku / bebakul sambiwara / sekathahé tumingal tan ayun mantuk / ki patih lingira ngucap / ing sagungé juru saji //*

Segenap orang desa / orang di pegunungan dan di pesisir / juga para pedagang / dan saudagar / semuanya turut melihat tiada ingin pulang / sang patih berujar kepada semua pelayan //

7. *Lah iya tunggunen ika / amba wangsul marek seri narapati / ki patih agelis malebu / mendheg sarya wot sekar / sampun dadi cerabakan agung / sang nata aris ngandika / lah terapena gambar mami //*

Kalian tunggulah di sini / aku akan melapor kepada paduka raja / sang patih segera masuk (istana) / berhenti seraya berhatur sembah / telah selesai balai agung / sang raja berujar / pasanglah lukisanku //

8. *Anging gambar manira / ceritané Juwarsah dok ing rabi / nulya kedalem iku / lan malih ujar ingwang / dok amangan anginum lawan sang perabu / lawan malih tutur ingwang / Juwarsah dok mati ing wukir //*

Demikianlah lukisanku / kisah tentang Juwarsah dan isterinya / lalu masuk / dan kemudian ia berujar lagi / (gambar) saat makan dan minum dengan Juwarsah / dan sang raja berujar lagi / (gambar) saat Juwarsah mati di gunung //

9. *Tur inguripaken ingwang / wonten malih tuturira mangkéki / dok naberang bengawan agung / ika suwarané gambar / perabu anom alon dènira amuwus / kéyana patih poma-poma / undangen maring jawi //*

Lalu kuhidupkan / ada lagi tutur sang raja / (gambar) saat mereka menyeberang sungai besar / demikianlah gambar itu / sang raja berujar pelan / patih, kuperintahkan / bawalah (gambar itu) ke luar //

Pupuh 13
Artati



1. *Tan kawarna kang jumeneng aji / kawarnaha mangké Juwarsah / antuk rahmating Yang reké / wus mentas saking banyu / lampahira amandheg nuli / anurut pinggir toya / lampahé andarung / yèn waktu rèrèn asalat / ananedha ing Yang kang murbèng jati / muga pinanggihena //*

Tiada dikisahkan ia yang menjadi raja (Narawulan) / dikisahkan tentang Juwarsah / yang mendapat limpahan kasih sayang Tuhan / ia telah keluar dari air / berjalan tiada henti / jika tiba waktu istirahat ia melaksanakan salat / berdoa kepada Tuhan penguasa sejati / semoga dipertemukan (dengan Narawulan) //

2. *Selaminé pisah siréki / lan kang rayi nora adhahar toya / amung puji lan baktiné / amung sariranipun / ingkang kétang rahina wengi / mengké kabejan pisah / pan sayan ngelangut / wus andungkap kalih candera / laminira lumampah rahina wengi / tan kétang peringgabaya //*

Selama ia berpisah / dengan Narawulan dirinya tiada makan dan minum / hanya puji dan bakti / hanya sosok (Narawulan) / yang diingatnya siang malam / kebahagiaan yang dipisahkan / bertambah-tambah kesedihannya / hingga genap dua bulan / lamanya ia berjalan siang dan malam / tiada terkira bahaya mengancam //

3. *Sarirané kari balung kulit / karika kelawan garjita / nora kandel kelalaré / tan kétang durgam iku / angulati marganing pati / ingendi paran ningwang / yayi mirah ingsun / yèn dika palastera / aja ganti yèn dika maksi urip / muga pinanggihena //*

Tubuhnya tinggal tulang dan kulit / hanya itu bersama angan-angannya / tiada henti ia mencari / tiada terhitung menempuh bahaya / mencari jalan kematian / di manakah tempatnya berada / dinda kekasih hatiku / jika engkau telah mati / jangan beralih, jika engkau masih hidup / semoga kita dipertemukan //

4. *Ki Juwarsah mangké aningali / Nagagini ika laku jinah / lawan ula kisi reké / garjita dènnya dulu / Tahil Juwarsah gawok ningali / dènira tanpa seja / ula kisi iku / pan dudu sesamanira / ula kisi perang wedana siréki / sun pisah nora kena //*

Juwarsah kemudian melihat / ular Nagagini sedang beradu asmara / dengan ular kisi / terheran-heran melihatnya / Juwarsah tercengang memandangnya / tanpa sengaja / sang ular kisi itu / bukan sejenis (dengan Nagagini) / ular kisi prangwadana / kupisahkan tiada bisa //

5. *Nulya pinedhang sang ula kisi / dadi tiga pan tugelé ika / wus pelastera sira mangké / kenèng buntutipun / pethitira sang Nagagini / langkung bermanteya nira / Nagagini iku / manusa kaliwat ala / sudi gawé lah iya sandhangan mangkin / rasané ati ningwang //*

Lalu dipedanglah sang ular kisi itu / terpotong menjadi tiga / telah tewas ia / terkena di bagian ekornya / ekor sang Nagagini

/ ia amat murka / Nagagini itu / manusia yang amat culas / sudi berbuat celaka, awas pembalasanku nanti / rasa hatiku ini //

6. *Sun awarah maring laki mami / lamun sira medhang maringwang / lan anak pinatèn reké / langkung tan suka téngsun / sira medhang buntut agelis / sira melayu inggal / tangisé pan aseru / wus perapta dhasaring toya / Ontabuga tumingaling garwa néki / perapta sarwi karuna //*

Akan kulaporkan ke suamiku / jika dirimu telah memedangku / dan anakku telah kau bunuh / diriku tiada pernah terima / kau pedang ekorku / ia pun segera berlari / seraya meluapkan tangis / tibalah ia di dasar air / Antaboga melihat isterinya / datang seraya berurai air mata //

7. *Ontabuga atakèning rabi / paran marga yayi karuna / sang Nagagini wuwusé / patènana katéngsun / nora suka sun wirang ésin / dèn perawasa manira / sarwi dèn perungkul / manira langkung tan suka / pan lumayu kawula dipun tututi / dèn pedhang buntut ingwang //*

Antaboga bertanya kepada isterinya / apa sebabnya kau menangis / Nagagini berujar / bunuhlah aku / aku tidak terima dipermalukan / diriku direnggutnya / seraya didekap / diriku tiada terima / diriku lari dibuntutinya / ekorku dipedang olehnya //

8. *Anak dika kakang wus dèn ambil / pan wus tilar saking ajerih ingwang / dènira medhang tah reké / sang Ontabuga bendu / wedana abang lir metu geni / langkung bermanteya nira / sarwi ngucap aseru / anéng ngendi kang menusa / sigera mangkat medal saking jero warih / melayu maring dharatan //*

Anak kita diambilnya / diriku takut maka kutinggalkan anak kita / ia telah memedangku / sang Antaboga memendam amarah / wajahnya merah menyala seperti api / ia amat murka / seraya

berseru / di manakah kau manusia / sontak ia pun keluar dari air / pergi menuju daratan //

9. *Mulat kidul kulon tan amanggih / mulat wétan wonten katingalan / lumayu alinggih reké / sarwi sira amangku / anakira sang Nagagini / puniku kina kudang / ingkang wus pinangku / ingelus-lus dènira / Ontabuga pareng wedana niréki / ilang bermanteya nira //*

Dicarinya ke selatan dan ke barat tiada menemukan / dicarinya ke timur ia melihat / seseorang duduk / seraya memangku / anaknya Nagagini / ia mengudang anak itu / yang telah dipangkuannya / dibelainya anak itu / sang Antaboga / seketika hilang amarahnya //

10. *Parmaning Yang murah sipat asih / Ontabuga andulu Juwarsah / welas asih panduluné / nulya micarèng kolbu / yèn alaha manusa iki / mangsa ta becika / maring anakingsun / sang Ontabuga angucap / éh manusa apa karepira iki / anyekal anakingwang //*

Disebabkan kasih sayang Tuhan / Antaboga menatap Juwarsah / belas kasih melihatnya / lalu berujar dalam hatinya / jika ia manusia buruk budinya / tak akan berlaku baik sedemikian / kepada anakku / Antaboga berujar / eh, manusia apa maksudmu / membawa anakku //

11. *Kagèt Juwarsah ngandika aris / weruhanira mangké Ontabuga / nora sun angalap reké / mangké isun atutur / rabinira lampah tan yukti / lan ula kisi ika / sun patèni sampun / sang Nagagini kapedhang / buntutépun anulya lumayu agelis / anaké dipun tilar //*

Juwarsah terkejut seraya berujar / ketahuilah hai Antaboga / diriku tiada mengambil anak ini / demikianlah kuhaturkan / isterimu berlaku tiada mulia / bersama ular kisi / (ular kisi) sudah kubunuh / Nagagini terkena pedang / ekornya, lalu ia melarikan diri / anaknya ditinggalkannya //

12. *Angelak*[106] *manahé tan kena ngeling / endi rupané bebathangé ika / ingsun ayun weruh rupané / tinuduhaken sampun / bebathangé sang ula kisi / lir buta ngemama / sang naga andulu / beramanteya nira kalintang / Natabuga wuwusé arum amanis / maring Tahil Juwarsah //*

Sedih hatinya tiada bisa berkata-kata / mana bangkainya (ular kisi) itu / aku ingin tahu wujudnya / lalu ditunjukkanlah / bangkai ular kisi / seperti raksasa hina / Antaboga menatapnya / murka dirinya / Antaboga berkata / kepada Juwarsah //

13. *Sekalangkung aterima yayi / déné sira atulung maringwang / amalesi wirang reké / nora duwé pemangsul / lan dadiya sanak sayakti / ing dunya ing akhérat / sun tedha Yang agung / yèn sira manggih karya / iki yayi kumala kesaktèn mami / tancebena ing lemah //*

Sedialah engkau terima / sebab engkau telah menolongku / membalaskan perbuatan cela / aku tiada bisa membalasnya / jadilah engkau saudaraku / di dunia maupun di akhirat / kumohonkan kepada Tuhan / jika engkau dalam peperangan / ini kuberikan permata saktiku / tancapkanlah di tanah //

14. *Kasaktèné yayi medal warih / nulya bena kang jagad buwana / dèn emban kang putera reké / yaya kantun bagus / poma yayi dèn yatna agé / Ontabuga mintar / saking ngarsanépun / Juwarsah kari sangsaya / mengak-menguk tinilar kari periyatin / kagagas atinira //*

Kesaktiannya akan mengeluarkan air / lalu banjir akan meliputi bumi / lalu digendonglah anaknya / seolah lalu berpamitan / Juwarsah, camkanlah / Antaboga pergi / dari hadapannya / Juwarsah merasa sedih / ditinggal pergi melongok dalam kegundahan / hatinya bermuram durja //

[106] Silap tulis. Seharusnya *angleg* (susah; sedih).

15. *Alon-lonan lumampahé lumaris / pinggir toya anurut bengawan / akathah sato aramé / singa werak*[107] *gajah iku / sénuk merak padha angéring / unta kelawan macan / kidang kancil iku / banthèng balgedabag*[108] */ pangidepé*[109] *anamberama inggal perapti / kadéya kèn arèrèna //*

Ia melangkah meneruskan perjalanan / menyisir sepanjang tepian sungai / dipenuhi banyak hewan / singa, badak, gajah / tapir, merak mengiringinya / unta juga macan / kijang, kancil / banteng, bagal / rasa hatinya tenang bersegera tiba / seolah disuruh untuk beristirahat //

16. *Tahil Juwarsah lampahé lumaris / ingusiké muga panggihena / lawan rabiningsun mangké / déning Yang maha luhur / sampun tuwan agé pejahi / panggihena sekedhap nétera / lawan rabiningsun / awatara pitung dina / siréng marga andukaping tepis wéring / paminggir padhédhésan //*

Juwarsah meneruskan langkahnya / dalam hatinya berdoa semoga dipertemukan / dengan sang isteri / oleh Tuhan maha mulia / semoga Tuhan tidak mengambil nyawanya / pertemukanlah barang sejenak / dengan isteri hamba / sekitar tujuh hari lamanya / ia di perjalanan lalu tiba di batas negeri / di pinggir sebuah desa //

17. *Sayan lepas lampahé lumaris / wus lumampah siréng padhédhésan / samarga tetakèn reké / ing pundi wastanipun / lan aranè ratuni reki / sumahur sambiwara / ing Bitalsah iku / wastané ingkang negara / perabu anom mangké kang jumeneng aji / bagus utamèng sastera //*

Langkahnya semakin dipercepat / telah sampai perjalanannya di sebuah desa / ia bertanya sepanjang jalan / di manakah ini

[107] Silap tulis. Seharusnya *warak* (badak).
[108] Silap tulis. Seharusnya *balgedaba* (bagal).
[109] Silap tulis. Seharusnya *pangidhep* (langit).

dan apa nama daerahnya / dan nama rajanya / para pedagang menjawab / ini negeri Bitalsah / nama kerajaannya / raja muda yang memerintah / cakap dan utama dalam sastra //

18. *Ki Juwarsah lampahé lumaris / antut marga lampahé katiwang / perapta jawi kitha reké / malebet kitha sampun / nulya sira mangké alinggih / ing balé cerabakan / agelis nulya lungguh / garjita sekèh tumingal / saméya gawok dèn senggih séthon mamedi / lir sinoming séthon //*

Juwarsah melangkah / sepanjang perjalanan / tiba di pinggiran ibu kota / ia telah masuk ibu kota / ia lalu duduk / di balai agung kerajaan / terperanjat segenap yang melihatnya / terkejut semua orang menyangka melihat setan / seolah sinomnya setan //

Pupuh 14
Sinom



1. *Kaliwoné mangké angucap / punika kang dèn arani / séthon lawéyan punika / kang sawiji angarani / dudu séthon lan ejim / pan manusa reké ika / sun awasaken mangko / wedanané luwih becik / lelurahé ambenthak sarwi angucap //*

Seorang lurah berujar / inilah yang dinamakan / biangnya setan / seseorang yang lain berkata / bukan setan atau jin / ia manusia / kuperhatikan dirinya / tampangnya lebih bagus / sang lurah membentak seraya berseru //

2. *Wong batur aja na ngucap / teka suguhena agelis / ki kuru kinèn linggiya / wus sira saméya alinggih / tutug dèn tetakoni / kinèn bukti datan ayun / Tahil Juwarsah amulat / ing gambar meneng tanpa ngeling //*

Para abdi jangan ada yang bicara / persilakan ia duduk /si kurus itu suruhlah duduk / setelah ia duduk / ia pun ditanyai / disuruh makan tiada mau /Juwarsah memandang / lukisan seraya terpaku tanpa berucap / jatuh di depan lukisan dan seketika pingsan //

3. *Ngelélir dènnya kentaka / alara dènira nangis / sesambaté melas arsa / ayun nyekel gambar agelis / tambuh polahan néki / anulya cinekel sampun / Juwarsah dèn rerampa / agelis katuring sang aji / peraptèng ngarsa ki patih matur anembah //*

> Telah siuman dari pingsan / ia bersedih seraya menangis / mengiba penuh belas kasihan / hendak memegang lukisan / semakin menjadi-jadi (kesedihannya) / lalu ia pun diringkus / Juwarsah ditangkap / segera dilaporkan kepada sang raja / sang patih tiba berhatur sembah di hadapan sang raja //

4. *Sang nata aseru ngandika / bapa binjang sun patèni / yèn sampun lemu ika / semono ingsun patèni / déné akuru aking / awelas ingsun andulu / yèn sampun lemu ika / semono ingsun patèni / kéyana patih matur sarya awot sekar //*

> Sang raja (Sarawulan) pun berkata / bapa patih, kelak ia akan kubunuh / jika orang itu sudah gemuk badannya / kalau seperti ini kubunuh / dengan badan kurus kering / aku merasa kasihan melihatnya / jika nanti sudah gemuk / akan aku bunuh / sang patih berujar berhatur sembah //

5. *Sang nata aseru ngandika / bapa gawanen dèn agelis / gawanen maring papungkuran / dèn keraksa pangan néki / lenga*[110] *burih wus sumandhing / cecawisané wus agung / risampunira mengkana / kocapa wong dalem puri / awurahan gumuyu alatah-latah //*

> Sang raja kemudian berkata / bapa patih, bawalah ia / bawa ia ke belakang / jaga dan siapkan makanannya / berikan dan siapkan ramuan boreh / segenap sesajian makanan / seusai demikian / dikisahkan tentang orang di dalam istana / riuh dalam tawa //

[110] Silap tulis. Seharusnya *lunga* (berikan).

6. *Dèn gawé apa sang nata / dana dina ing wong iki / adhadhukuh yèn uripa / matiya anenusahi / déné akuru aking / bebelungé padha metu / dhasar bangsa gandanya / andulu enek kepati / nora wurung wong ika wus badé mudar //*

Mau apakah sang raja / mendandani memberikan apa saja kepada orang itu / menghabiskan sajian apa saja selagi hidup / matinya pun menyusahkan / karena kurus kering / tulang belulangnya menonjol / sudah dari asalnya / melihatnya demikian jijik / tak urung orang itu akan mati //

7. *Tan kawarna lampahira*[111] */ Juwarsah angéring cethi / kelangkung sinuba-suba / sekarsané dèn turuti / geganda marubuk menging / sabuk keris saméya luhung / kopeyahé pinarang mas / acelana cindhé wilis / kampuh jingga ginebeyor rèjèng mas //*

Tiada disebutkan lamanya / Juwarsah diiringi para pelayan / ia amat dihormati / semua keinginannya dipenuhi / diberikan segenap wewangian / sabuk dan keris utama / kuluk berlapis emas / celana kain sutra / baju kebesaran bersulam emas //

8. *Warnanira tiningalan / gumuwang*[112] *cahya awening / bagusé tanpa tandhingan / néterané cahya manis / tengahnya manterem kéngis / tengkuké anglunging gadhung / jaja welar awijang / kukulé neratesing warsi / gerana rungi ulaté mandam kanginan //*

Paras mukanya terlihat / terang bercahaya / rupawan tiada tanding / matanya bersinar / pandangannya menenteramkan / tengkuknya seperti lekukan gadung / giginya tertata rapi / seperti tetesan hujan / hidungnya seolah bergoyang tertiup angin //

[111] Silap tulis. Seharusnya *lamanira* (lamanya).
[112] Silap tulis. Seharusnya *gumawang* (terang).

9. *Sekathahé paranata / leng-leng mangu tan kena angeling / weneh laki*[113] *lakiya suta / wenèh lali raga néki / ...*[114] */ déning berangtané kelangkung / perandéné tan keraksa*[115] */ mandelik umbelé mili / perandéné kang ati kaliwat éca //*

> Segenap orang menghormatinya / terpesona tiada bisa berucap / ada yang lupa suami dan anaknya / lupa dengan dirinya / ... / karena dilanda asmara mendalam / hingga tiada terasa / terbelalak matanya ingusnya mengalir / karena hatinya terlampau suka //

10. *Rondha ulanjar perawan / tanpa pegaté perapti / siyang dalu agebagan / anggawa semakta néki / muwah pawongan perapti / gedhang jambé suruh agung / ramé ing papungkuran / siyang dalu padha perapti / kang sawenèh ana kang ambalang kembang //*

> Janda dan perawan / tiada putus berdatangan / berduyun-duyun siang dan malam / membawa segenap barang bawaan / para nyai juga berdatangan / membawa pisang, jambe dan suruh / riuh di balai belakang istana / siang malam berdatangan / ada yang menyemburkan kembang //

11. *Ki kuru yèn den buang / ingsun arep anggadhuhi / bedohé dok lagi perapta / warnané anggagedhegi / malah nora ambukti / mangké rasané atiningsun / nadéyan doyana utang / ki kuru ingsun nahuri / nora kétang adol jasad manira //*

> Si kurus itu kalau dibuang / diriku siap mengambilnya / amat berbeda dengan saat ia datang / wajahnya berantakan / tiada mau makan / sekarang rasanya hatiku / meskipun ia suka berhutang / si kurus itu akan kulunasi hutangnya / meskipun diriku harus menjual diri //

---

[113] Silap tulis. Seharusnya *lali* (lupa).
[114] Terdapat satu larik teks yang hilang jika menurut metrum sinom.
[115] Silap tulis. Seharusnya *kerasa* (terasa).

12. *Tan kawarna polahira / kocapa mangké sang puteri / atakèning punang emban / biyang andika udani / kekasihé sang aji / ni emban anembah matur / ratu kawula wikan / warnané ki kuru uni / yèn sun wang-wang kadi bebalung rinejang //*

Tiada terkira tingkah mereka / dikisahkan tentang sang putri / bertanya kepada pelayannya / bibi, beritahukanlah / tentang kesayangan sang raja itu / sang pelayan berhatur sembah seraya berujar / yang hamba tahu (awalnya) / sosok si kurus itu / jika kuperhatikan seperti seonggok tulang //

13. *Wahu kawula tumingal / gagatunira tan sipi / warnané tanpa tandhingan / angulatana tan ulih / kadi gambar sang aji / pantes seduluring ratu / karané rinarengga / sang puteri amuwus aris / yèn mengkono biyang ingsun arsa wikan //*

(Namun) tadi hamba melihatnya / tertegun tiada kira / wajahnya (rupawan) tiada bandingannya / menatapnya tiada kuasa / seolah wajah sang raja / pantas jika ia saudaranya raja / karena demikian bercahaya / sang putri berkata / jika demikian aku ingin melihatnya, bibi //

14. *La tah biyang dépun inggal / mumpung sang nata tinangkil / anulya lumampah alon / sang puteri lampahnya rérih / pawongan saméya ngéring / perapta papungkuran sampun / saméya ngintip tah sira / Juwarsah lagi nenulis / sekathahé kang mulat padha kasmaran //*

Ayo cepatlah, bibi / selagi paduka raja sedang di balai penghadapan / lalu mereka berjalan / sang putri melangkah pelan / beberapa orang mengiringinya / tiba di balai belakang istana / semuanya mengintip / Juawarsah yang sedang menulis / semua yang melihatnya dimabuk asmara //

15. *Sang puteri ika tumingal / maring Juwarsah èsmu berangti / langkung bagusé Juwarsah / pan asor seri narapati / sedaya tan arsa*

mulih / ni emban aturnya aseru / dadi punapa emban / tan wandé kawula mati / daweg mantu[116] *menawi sang perapta //*

Sang putri menatap / kepada Juwarsah dengan sedikit kasmaran / amat rupawannya Juwarsah / mengalahkan sang raja / semua tiada ingin beranjak pergi / bibi pelayan berujar / bagaimana diriku ini / tak ingin aku mati / ayo pulang kalau-kalau sang raja datang //

16. *Sang puteri alon angucap / kaya apa ingsun iki / biyang alaki kapiran / nora jaya ing pawèsteri / éman warnané pekik / mangkéan luwih bagus / sedaya mantuk tah sira / munggah ing tilam arérih / nulya niba sang puteri èsmu kasmaran //*

Sang putri berujar pelan / bagaimana diriku ini / ditelantarkan oleh suamiku / tiada bahagia sebagai seorang isteri / amat sayang ia berwajah rupawan / jauh lebih rupawan (dari sang raja) / semuanya lalu pulang / sang putri naik ke peraduan / lalu merebahkan badannya dalam rindu asmara //

[116] Silap tulis. Seharusnya *mantuk* (pulang).

Pupuh 15
Kasmaran



1. *Sang nata bubar tinangkil / malebeting pagulingan / angéring pawongan akèh / alinggih lawan kang garwa / sang nata angendika / akèngkèna amundhut / gawanen maring papungkuran //*

Sang raja telah usai dari balai penghadapan / masuk ke peraduan / diiringi para abdi / ia duduk bersama isterinya / sang raja berujar / menyuruh (abdinya) mengambilkan (makanan) / bawalah ke balai belakang //

2. *Parekan miyosing jawi / angaturi papundhutan / dhateng Juwarsah sira lon / punika andika dhahar / saking paduka nata / Juwarsah anedha nuhun / langkung nuhun siyandika //*

Para abdi keluar / menghantarkan bawaan mereka / diberikan kepada Juwarsah / makanlah ini, tuan / ini dari paduka raja / Juwarsah memakannya / amat berterimakasih kepada sang raja //

3. *Tan kawarna polahnéki / sampun tuwuk dènnya adhahar / ambengé ingambil mangko / panedhanipun Jawarsah / ingaturaken inggal / mangké dhahar sangaulun / panedhanipun raja Juwarsah //*

Tiada dikisahkan makannya / telah usai ia makan / sajian makanannya lalu diambil / makanan (sisa) Juwarsah / dihaturkan segera / kemudian dimakan oleh sang raja / sisa makanan dari Juwarsah //

4. *Sang nata amuwus aris / ratu mas dhawek adhahar / sareng lan pun kakang mangko / sang puteri sampun adhahar / patedhané Juwarsah / sedaya*[117] *matur ing sang perabu / punapa kalangan tuwan //*

Sang raja pun berkata / isteriku, ayo makanlah / bersama denganku / sang isteri lalu ikut makan / makanan sisa dari Juwarsah / sengaja bertanya kepada sang raja / apa yang ditutup-tutupi, paduka //

5. *Kapernah ki kuru uni / punapa kaparnah dika / sang nata alon wuwusé / yayi sadulur ingwang / ruwang ingsun melarat / sang puteri micaréng kolbu / karané dhahar patedhan //*

Apa hubungannya dengan si kurus itu / apa hubungannya dengan paduka / sang raja berujar pelan / ia saudaraku / saudaraku saat miskin / sang putri berujar dalam hati / karenanya memakan sisa makanannya //

6. *Dèn singgih ipé sejati / bagusé tanpa tandhingan / kakang aturuna mangko / yayi dimèn nèng jaba / punika dèrèng wikan / yèn ingsun jumeneng ratu / lagi sun gawé susupan //*

Sungguh saudara sejati / ketampanannya tiada tanding / kanda, turunlah / dinda, biarlah ia di luar / ia belum tahu / jika diriku menjadi raja / ada yang kusembunyikan //

[117] Silap tulis. Seharusnya *sedya* (sengaja).

7. *Sampuné tutug ambukti / kaseputing wengi ika / sampun munggah ing paturon / sang puteri sira karuna / pangéran nganti apa / wus teka sadulur ingsun / sampun telas ing saméya //*

Makan telah usai / malam pun tiba / mereka pun naik ke peraduan / sang putri menangis / paduka, menunggu apa / hingga saudaramu pun telah datang / jangan tidak menepati janji //

8. *Bosen kawula anganti / mèh teka ing jambul uwan / durung ana laksanané / punapa jaluk lelagan / énak lakiya liyan / kapiran alaki bagus / nora jaya ing wanita //*

Diriku bosan menunggu / hingga hampir keluar uban rasanya / tidak juga dilakukan / bagaimana meminta untuk dijamah / bersenang-senang sebagaimana suami orang / ditelantarkan suami rupawan / tiada bahagia sebagai wanita //

9. *Basané ingsun dok alit / menawi andika gerah / mangké ingsun wus agedhé / sekarsané ingsun sandhang / pangéran mangké nora / kakang mas buwangen ingsun / yèn dika datan arsa //*

Katanya diriku masih kecil / kalau-kalau sakit diriku (jika disetubuhi) / (namun) sekarang diriku sudah dewasa / perlakukanlah diriku sesukamu / namun paduka tiada mau / paduka buang saja diriku / jika paduka tiada mengiginkanku //

10. *Sang nata mèsem ing ati / pantes lamun mengkanaha / apan ingsun iki wadon / sigera umarek sang nata / garwané dèn rerampa / mas mirah juwitaningsun / wong ayu mas mirah ingwang //*

Sang raja tersenyum di dalam hati / pantas memang demikian / seandainya diriku ini perempuan / sang raja mendekati / isterinya dibopongnya / permata kekasih hatiku / jelita permata hatiku //

11. *Menenga dika mas yayi / kusuma dawek anindera / alon dèn sambut garwané / binakta maring pagulingan / datan wandé pangéran / katekan apulang lulut / mas mirah dèn sabar uga //*

Diamlah dirimu kekasihku / sayang ayo kita tidur / perlahan dipegangnya isterinya / dibawa ke peraduan / tiada urung kekasihku / akan datang saatnya percumbuan / sabarlah kekasihku //

12. *Pun kakang kepanggih dhingin / lawan yayi dulur ingwang / ngantiya sawengi mangko / sedaya tutug nulya nindera / agelis mangké tinilar / sang nata mijil tan aseru / perapta kebon papungkuran //*

Diriku akan bertemu dahulu / dengan saudaraku / tunggulah semalam lagi / hingga sampailah tertidur / segera kemudian ditinggalkan / sang raja keluar / tiba di taman balai belakang //

13. *Pawongan saméya angéring / Tahil Juwarsah tumingal / anggerajita ing atiné / sang nata matèni maringwang / karané pinatènan / déné sang puteri wahu / angintip marangsun ika //*

Para abdi mengiringi / Juwarsah melihatnya / menduga dalam hatinya / sang raja akan membunuhnya / sebabnya akan dibunuh / karena sang putri tadi / telah mengintipnya //

14. *Juwarsah mandheg tumuli / ingarsanira sang nata / ayun anembah karsané / mandheg seri nalindera / agelis dènira anembah / nulya melajeng angrangkul / garjita Tahil Juwarsah //*

Juwarsah memberi hormat / di hadapan sang raja / ia berniat berhatur sembah / memberi hormat pada sang raja / segera ia berhatir sembah / lalu tiba-tiba ia dipeluk (sang raja) / Juwarsah keheranan //

15. *Ya ta pareng aningali / nulya kentaka ing lemah / sareng wungu sira karo / pangku-pinangku sira / Sinarawulan mujar / pangéran amba kelangkung / nora nyana pepanggiya //*

Mereka saling bertatapan pandang / lalu pingsan di tanah / begitu siuman keduanya / saling berpangkuan / Sarawulan berkata / kanda diriku sangat / tidak menyangka kita akan berjumpa //

16. *Tahil Juwarsah nahuri / ingsun semono uga / nora nyana pisah réko / mider jajah buwana / perandéné tan katemu / mèh perapta kentaka ningsun / maksi parmaning Yang Sukma //*

Juwarsah berujar / demikian juga diriku / tiada menyangka berpisah denganmu / berkeliling ke segenap penjuru dunia / tiada pernah menemukan / hampir putus asa diriku / jika tanpa kasih sayang Tuhan //

17. *Sang nata umatur aris / kakang dawek mering wisma / alinggih anéng kedhaton / aparintaha negara / sampun malebeng pura / kinanthi pera saméya lungguh / sang nata aris ngandika //*

Sang raja (Narawulan) berujar pelan / kanda, marilah ke istana / duduk di singgasana / memerintah kerajaan / mereka telah memasuki istana / beriringan duduk bersama / sang raja (Narawulan) berujar //

18. *Garwané aris dèn sipi / yayi andika dhayohan / nulya sumandhing garwané / sumadéya kang nyenyamikan / miwah kang cecawisan / sampun dhahar wong tatelu / leng-leng sekèhé tumingal //*

Isterinya dirayunya dengan sungguh-sungguh / dinda, mari menemui tamu / lalu disandingkanlah isterinya / tersaji segenap makanan kudapan / dan segenap sajian makanan / mereka bertiga telah makan bersama / orang yang melihat terheran-heran //

19. *Sang nata ngandika aris / yayi andika yun kerama / lawan gustiningsun réko / sedaya meneng asmu merang / ratu mas dèrèng wikan / yèn ingsun jumeneng ratu / lagi sun gawé susupan //*

Sang raja (Narawulan) berujar / dinda, dirimu akan kunikahkan / dengan paduka (saudaraku) itu / terdiam wajahnya bersemu merah / dirimu belum tahu / jika diriku menjadi raja / ada yang kusembunyikan //

20. *Ana déné susu mami / lawan yayi rambut ingwang / ingsun titipaken réko / ing kayu reké punika / cinipta nulya perapta / punang susu lawan rambut / gawok sekèhé tumingal //*

Sementara payudaraku / dan juga rambutku / sebelumnya telah kutitipkan / di pohon itu / dengan kekuatan hatinya maka datanglah / payudara dan rambut (Narawulan) / semua yang melihat seketika takjub //

21. *Sang puteri érang ningali / Juwarsah gawok tumingal / kelangkung sakti garwané / malih wanudeya apélag / sedaya micaréng nala / selawasé gusti ningsun / tan weruh yèn asigar gayam //*

Sang putri menjadi malu dibuatnya / Juwarsah terpesona melihatnya / isterinya amat sakti / perempuan yang jelita / semua berujar dalam hati / selamanya ia menjadi raja / tak tahu jika berbeda (wanita) //

22. *Karané reké ing wengi / aturu ungkur-ungkuran / yèn sun dhesek nulya adoh / datan arsa pinarekan / sun ajak apulang raras / ujaré lagi berangtéku / kalingané sih wanudeya //*

Itulah sebabnya tiap malam / jika tidur saling berpunggungan / jika kudekati menjauh / tiada mau berdekatan / kuajak bercumbu / katanya sedang sakit / tak tahunya ia seorang perempuan //

23. *Tahil Juwarsah lingnya aris / baya kerama bagjéng wang / tutuk*[118] *suka ningsun réko / midera jajah buwana / alas gunung wus kambah / perapta antekaning sun / saenggèn kebaya-baya //*

Juwarsah berkata / betapa beruntungnya perjalanan hidupku / hingga sampai pada kebahagiaanku / berkeliling ke segenap penjuru bumi / merambah hutan dan gunung / hingga sampai diriku / menemui tempat-tempat berbahaya //

24. *Sang nata ngandika aris / pangéran gusti kawula / lah setiyanana dasihé / kawula reké niyaya / anedha pala cidera / tansah reké asung wuyung / bakti sun gawé susupan //*

Sang Narawulan berujar / kanda junjungan hamba / bersetialah dengan kekasihmu / diriku juga demikian teraniaya / mendapati malapetaka / senantiasa ditimpa kemalangan / baktiku membuatku menyembunyikan diri //

25. *Panedha kawula mangkin / andika jumeneng nata / mapan sampun kaserah kabèh / saisiné dalem pura / muwah puteri sang nata / negara Betalsah iku / sinerahaken ing kawula //*

Diriku memohon / jadilah dirimu raja / telah kuserahkan semua / segenap istana seisinya / beserta putri sang raja / kerajaan Betalsah ini / yang (sebelumnya) telah diserahkan kepadaku //

26. *Ana déné ta sang puteri / karéhin punika pejah / pan sun uripaken réko / punika margané kaserah / Tahil Juwarsah ngucap / panedhané kadéya puniku / kang dadi artatiningwang //*

Sementara sang putri raja ini / dulu ia telah mati / lalu kuhidupkan / karena itulah (kerajaan seisinya) diserahkan

[118] Silap tulis. Seharusnya *tutug* (sampai).

kepadaku / Juwarsah pun berujar / permintaanmu yang seperti itu / telah menjadi kebahagiaanku //

Pupuh 16
Artati



1. *Anengena ingkang punang lateri / kang kocapa mangké sampun siyang / Sinarawulan aturé / kakang daweg pukulun / marek marang seri narapati / kawula atur uninga / yèn andika rawuh / agelis mangké nulya késah / dhateng taman sekèh bala anéng wuri / lawan seri Narawulan //*

Tinggalkanlah kisah malam itu / dikisahkan hari telah beranjak siang / Narawulan berujar / ayolah kanda paduka / menghadap sri paduka raja / akan kuberitahukan / bahwa dirimu telah datang / segera kemudian mereka pergi / menuju ke tamansari diikuti segenap abdi di belakangnya / bersama Narawulan//

2. *Raja pèni munggeng arsa néki / raré cebol awungkuk palimbang / laré jula lawan bulé / laré pandak nèng ayun / kanan kéri ingapit selir / dèn ayaping pawongan / munggeng wuri luhung / wus perapta ing patamanan / dèwi ratna malebeting dalem puri / matur dhateng kang rama //*

Segenap harta dibawa / orang cebol, orang bungkuk, orang melambai / orang gagap dan bule / orang cebol ada di depan /

kanan dan kiri mengiringi para selir / didampingi para abdi / yang ada di belakangnya / telah tiba di tamansari / Sang putri raja memasuki puri / menghadap kepada ayahandanya //

3. *Seri Bupati kepanggih alinggih / aningali yèn kang putera perapta / tumurun angrangkul agé / sira bagéya nak ingsun / sekelangkung welas ingsun iki / dèwi ratna anembah / matur ing sang perabu / putera jeng andika perapta / angunjungi dèwi Sarawulan singgih / lawan kakangé ika //*

Sang baginda raja duduk / melihat putrinya tiba / segera dipeluknya / semoga dirimu bahagia anakku / amat kasih diriku padamu / sang putri raja berhatur sembah / berujar kepada sang baginda raja / putri paduka datang / berkunjung bersama Sarawulan / dan kakandanya itu //

4. *Sarawulan aturé amanis / pan punika reké laki kawula / ing kina apisah réko / dèn tutur polahipun / tatkalané pisah inguni / Tahil Juwarsah punika / matur polahipun / langkung saméya kegawokan / sekathahé kang amiharsa puniki / wenèh ana karona*[119] *//*

Sarawulan berujar lembut / lelaki ini adalah suamiku / sebelumnya kami terpisah / maka diceritakanlah / peristiwa saat mereka terpisah / Juwarsah itu / berkisah tentang kejadiannya / semuanya tercengang / segenap orang yang mendengarkan / beberapa meneteskan air mata //

5. *Seri bupati meneng datan angling / sekelangkung gagetuning nala / seri Narawulan aturé / anembah nata mantu*[120] */ yèn suwawi karsa sang aji / singgih putera sang nata / dèwi ratna iku / kawula tedha sang nata / pan kawula kepanggiya tah puniki / lawan Tahil Juwarsah //*

[119] Silap tulis. Seharusnya *karuna* (menangis).
[120] Silap tulis. Seharusnya *mantuk* (kembali).

Baginda raja terdiam tanpa berucap / amat prihatin hatinya / Narawulan berkata / seraya berhatur sembah kembali / jika paduka berkenan / putri paduka / sang dèwi ratna itu / aku memintanya / bersama saya meikah / dengan Juwarsah //

6. *Seri bupati angendika aris / anak perabu mangké karsa ningwang / pun bapa berangta reké / arsa anikah sampun / tan kawarna kang ibu*[121] *iki / muwah kang raja berana / tan kena ingétung / risampunira mengkana / Tahil Juwar alami jumeneng aji / ing negaréng Bitalsah //*

Baginda raja berujar / jika demikian kehendakmu, anakku / diriku menyetujuinya / pernikahanpun dilangsungkan / tiada terkira luar biasanya / segenap harta benda / tiada terhitung / setelahnya kemudian / Juwarsah menjadi raja / di kerajaan Bitalsah//

7. *Sarta murah kang sarwa binukti / langkung arta mangké kang negara / tan ana duka ciptané / adil kerta kelangkung / dana dinar ing pekir miskin / muwah ing ina nistha / dadi sugihipun / mas selaka nora kurang / raja berana tan ana ingkang akedhik / sami agung sedaya //*

Murah segala bahan pangan / kas kerajaan berlimpah / tak ada kesedihan / begitu adil sejahtera / harta dibagikan untuk fakir miskin / dan semua orang yang papa / menjadi sejahtera / emas dan perak tiada kekurangan / harta benda tak ada yang kekurangan / semuanya berlimpah //

8. *Tan kawarna kang jumeneng aji / wonten malih gantining cerita / negara Sahalsah mangké / kelangkung uremipun / raja Sahalsah kélangan rayi / tan pegat akaruna / siyang lawan dalu / nora dhahar lan anindera / panedhané aja palastera si adi / muga pinanggihena //*

[121] Silap tulis. Seharusnya *iba* (luar biasa).

Tinggalkanlah kisah ia yang menjadi raja / bergantilah cerita / di kerajaan Sahalsah / begitu amat muram / raja Sahalsah kehilangan adiknya / tiada putus berurai air mata / siang dan malam / tiada makan tiada tidur / ia berdoa agar adiknya tidak mati / berharap bisa dipertemukan / //

9. *Sekèh manteri kang dorséla uni / kinèn lunga mangké ngulatana / punggawa wus késah kabèh / nanging nora katemu / awatara sedasa warsi / laminira apisah / lawan rayinipun / sang nata mangké ngandika / ayun késah anging agung angaturi / mangké para pandhita //*

Segenap menteri yang dulunya culas / disuruhnya mencari / para punggawa telah pergi semuanya / namun tiada menemukan / hingga sampai sepuluh tahun / lamanya berpisah / dengan sang adik / sang raja kemudian berkata / hendak pergi namun banyak yang menahannya / para menteri dan pandita //

10. *Dadi sakit mangké seri bupati / sanegara pan padha wurahan /sang nata sanget gerahé / wonten gantining winuwus / Tahil Juwarsah miharsa warti / saking kawula jaba / ageng manahépun / sang nata agung sinéba / pepek kanèh sekèhé para bupati / agelaring penangkilan //*

Sang raja menjadi sakit / satu kerajaan menjadi gempar / sang raja sakit keras / bergantilah kisah / Juwarsah mendengar kabar / dari rakyat seberang / tertegun hatinya / Ia pun mengadakan pertemuan / dihadiri penuh oleh para bupati / digelarlah di balai penghadapan //

11. *Raja Juwar angendika aris / bapa patih yakti ta punika / wartané wong jaba reké / raja Salsah puniku / alon matur mangké ki patih / matur sarya anembah / singgih sangaulun / punika undhang wus perapta / asung warta nenggih undhangen peribadi / gerahipun sang nata //*

Raja Juwarsah berkata / bapa patih, benarkah itu / kabar dari rakyat seberang / mengenai raja Salsah (Sahalsah) itu / sang patih berujar / berkata seraya berhatur sembah / benar, paduka / ini utusan sudah datang / utusan memberi kabar bahwa benar / sang raja sedang sakit //

12. *Yen mengkono cawisa dèn agelis / dina binjang arep ingwang / késahing Sahalsah mangké / arsa tulak katéngsun / kéyapatih amit tumuli / pepeg kang punang bala / benthéné*[122] *angungkung / wus pepeg kang upacara / lan sagungé punggawa lawan bupati / gelar wonten ngayunan //*

Jika demikian maka segera siapkanlah / besok diriku akan / pergi ke Sahalsah / diriku hendak ke sana / sang patih segera pamit / rombongan telah penuh berjejal / gong kecil ditabuh / banyak perhiasan hadiah / beserta segenap punggawa dan bupati / tergelar dibarisan depan //

13. *Sekathahé sikep saméya cawis / wus abaris wonten ing ngayunan / muwah tetunggangan reké / joli jempana rawuh / wus perapta sedaya sami / liman lawan dipongga / kuldiné wus bubul / agelar anéng ayunan / saméya cawis anganti seri narapati / gumuruh suwaranira //*

Barisan telah siap / berbaris di depan / beserta tunggangannya / tandu jempana tiba / semuanya telah siap / gajah liman dan gajah dwipangga / keledai beriringan / tergelar di depan / semua telah siap menunggu sang raja / bergemuruh suaranya //

14. *Tahil Juwar sira marek agelis / lan kang garwa amarek mering sang nata / sarya mendek ingarsané / anembah tanasantun / ingkang rama ngandika aris / dhuh nyawa anak ingwang / dawek saméya lungguh / punapa kang dépun sadéya / nahuri kang putera umatur aris / amba pamit jeng rama //*

[122] Silap tulis. Seharusnya *bendhé* (gong kecil).

Juwarsah mendekati / bersama isterinya mendatangi baginda raja / berhenti di hadapannya / berhatur sembah / baginda raja berkata / duh, anakku / mari duduklah / apa yang sedang disiapkan ini / sang putra menjawab / hamba pamit, ayahanda //

15. *Ayun tulak kawula puniki / kakang perabu negara ing Sahalsah / punika langkung sakité / amba tilar pukulun / datan kena dhahar lan guling / arsa tilar negara / mangké karsanipun / anging sami ingaturan / sekathahé lelurah punggawa manteri / kang rama ris ngandika //*

Diriku hendak mengunjungi / kanda prabu di Sahalsah / yang sedang sakit keras / (karena) hamba tinggal dahulu, paduka / tiada mau makan dan tidur / ia hendak meninggalkan kerajaan / demikianlah kehendaknya / namun semua melarangnya / segenap punggawa dan para menteri / baginda raja berujar //

16. *Lah baktanen garwanira kaki / lan sekèhé raja berana / saisiné pura reké / upacara aja kantun / kawula warga pera bupati / muwah manteri punggawa / kabèh ja na kantun / sang perabu micaréng nala / putera ningsun gawanen ta iku pati / sedulur seri naléndera //*

Bawalah serta isterimu / beserta segenap harta benda / seisi istana ini / hadiah persembahan jangan lupa / keluarga bupati / dan segenap menteri punggawa / semua jangan ketinggalan / baginda raja berujar dalam hati / //

17. *Tahil Juwar anembah tumuli / ingkang rama muwah peraméswara / sareng anembah puterané / peraméswari angrangkul / suku tengen anindak dhingin / gusti aja alawas / nora bisa kantun / apisah lan sira nyawa / yakti suwung negara nira puniki / kabèh pinanggih sira //*

Juwarsah berhatur sembah / kepada baginda raja dan permaisuri / puterinya turut berhatur sembah / sang

permaisuri pun memeluk / kaki kanannya melangkah / janganlah lama-lama / tiada bisa diriku ditinggal / berpisah dengan belahan nyawaku / sungguh akan sepi kerajaan ini / semua ingin menemuimu //

18. *Durung mari unengé kang ati / ayu pélag warnané kelintang / ibuné anangis mangké / adhuh saméya lumaku / maring jawi saméya dèn éring / sedaya dhateng pagelaran / anitihi sampun / tiyang sanga saméya indah / papingitan anunggang jempana jadi*[123] */ rinengga ing sasuteya //*

Belum puas rasanya hati ini / melihat kemolekanmu / sang permaisuri menangis / semua beranjak pergi / beriringan keluar / menuju pelataran / semua telah menaiki tunggangan / sembilan orang begitu menawan / menunggang kurung jempana / berhiaskan permata //

19. *Sigera mangkat lampahé lumaris / para manteri angéring sedaya / saméya nunggang keréta agé / gumuruh suwaranipun / sekathahé rabining manteri / saméya nitih kuda / wenèh joli tandu / andulur punang rerambat / tan kawarna polahé kang anéng margi / wenèh kantun kasmaran //*

Segera berangkat berbaris/ segenap menteri mengiringi / menaiki kereta / bergemuruh suaranya / segenap isteri menteri / semua menunggang kuda / serta segenap jempana / berjalan beriringan / tiada dikisahkan perjalanannya / yang ditinggal dilanda kasmaran //

20. *Wenèh ana gawa rabinéki / kang sawenèh rabiné dèn tilar / anging wawekasé bahé / poma ta dépun dulur / tan kawarna kang anéng margi / sampun dungkap secondera / wus perapta ing dhusun / tepis wéring padhédhésan / kanan kéri punggawa kelawan manteri / muwah ngarsa ing wuntat //*

[123] Silap tulis. Seharusnya *joli* (jempana; tandu).

Ada yang membawa isterinya / ada yang meninggalkan isterinya / hanya berharap / seandainya bisa ikut / tiada dikisahkan perjalanannya / telah genap sebulan / tibalah di dusun / desa tepian negeri / kanan dan kiri segenap punggawa dan menteri / serta berada di belakang //

Pupuh 17
Pangkur



1. *Tan kocapa ing lampahira / sampun perapta ing / Sahalsah negari / malebeting kitha sampun / gègèr wong sanegara / sampun katur dhateng sang nata puniku / sang nata amegelaran / pepek sagungé punggawi //*

Tiada dikisahkan perjalanannya / telah sampailah / di negeri Sahalsah / telah memasuki ibu kota / gempar seluruh negeri / telah dilaporkan kepada sang raja / sang raja mengadakan pertemuan / dengan segenap punggawa //

2. *Sang nata mangké ngandika / periksanen sekèh punggawa manteri / punggawa lelurah agung / perapta ngarsa sang nata / perabu anom angendika manteri népun / matur ing seri naléndera / yèn ingsun arsa ngunjungi //*

Sang raja Sahalsah berujar / periksalah segenap punggawa dan menteri / punggawa dan para lurah / tiba di hadapan sang raja Juwarsah / Raja Juwarsah berujar pada sang menteri / haturkan kepada raja Sahalsah / jika diriku hendak menemuinya //

3. *Ki patih matur anembah / atur bakti ing ngarsanira sang aji / matur mangké ingsun perabu / raja Sahalsah ngucap / liwat bagja sukur mangké sangaulun / sang nata gelis tumedhak / dhateng pagelaran agelis //*

Sang patih berhatur sembah / memberi hormat kepada raja Sahalsah / melapor kepada sang raja / raja Sahalsah berkata / betapa bahagianya diriku / ia pun segera beranjak / menuju pelataran //

4. *Sang nata mangké ngandika / lah papagen mangké ta dipun agelis / sampun ing ngaturan wahu / agelis peraptèng pasében / ingaturan alinggih ing siti luhur / sang nata ika tumedhak / kang rayi tumungkul singgih //*

Sang raja Sahalsah pun berkata / segera jemputlah / telah tibalah kemudian / segera datang ke balai pertemuan / dihaturkan untuk duduk di tempat yang luhur / sang raja Sahalsah mendekat / sang adik (raja Juwarsah) segera bersujud //

5. *Luwasé yayi tan ana / datan pegat sun yayi berangta kin-kin / tan adhahar lan aturu / ingsun berangta ngarang / nulya nembah kang rayi anuhun atur / kakang kawula anedha / sapurandika kakaji //*

Betapa lama tiada (kabar), dinda / tiada putus merindukanmu, dinda / tiada makan tiada tidur / diriku dilanda rindu / sang adik pun lalu berujar / kanda, diriku memohon / maaf darimu, kanda //

6. *Garwané kalih anembah / maring sang nata mangké lingira aris / éh yayi garwaniréku / kalih punika iya / singgih kakang rayi paduka pukulun / sang nata aris ngandika / dhuh yayi ari mami //*

Kedua isteri (Juwarsah) berhatur sembah / kepada raja Juwarsah yang lalu berujar / eh, dinda isterimukah itu /

keduanya itu / benarlah, kanda / raja Sahalsah berujar / duh, dinda adikku //

7. *Adhuh yayi ningsun pangéran / garwanira baktanen yayi linggih / lumebeting siréng kedhaton / ing negaréng Sahalsah / ingsun yayi alèngsèr mangké dhudhukuh / para sun dadeken iya / sira jumeneng aji //*

Duh, adikku / bawalah isterimu untuk duduk / masuk ke keraton / di negeri Sahalsah / diriku nanti akan lengser (sebagai raja) / akan kujadikan / dirimu kunobatkan sebagai raja //

8. *Sang nata mangké ngandika / eh ki patih sira sun utus iki / lah bukanen gedhong ingsun / catur bukanen ika / sigera mangkat ki patih nulya malebu / maring gedhongira sang nata / tumulya binukak agelis //*

Sang raja Sahalsah pun berkata / Patih dirimu kuperintahkan / bukalah gudang istana / keempat-empatnya bukalah / sang patih segera beranjak lalu masuk / ke dalam gudang istana / lalu dibukanya segera (gudang istana itu) //

9. *Lan malih sabda sang nata / sawusira binukak gedhongnéki / lah sidhekahena iku / sedaya dèn werata / pera manteri sedaya pan karsaningsun / ing dangu ubaya ningwang / sira jumenenga aji //*

Dan kemudian raja Sahalsah berkata / seusai kau buka gudang istana / sedekahkanlah / seluruhnya secara merata / untuk segenap menteri semua sesuai kehendakku / sejak dahulu aku berkehendak / menobatkan (Juwarsah) menjadi raja //

10. *Sampun pinariksa ika / saisiné gedhong mangkéki / wus enting wus werata sedayéku / tur sira ki patiya / sampun telas isiné gedhong puniku / risampunira mengkana / Juwarsah jumeneng aji //*

Telah diperiksa / segenap isi gudang istana / telah habis dibagi rata / juga untuk sang patih / telah tandas seluruh isi gudang istana / seusai kemudian / Juwarsah dinobatkan sebagai raja //

11. *Wus jumeneng aji sira / ing Sahalsah antuk setahun malih / mukti kang sarwa tinandur / muwah kang sarwa tinumbas / sekelangkung adil palamarta luhung / tan ana nyolong ngutila / sirna karta kang negari //*

Juwarsah telah menjadi raja / di Sahalsah selama satu tahun / sentosa segala yang ditanam / juga segenap barang dagangan / amat adil penuh kasih sayang / tiada orang mencuri / sirna (kejahatan) sejahtera negerinya //

12. *Anengakena sang nata / ing Sahalsah ana kang kocapa malih / negara Burgam winuwus / bermana angadeg raja / anggentèni rayiné kang mati iku / muwah kakangé kang pejah / dènira Juwarsah iki //*

Tinggalkanlah kisah raja Juwarsah / di negeri Sahalsah, diceritakanlah kemudian / di negeri Burgam / sang brahmana menjadi raja Burgam / menggantikan adiknya yang mati / juga kakaknya yang mati / oleh Juwarsah //

13. *Bermana angadeg raja / kinajerihan déning segunging manteri / kèdhep saperintahipun / ajerih sekèhé mulat / ajejuluk Maldéwa puniku / alami jumeneng nata / mangké amiharsa warti //*

Brahmana menjadi raja / ditakuti oleh segenap menteri / dihadapan perintahnya / takut dengan segenap ucapannya / ia yang berjuluk Maldewa / beberapa lama telah menjadi raja / kemudian mendengar kabar //

14. *Ingkang matèni ika / ingkang raka muwah ingkang rayi / tunggal kang matèni iku / aran Tahil Juwarsah / seduluré raja*

Juwarsah[124] *puniku / raja Maldéwa bermanteya / wedana lir metu geni //*

Bahwa yang membunuh / adiknya juga kakaknya / adalah orang yang sama / yang bernama Tahil Juwarsah / saudara raja Sahalsah / raja Maldewa amat murka / wajahnya memerah seperti bara api //

15. *Injang sang nata sinéba / pepek kabèh sagunging punggawa manteri / dipati lelurah agung / agelar nèng ayunan / seri naléndera dènira angendika aseru / ing sekathahé manterinira / kinèn jawi senjatéki //*

Pagi-pagi sang raja Maldewa melakukan pertemuan / penuh segenap para punggawa dan menteri / adipati dan para lurah / berjajar di depan / raja Maldewa berujar / kepada segenap menterinya / disuruhnya mengeluarkan senjata //

16. *Sekathahé pera nata / acawisa senjata agung singgih / binjang ingsun anglurug / ing Sahalsah negara / anglurugi Juwarsah mangké katéngsun / kang matèni sanak ingwang / ingsun amelas*[125] *pepati //*

Segenap bangsawan / mempersiapkan senjata / besok kita akan menyerang / ke negeri Sahalsah / meringkus Juwarsah / yang telah membunuh saudara-saudaraku / membalaskan kematiannya //

17. *Sigera nabuh tengara / ratu sèwu amepek balanéki / medal lir laron ambubul / kegaman sèwu laksa / aberang sinang barisé lir pindhah gunung / ambelabar ara-ara / angebeki ing wanaderi //*

Genderang perang segera ditabuh / seribu adipati menyiapkan pasukan / keluar seperti barisan laron terbang / dengan ribuan senjata / gemuruh barisan seolah gunung berpindah /

[124] Silap tulis. Seharusnya *Sahalsah* (Raja Sahalsah).
[125] Silap tulis. Seharusnya *amales* (membalas).

menyebar sepanjang tanah lapang / memenuhi hutan dan gunung //

18. *Ing dalu tan kawarnaha / raja Maldéwa balané den dadari / lawan ratu salakséku / sedalu akasukan / anderawina berem arak reké lumintu / tan pegat punang pundhutan / réwuh sekèhé wong cilik //*

Tiada dikisahkan pada malam harinya / raja Maldewa mencoba pasukannya / bersama segenap adipati / semalaman berpesta pora / minum-minuman keras bergantian / tiada putus saling beradu / bergemuruh suara pasukan //

19. *Lumintu kang punang dhaharan / sapengadeg gungé punggawa manteri / wong cilik lawan wong gunung / sekèh kang para putera / lan sentana dipati kang agung-agung / ulubalang babekel sedaya / apan wus dèn durmani //*

Bergantian dengan makanan / segenap menteri dan punggawa / pasukan dari rakyat jelata / segenap para putra / para sentana dan adipati agung / hulubalang dan bekel semuanya / telah kubuat seperti harimau (berani) //

Pupuh 18
Durma



1. *Kawarnaha sang nata injang lumampah / anitih ratna*[126] *adi / pangiringé liman / tur sarwi ginosongan / binarong lan mirah adi / sinungan elar / pinindha manuk éberi //*

Dikisahkan pagi-pagi sang raja Maldewa di perjalanan / menunggang kereta / diringi oleh gajah / seraya membawa / senjata dan permata / dipasangi sayap / seperti burung garuda //

2. *Gadhingépun kinira-kira maléla / telalé purasani / gadhingé sadhepa / sing kepapag ajerih ika / lir singa ludéra ngajerihi / kelamun aperang / anujah angideki //*

Gadingnya serupa baja hitam / berbelalai besi purasani / gadingnya panjang sedepa / yang berjumpa akan gentar / seolah singa ganas yang menakutkan / jika berperang / menusuk dan menginjak //

[126] Silap tulis. Seharusnya *rata* (kereta).

3. *Larabipun pinindha kang sana mulya / pepayungan ratna adi / winor lan muntéyara / tinarètès ing mirah / embané emas ingukir / raja Maldéwa / ingapit para selir //*

(Keretanya) berlapis segenap yang utama / berpayungkan intan / bercampur mutiara / berhias permata / diliputi ukiran emas / raja Maldewa / diapit oleh para selir //

4. *Garwanipun sekawan angapit sira / lan selir kang asisih / milu nitih rata / atumut pun pejah gesang / dhateng sira seri bupati / saméya amawa / paterem pabé pan kalih //*

Keempat isteri mendampinginya / para selir mengiring terpisah / ikut menaiki kereta / turut bela hidup dan mati / kepada sang raja Maldewa / semuanya membawa / dua bilah keris patrem //

5. *Para ratu kang sèwu ana ing jaba / sebala nira ngéring / saméya ninggang kuda / kang sèwu munggeng kanan / munggeng kéri sèwu malih / kang para garwa / putera sentana ngéring //*

Seribu adipati berada di luar / diiringi para pasukan / semua menunggang kuda / seribu pasukan berada di sisi kanan / seribu pasukan di sisi kiri / para isteri / dan putra bangsawan mengiringi //

6. *Tan kawarna lampahé pan sampun perapta / jajahan tepis wéring / negara Sahalsah / wong gunung saméya bubar / keno sawi dèn cekeli / amesanggerahan / ing pinggiring benawi //*

Tiada dikisahkan perjalanan telah sampai / menapak di perbatasan / negeri Sahalsah / rakyat jelata berhamburan / yang tertangkap diringkus / mereka mendirikan perkubuan / di tepian sungai //

7. *Kang kocapa seri bupati Sahalsah / sampun miharsa warti / yèn raja Maldéwa / anglurug mangké sira / sang nata agunem sami / lan manteri nira / muwah para bupati //*

Dikisahkan sang raja di Sahalsah / telah mendengar kabar / jika raja Maldewa / hendak menyerbu / sang raja mengadakan pertemuan / bersama menteri / dan para bupati //

8. *Angaturi wuninga dhateng Bitalsah / dhateng seri narapati / dhawek kèngkènan / sang nata angendika / ing perajurit tigang daséki / lan ulubalang / kinèn lumampah agelis //*

Kabarkanlah ke Bitalsah / kepada sang raja (Bitalsah) / ia mengutus / sang raja berujar / kepada tiga puluh perajuritnya / beserta hulubalang / diperintahkannya untuk bergegas berangkat //

9. *Sampun telas pangandika nulya késah / akèh balané ngéring / kegaman selaksa / kang kangéring ing sira / tan kawarna polahnéki / anulya perapta / ing Bitalsah negari //*

Seusai raja memberi perintah lalu mereka berangkat / banyak pasukan / dengan segenap persenjataan / mengiringinya / tiada dikisahkan perjalanannya / lalu sampailah / di negeri Bitalsah //

10. *Kawarnaha sang nata lagi sinéba / pepek sagungé manteri / lagi amicara / taterapé kang gegaman / éca dènnya gunem sami / anulya perapta / utusané narpati //*

Dikisahkan sang raja Bitalsah sedang di balai penghadapan / dipenuhi segenap menteri / sedang berbincang / terkait persenjataan / sedang asik mereka berbincang / lalu datanglah / utusan raja (Sahalsah) //

11. *Méyang gumuruh gègèré kawula jaba / dèn senggih musuh perapti / garjita kang manah / pan kinèn mariksaha / matur kang amapag sami / ayun-ayunan / lawan dhuta sang aji //*

Gemparlah segenap rakyat jelata / dikiranya ada musuh datang / menduga di dalam hati / maka diselidikilah / berkatalah orang yang mendatangi / berhadap-hadapan / dengan utusan raja Sahalsah //

12. *Sampun wikan yèn utusané kang putera / natèng Sahalsah aji / agelis nulya mara / marek ing seri naléndera / matur sawekasé uni / yèn kang putera perapta / marek ing seri bupati //*

Telah diketahui bahwa mereka adalah utusan putra raja / yang kini menjadi raja Sahalsah / lalu segera datang / menghadap Raja Bitalsah / menyampaikan pesan / dari putranya / mendekat kepada paduka raja Bitalsah / //

13. *Seri naléndera ngandika ing manteri nira / éh patih mangkubumi / kinèn mepeg bala / miwah kang para nata / mepek sadina iki / nabuh tengara / kendhang gong aseranggani*[127] *//*

Raja Bitalsah berujar kepada para menterinya / hei patih mangkubumi / siapkanlah pasukan / dan segenap bangsawan / kumpulkanlah dalam sehari ini / tabuhlah genderang perang / kendang gong bersahut-sahutan //

14. *Sampun perapta sira negara Sahalsah / sang dhuta matur aris / yèn kang rama perapta / perabu anom amapag / ing marga mendheg ngabakti / nulya ngaturan / malebet dalem puri //*

Telah tiba di negeri Sahalsah / sang utusan melapor / bahwa ayahanda raja (Bitalsah) telah tiba / sang putra (Raja Sahalsah) menjemputnya / ia bersujud bakti / lalu mempersilakan / masuk ke dalam istana //

[127] Silap tulis. Seharusnya *asenggani* (suara bersahut-sahutan).

15. *Tan kawarna siyang dalu kasukan / lan ratu pétung kethi / tansah anderawina / lumintu kang dhaharan / perabu anom amiharséki / yèn musuh perapta / angrusak tepis wéring //*

Tiada dikisahkan siang malamnya mengadakan pesta / bersama tujuh ratus ribu adipati / senantiasa minum / dan makan / Raja Sahalsah mendengar kabar / jika musuh telah tiba / menghancurkan perbatasan negeri //

16. *Tepis wéring padhédhésan binoyongan / akathah wong kang ngungsi / sawenèh dèn alap / kang bongga pinatènan / kang nungkul dèn dhèdhèdi / raja Juwarsah / bendunira tan sipi //*

Penduduk di perbatasan menyingkir / banyak orang mengungsi / beberapa ditangkap / yang melawan dibunuh / yang takluk disiksa / raja Juwarsah / marah tiada terkira //

17. *Angandika ing perajurit kawandasa / kinèn amapag jurit / sigera amit késah / perapta siréng ayunan / wus ayun-ayunan sami / bala Maldéwa / ramé angadu jurit //*

Ia berujar kepada empat puluh prajurit / disuruhnya untuk menghadang / segera mereka berangkat / tiba di garis depan / saling berhadap-hadapan / pasukan Maldewa / riuh beradu senjata //

18. *Dèn perayitna sira mangké ta sun candak / lah payo salin cangking / Kuswari anyandhak / selur baris anyandhak / jinunjung nulya binanting / tiba ing lemah / kentaka nora ngelélir //*

Awas nanti kau kuringkus / ayo bertarung / Raja Kuswari mencengkeram / berurutan barisan dicengkeram / diangkat lalu dibanting / pingsan tiada bangun //

19. *Wus binanda dènira raja Kuswara / ingunduraken singgih / sang raja Maldéwa / bendunira kalintang / wedana lir metu geni / nulya ngandika / dhateng raja Kuswari //*

Telah ditawan oleh raja Kuswari / pasukan mundur / sang raja Maldewa / murka tiada terkira / wajahnya memerah seperti bara api / lalu berujar / kepada raja Kuswari //

20. *Nulya nembah raja ing Kuswari ika / saksana sira anitih / turangga murwindah / gadanira ing ngundha / perapta yun-ayunan sami / nulya angucap / sang nata ing Kuswari //*

Raja Kuswari menyembah / seketika ia menunggang / kuda yang indah / gadanya diacungkan / tiba di depan saling berhadapan / lalu berseru / sang raja Kuswari //

21. *Saparanmu lamun mati tanpa nama / raja Kuwar anahuri / ingsun raja Kuwar / perajurité Maldéwa / sira sapa aranmu anjing / sang nata ngucap / ingsun raja Kuswari //*

Siapa namamu jika mati tiada tahu nama / raja Kuwar menyahut / aku raja Kuwar / prajuritnya Maldewa / siapa namamu lalu / sang raja berkata / aku raja Kuswari //

22. *Lan jenengé negara ingsun ing Jalmat / ingsun atunggu jurit / raja Kuwar mujar / lah maraha dèn inggal / raja Kuwar*[128] *nulya ngeling / lah Kuwar sira / gadaha keréhin //*

Dan kerajaanku bernama Jalmat / aku siap berperang / raja Kuwar berkata / segeralah kemari / raja Kuswari lalu berkata / hei, Kuwar / kau gadalah diriku lebih dahulu //

23. *Raja Kuwar aseru dènira beramanteya / dèn perayitna siréki / sigera nulya gada / raja Kuswari idan / atangkis parisé wesi / kudané tiba / nulya sira kebanting //*

[128] Silap tulis. Seharusnya *kuswari* (raja Kuswari).

Raja Kuwar amat murka / awas kau / lalu segera digadanya / raja Kuswari menggila / menangkisnya dengan perisai besi / kudanya roboh / ia pun jatuh terbanting //

24. *Ramé gada-ginada atangkis gada / parisé sigera palih / rempuh gadanira / saméya tangan kéwala / acandhak-cinandhak sami / sendhal-sinendhal / ramé banting-binanting //*

Riuh gada beradu dengan gada / termasuk juga perisainya / gadanya hancur / sama-sama tangan kosong / saling bergumul / saling mencengkeram / gegap gempita saling banting //

25. *Raja Kuwar binanting tiba ing lemah / kalenger muntah tahi / anulya binonda / déning Kuswari ika / raja Maldéwa ningali / bendu kalintang / raja Maldéwa angling //*

Raja Kuwar dibanting hingga roboh di tanah / lengar hingga muntah kotoran / lalu diringkus / oleh raja Kuswari / raja Maldewa menyaksikan / amat murka / raja Maldewa berseru //

26. *Seri bupati aseru dènira ngandika / lah maraha dèn agelis / demang Kalasura / patènana dènira / kerubuten sekèh manteri / agelis anembah / anitih liman putih //*

Raja Maldewa berseru / cepatlah kemari / demang Kalasura / bunuhlah ia / keroyoklah bersama para menteri / segera ia bersembah / pergi menunggang gajah putih //

27. *Asasumbar anguwuh aminta lawan / angundha gada agelis / awerat sèwu katéya / sapa kang arep matéya / lah papagen tandang mami / lamun wedi sira / aseraha épuk lampit //*

Bersumbar menantang musuh / mengacungkan gadanya / seberat seribu kati / siapa yang mau mati / ayo berhadapan denganku / jika kau takut / menyerah sajalah //

28. *Suka gumuyu sang Kalasura ika / sapa aranmu anjing / baya tan weruh sira / ingsun aran perawira / baya sira bosen urip / la tah mundura / aseraha anak rabi //*

Tertawa terbahak-bahak sang Kalasura / siapa namamu berani maju / apakah kau tidak tahu / diriku ini seorang perwira / apakah kau sudah bosan hidup / mundur sajalah / berkumpul dengan anak isteri //

29. *Sekelangkung benduné nateng Beserah / lanat dèn marang ngarsi / sira anggadaha / bermanteya Kalasura / amupuh tan ana gingsir / natèng Beserah / putung parisé wesi //*

Seketika murka raja Besarah / mengumpat di depan / ia memukul gadanya / Kalasura murka / maju tiada menyingkir / raja Besarah / perisai besinya hancur//

30. *Tempuhing gada lir nempuh gunung rebah / muntab mumbul kang api / surak lir ampuwan / musuh kelawan ruwang / padha sira ngeloken*[129] *pati / natèng Beserah / putung liman niréki //*

Gada beradu seperti suara gunung runtuh / api memercik / sora bersorak seperti hujan angin / mereka yang saling berlawanan / berseru kematian / raja Besarah / gajahnya roboh //

31. *Tiba kanteb nuli nerajang amedhang / tukel liman niréki / sang nata lumampah / sarwiya tangkis gada / pinupuh mangké siréki / rata lat buméya / surak gumuruh ateri //*

Ia jatuh terjerembab lalu menerjang dengan pedang / gajahnya roboh / raja Besarah berjalan / seraya menangkis gada / beradu laga / menjejak tanah / sorak gemuruh gegap gempita //

[129] Silap tulis. Seharusnya *ngaloken* (berseru; berteriak).

32. *Katingalan dènira raja Maldéwa / bendunira tan sipi / aseru angandika / éh perajurit agagah / anama raja Butalib / kaparnah iya / ipé lawan sang aji //*

Terlihat oleh raja Maldewa / murka tiada kira / ia berseru / hei prajurit gagah / yang bernama raja Abu Talib / yang terhitung / iparnya sang raja //

33. *Anulya mara sira anitih turangga / binusanan ing mas adi / sarya sasumbar / anguwuh jaluk lawan / sarya ngundha gada wesi / natèng Beserah / amapagena agelis //*

Lalu ia datang seraya menunggang kuda / berbusana emas permata / seraya sesumbar / menantang musuh / seraya mengacungkan gada besi / raja Besarah / segera datang menghadang //

34. *Abu Talib mujar sarya ngembat watang / dèn yatna lawan sang aji / nulya sira amedhang / tempuhé lir kelap ngampar / saking wanteré kang jurit / nulya nerajang / natèng Beserah nitir //*

Abu Talib berseru seraya mengangkat tombak / diarahkan ke raja Besarah / lalu ia mengayunkan pedang / beradu seperti cahaya menyambar / demikian sengitnya pertarungan / lalu saling menerjang / raja Besarah tiada berhenti //

35. *Wus pinedhang dènira natèng Beserah / kenèng sirahiréki / tekèng silit rijal / liwat marang limanira / nulya kapisanan mati / natèng Beserah / nulya sira ngemasi //*

Raja Beserah terkena pedang / mengenai kepalanya / hingga ke pantatnya hingga mati / hingga terkena ke gajahnya / hingga (gajah itu) mati juga / raja Besarah / telah binasa //

36. *Kathah pejah antuking natèng Beserah / ratu limang lakséki / perajurité kathah / melayu mungkur minda / abubar larut mungkur kambing / raja Maldéwa / bendunira tan sipi //*

Seusai kematian raja Besarah banyak yang mundur / adipati sebanyak lima ribu / prajuritnya banyak / berlarian mundur / berhamburan mundur / raja Maldewa / murka tiada putusnya //

37. *Temahané telas kabèh bala ningwang / amatek aji mami / yèn peranga yata / mangké ta kembulana / kerubuten para manteri / binakta rebah / urugana ing pepati //*

Bisa habis pasukanku / aku akan merapal mantra / jika berperang maka / nanti keroyoklah / kerubutlah para menteri / robohkanlah / binasakanlah hingga mati //

38. *Pera ratu sedaya padha amaraha / kabèh ajana kari / kuburen dènira / gempuren kuthané ika / pera ratu sedayéki / saksana mara / lir umbaking jeladeri //*

Para adipati merapatlah / semua jangan ada yang ketinggalan / binasakanlah / gempurlah ibu kotanya / para adipati dan pasukan semuanya / seketika maju / melaju seperti ombak samudra //

39. *Wong Sahalsah ratu sèwu ingkang mara / perabu anom mangkéki / muwah raja Bitalsah / perabu anom Sahalsah / mangké ramé kang ajurit / ping sapta dina / aperang ing benawi //*

Orang Sahalsah bersama seribu adipati datang / sang raja muda / bersama raja Bitalsah / raja muda Sahalsah / gegap gempita berperang / tujuh hari lamanya / bertempur di sungai besar //

40. *Wus kasoran yudané raja Sahalsah / balané akèh mati / para ratu ika / saméya mundur sedaya / pan kakehen musuh néki / raja Juwarsah / nulya anjeneng agelis //*

Raja Sahalsah kalah dalam perang / pasukannya banyak yang mati / para adipati / semuanya mundur / musuh terlalu banyak / raja Juwarsah / lalu segera berdiri //

41. *Wus angagem kumala sang Untabuga / tinancebaken agelis / yata maring bumiya / bener siréng payudan / toya lir pindah jeladeri / larut sedaya / bala Maldéwa kintir //*

Telah dipakainya permata dari Ontabuga / segera ditancapkannya / ke dalam tanah / tepat di arena perang / air seperti samudera / membenamkan semua / pasukan Maldewa hanyut //

42. *Padha kayut kang bala maring segara / sang nata aningali / balanira telas / sidhakep suku tonggal / medalaken pawana agelis / mawur kang toya / katiyup déning angin //*

Segenap pasukan hanyut menuju samudera / raja Maldewa menyaksikan / pasukannya habis / ia bersedekap seraya berdiri / angin ribut keluar / air pun tercerai berai / dihempaskan oleh angin //

43. *Wus katiyup kang para ratu sedaya / wong Sahalsah kèh mati / katuting pawana / anéng tengahing lahutan / sedaya tan ana kèri / raja Juwarsah / sasinomé kasélir //*

Para adipati digulung oleh angin / pasukan Sahalsah banyak yang binasa / digulung oleh angin / terhempas di tengah lautan / tak ada yang tertinggal / raja Juwarsah / sinom terbawa angin //

Pupuh 19
Sinom



1. *Mengkana raja Juwarsah / anéng tengahing jaladeri / tan kenèng ubah ta sira / pinanah lan rajut wesi / tan urip datan mati / mung kari kaketegipun / anekakena delajat / geludhug lindhu wor angin / jero pertala lir pindhah kinocak-kocak //*

Demikianlah raja Juwarsah / berada di tengah samudera / tiada bisa bergerak / dipanah oleh jerat besi / tak hidup tak mati / tinggal dalam kondisi sekarat / kekuatan prabawanya muncul / guntur, gempa bercampur angin / bumi seolah diguncang-guncang //

2. *Garjita sang Ontabuga / sengarané apa iki / perabawa lindhu kalintang / umbak angin awor réris / sadina-dina iki / sengaranira kelangkung / micarèng jero nala / sang Ontabuga wus éling / semayané kelawan Tahil Juwarsah //*

Antaboga terkejut / daya sakti apakah ini / perbawanya membuat gempa / ombak angin dan hujan / seharian ini / daya sakti teramat kuat / berujar dalam hatinya / Antaboga teringat / janjinya kepada Tahil Juwarsah //

3. *Sengara sanget kalintang / imuting nalaniréki / saméya*[130] *nira ing kuna / baya yèn amanggih kardi / sang Natabuga agelis / medal jero pertala sampun / tan kawarna ing marga / lampahé kadéya angin / sampun perapta ing Sahalsah negara //*

> Daya sakti yang amat kuat / ingatlah ia dalam hatinya / janjinya di masa lalu / jika (juwarsah) mendapati kesulitan / sang Antaboga segera / keluar dari bumi / tiada dikisahkan perjalanannya / melaju seperti angin / tibalah ia di negeri Sahalsah //

4. *Sang Ontabuga tumingal / yèn Sahalsah wus kelindhih / keboyong raja Juwarsah / sang nata wus ngemasi / Ontabuga reké dadi / ula kisi pan malebu / kedhatonira sang nata / anusup anéng kaguling / kang kocapa sang nata Maldéwa ika //*

> Antaboga menyaksikan / jika negeri Sahalsah telah luluh lantak / menghempaskan raja Juwarsah / raja Juwarsah telah sekarat / Antaboga lalu menjelma / ular kecil lalu masuklah ia / ke dalam keraton Sahalsah / menyusup ke peraduan / Dikisahkan raja Maldewa //

5. *Ing sekèhé para nata / padha beboyongan agelis / sekathahé raja berana / ingsun malebeting puri / Tahil Juwarsah katéngsun / kaliwat sun kédanan / warnané Sinarasasi / dalem ingsun mangké durung ayun kerama //*

> Di hadapan para bangsawan / semuanya membawa / segenap harta rampasan / Aku (raja Maldewa) akan masuk ke dalam istana / (istananya) Tahil juwarsah / aku sangat tergila-gila / dengan kecantikan Narawulan / diriku sendiri belum beristeri //

[130] Silap tulis. Seharusnya *semaya* (janji).

6. *Kasmaraningsun kalintang / sigera malebeting puri / kepanggih kang punang garwa / alinggih ing dalem puri / sarta angagem keris / arsa béla ing sang kakung / semangsané sang nata / Maldéwa nyekeling kami / nora wurung yèn ingsun tulusa palastera //*

Asmaranya membara / ia segera masuk ke istana / bertemu dengan sang permaisuri / duduk di dalam istana / seraya menggenggam keris / hendak membela suaminya / jika sang raja / Maldewa akan meringkusku / tiada lain diriku akan bunuh diri //

7. *Gumuruh wong dalem puri / sedaya padha anangis / muwah dalemé kang raka / gumuruh suwaraning tangis / ratu kang tuwa iki / malesat separanépun / katuting barat mangko / tiba ing pucuking ngardi / lawan malih ratu sèwu rowangira //*

Gemparlah segenap orang dalam istana / semuanya menangis / segenap para abdi istana / suara tangis menderu / (sementara) raja tua Sahalsah / terhempas tak tentu arah / digulung oleh angin / terhempas tiba di puncak gunung / bersama dengan seribu adipati //

8. *Mengkana raja Maldéwa / perapta ingarsa nirèki / amarek amelas arsa / dhuh mas mirah ingsun yayi / langkung kasmaran berangti / ing warnanira wong ayu / la tah tuwan pangéran / ingsun tan arsa kerama / amung dika mirah kang sun élala //*

Demikianlah raja Maldewa / tiba di hadapannya (narawulan) / mendekati seraya merayu / duh permata hatiku / diriku amat kasmaran / dengan dirimu / oh, tuan putri / diriku tiada ingin menikah / hanya dirimu yang kuinginkan //

9. *Sinarawulan angucap / yèn lakiningsun tah urip / ingsun tan arsa kerama / lamun laki sampun mati / sakarsané sang aji / ingsun tan lengganéng wuwus / yèn sang nata yun kerama / iku puteri ayu luwih / ayu anom tur maksi kenya utama //*

Narawulan berujar / jika suamiku masih hidup / aku tak akan menikah / jika suamiku sudah mati / jika sang raja menghendaki / diriku tak akan sudi / jika sang raja ingin menikah / itu ada putri cantik / cantik, muda dan masih perawan //

10. *Paran sahujaranira / pan dédé telenging ati / anulya mara sang nata / sang puteri den erim-erim / sandéyah karuna iki / dhuh jiwa ningsun wong ayu / sampun kanggoné déwa / pun kakang dika tingali / bagus anom sugih tur abala nata //*

Terserah apa yang kau katakan / bukan kehendak hatiku / raja Maldewa mendekati / putri (Narawulan) dirayunya / sang putri menangis / duh, jelita permata hatiku / sudah kehendak dewata / lihatlah diriku ini / tampan, muda dan seorang raja //

11. *Sang Untobuga beramanteya / wadana lir metu geni / andulu maring sang nata / mangké apikir ing ati / sun patènané iki / sang raja Maldéwa iku / wekasané sanak ingwang / temahan nora kapanggih / dedimoné menawi mangké awarah //*

Antaboga memendam amarah / wajahnya merah membara / menatap raja Maldewa / dalam hatinya berujar / akan kubunuh ia / sang raja Maldewa itu / ternyata saudaraku / tiada bisa kutemui / itulah sebabnya ia memberitahuku //

12. *Sang nata mangké angrerampah / dhuh mas mirah sang lewir ati / seteyanana ingsun mirah / sapanen lan ulat léring / sang puteri angling aris / yèn sang nata sih marang sun / warahen lakiningwang / yèn mati utawa urip / pasthi arep*[131] *laki*[132] *raja Maldéwa //*

Raja Maldewa terus merayu / duh, permata tambatan hatiku / mantapkanlah dirimu untukku / katakan dan lihatlah (diriku) /

[131] Silap tulis. Seharusnya *rep* (terdiam).
[132] Silap tulis. Seharusnya *lakya* (laku).

sang putri Sarawaulan berujar / jika sang raja mengasihiku / katakanlah tentang suamiku / apakah hidup ataukah mati / //

13. *Kèmengan raja Maldéwa / wekasané muwus aris / lakinira mangké mirah / anéng tengahing jeladeri / sun panah rajut wesi / mung kari kaketegipun / wikan mangké yèn gesanga / manira datan udani / dhuh mas mirah sun anti semayandika //*

Raja Maldewa kebingungan / akhirnya ia berkata / suamimu itu / ada di tengah samudera / kupanah dengan jerat besi / ia sekarat / setahuku masih hidup / aku tak tahu / duh permata hatiku kutunggu kesediaanmu //

14. *Sang Ontabuga wus wikan / ing wuwusé seri bupati / kelangkung bermanteyanira / suwené ana gaguling / arupa ula kisi / sigera medal tata santun / tan ana kang uninga / lampahira kadi angin / sampun perapta sira ing tengah lahutan //*

Antaboga telah tahu / dengan perkataan raja Maldewa / ia amat murka / selama ia di peraduan / menjelma ular kecil / ia segera keluar / tak ada yang mengetahuinya / melesat bagai angin / ia telah tiba di tengah samudera //

15. *Katingal raja Juwarsah / anéng tengahé jeladeri / tan kenèng ubah ta sira / anulya sinendhal agelis / déning sang naga iki / nulya lebur ranténipun / ya ta ngelélir ta sira / agelis rinangkul tumuli / la tah yayi mangké paran karsanira //*

Terlihat raja Juwarsah / ada di tengah samudra / tiada bisa ia bergerak / lalu segera disundul / oleh naga Antaboga / leburlah rantainya / Juwarsah siuman / segera mereka berpelukan / duh dinda, apa kehendakmu //

16. *Amba tekèng wismanira / kapanggih garwaniréki / dèn rerempah ing sang nata / Maldéwa rabiniréki / anging garwaniréki / asmaya ta siréku / nem sasi laminira / kayapa karsaniréki / lamun ana ing karsa anedha inggal //*

Diriku dari istanamu / bersua dengan isterimu / dirayu oleh raja Maldewa / untuk mau menjadi isterinya / namun isterimu / menundanya / enam bulan lamanya / bagaimana rencanamu / jika ada yang kau kehendaki mintalah segera //

17. *La tah yayi anungganga / dèn inggal ing gigir mami / Juwarsah agelis nunggang / anulya lumayo agelis / perapta siréng negari / Ontabuga tan kadulu / amung katon Juwarsah / anéng alun-alun singgih / pan gumuruh gègèré kawula Burgam //*

Dinda Juwarsah naiklah / segera ke punggungku / Juwarsah segera naik / lalu melesatlah segera / tiba di negerinya / Antaboga tidak terlihat / yang terlihat hanya Juwarsah / telah tiba di alun-alun / gègèrlah segenap pasukan Burgam //

18. *Kocapa raja Maldéwa / éca dènnya ngarih-arih / tansah sira melas arsa / dhuh mas mirah ingsun yayi / kapan sihira gusti / luntura sekedhap maskun / sun enggo tamba berangta / tan wandé ingsun ngemasi / sampun telas wong ayu sumayandika //*

Dikisahkan raja Maldewa / sedang asyik ia merayu / senantiasa memelas / duh dinda permata hatiku / kapankah dirimu / goyahlah hatimu sejenak / sebagai pengobat asmaraku / tiada ingin diriku mati / telah tandas perempuan cantik demi menungguimu //

19. *Sang puteri aris angucap / dorung cukup ta sang aji / antèkena kang mas mangko / tan wandé reké sang aji / karon jiwa ingsun binjing / aserah jiwa raganingsun / tan kawuwusa mangko / Juwarsah kocapa malih / Ontabuga aris dènira ngandika //*

Putri Narawulan berujar / apakah belum cukup wahai raja / menghabisi suamiku / tiada berani diriku ini wahai raja / (Juwarsah) belahan jiwaku / kuserahkan jiwa ragaku / tiada dikisahkan lagi kemudian / dikisahkan tentang Juwarsah / Antaboga berkata //

20. *Yayéku ratu perakusa / ing dunya malih kang tandhing / pan akeh senjatanira / gegamané kang sawiji / awasta cakera iki / datan nongga manusèku / muwah saliring dunya / yayi dèn perayitnéng ati / lamun ingwang yayi kang amusuh cakera //*

Saudaraku, Maldewa raja perkasa / di dunia juga dalam perang / banyaklah senjata miliknya / salah satu senjata / yang bernama cakra itu / tiada manusia yang mampu menahannya / juga segenap dunia waspadalah dirimu / hanya aku yang bisa melawan cakra itu //

21. *Yèn sang nata medal ika / tur angagem cakeranéki / pinanahaken ing sira / walesen déning yayi / ingsun karyanen yayi / senjata kena ing bisuk / risampunira mengkana / kocapa mangké sang puteri / raja Maldéwa ayun ayuda kenaka //*

Jika raja Maldewa keluar / bersama senjata cakranya / dipanahkan ke dirimu / balaslah saudaraku / pergunakanlah diriku / menjadi senjatamu kelak / dikisahkan kemudian sang putri Narawulan / raja Maldewa hendak memotong kukunya //

Pupuh 20
Pangkur



1. *Sang nata mangké miharsa / pan gumuruh gègèring bala ing jawi / sang nata utusan sampun / apan kinèn meriksaha / nulya perapta utusan mangké puniku / punika Juwarsah perapta / nunggang naga angajerihi //*

Raja Maldewa mendengar / gègèr gemuruh pasukannya / ia mengutus / untuk memeriksa / lalu tibalah sang utusan / Juwarsah datang / menunggang naga menakutkan //

2. *Sang nata amagelaran / sampun pepeg sekèh ratu anangkil / sang nata alon amuwus / sekèhé para nata / èstu Juwar kang ateka ta puniku / sampun perapta ing pagelaran / sareng matur ing narpati //*

Raja Maldewa menggelar pertemuan / semua adipati telah menghadap / raja Maldewa berkata / kepada segenap adipati / benarkah Juwarsah itu yang datang / telah tiba di balai pertemuan / lalu berkata kepada raja Maldewa //

3. *Singgih punika Juwarsah / dhateng malih nunggang naga ngajerihi / satingalira sang perabu / Juwarsah nunggang naga / nulya nyipta garudha sang nata iku / sampun muluk angumbara / nulya ta sinamber agelis //*

Benar itu Juwarsah / kembali datang menunggang naga menakutkan / raja Maldewa melihat / Juwarsah menaiki naga / raja Maldewa lalu menciptakan garuda / terbang melesat ke udara / lalu ia segera menyambar //

4. *Asangat panamberira / sang garudha maring Juwarsah uni / sareng sinamber wahu / déning sang Ontabuga / lebur lulut mangké sang garudha iku / satingalira sang nata / yèn garudhanira mati //*

Begitu dahsyat menyambar / sang garuda menuju Juwarsah / lalu naga itu disambar / oleh Antaboga / garuda hancur lebur / raja Maldewa menyaksikan / jika garudanya telah mati //

5. *Anulya anyipta pawaka / muntab-muntab ingarsané sang aji / raja Maldéwa amuwus / maring Juwarsah ika / nora wurung mangko sira mangké lampus / asumbar-sumbar sang nata / nora padha lawan mami //*

Ia lalu menciptakan api / berkobar-kobar di hadapannya / raja Maldewa berkata / kepada Juwarsah / tiada urung kau akan mati / demikianlah sumbar raja Maldewa / tiada sebanding melawanku //

6. *Angucap sang Ontabuga / weruhanira yayi geni puniki / norana musuhé iku / yèn ejim lawan manusa / nora nana minongka musuhé iku / yèn ora kelawan ingwang / dadimoné perapta ingriki //*

Sang Antaboga berkata / ketahuilah bahwa api itu / tiada musuhnya / jika berhadapan dengan jin dan manusia / tiada lawannya api itu / kecuali aku yang melawan / biarkan saja ia kemari //

7. *Pawaka murub lir pindha / kantar-kantar munteb-munteb ngungkuli / sigera Ontabuga ngelebur / dhateng geni punika / musna ilang kang geni mangké puniku / raja Maldéwa bermanteya / wedana lir metu geni //*

Api itu berkobar seolah / bergolak menyelimuti / sang Antaboga segera meleburnya / mendatangi api / seketika musnah api itu / raja Maldewa murka / wajahnya membara seolah keluar api //

8. *Agelis angagem cakera / ja Maldéwa Juwarsah ningali / agelis angagem siréku / panah naga kinarya / ja Maldéwa sira manaha karuhun / Juwarsah amales sira / amanah mangké siréki //*

Segera ia mengeluarkan senjata cakranya / raja Maldewa bersitatap dengan Juwarsah / lalu Juwarsah segera mengeluarkan senjatanya / panah naga perang / raja Maldewa menghunjamkan senjatanya lebih dahulu / Juwarsah membalasnya / menggunakan senjata panahnya //

9. *Sampun lepas mangké sira / kang senjata kapapag anéng margi / lir pindhah kang gunung rubuh / gumuruh suwaranira / tik-ginitik andedel-dinedel iku / medal api kantar-kantar / angebeki kang pertiwi //*

Telah lepas semuanya / senjata saling bertabrakan / seolah gunung runtuh / gemuruh suaranya / saling sabet saling hunjam / api keluar berkobar-kobar / memenuhi daratan //

10. *Kelangkung kuwating cakera / luwih mangké kuwatan naga aji / lah sinamber mangké aseru / lelebur muluking tawang / ja Maldéwa gagetunira kelangkung / mangké ta ingsun kasoran / angadu kesaktèn mami //*

Senjata cakra yang amat hebat / kalah hebat dengan panah naga / disambarnya dengan hebat / cakra lebur di angkasa /

raja Maldewa amat kecewa / diriku telah dikalahkan / beradu kesaktian denganku //

11. *Mengkana sang Ontabuga / nulya nyipta mangké sang gajah putih / anggegila polahépun / ana ing ngarsanira / gadhingé wesi purasani mancur / telalé wesi maléla / anétera kumala adi //*

Demikianlah sang Antaboga / lalu menciptakan gajah putih / mengamuk hebat / di hadapannya / bergading besi purasani / berbelalai besi maléla / bermata intan permata //

12. *Nulya beneré sang nata / kèhé punang gagila tur ngajerihi / agelis tinujah sang perabu / ing ngundha siréng tawang / éh sang nata lumampah sira tan aseru / binuru arsa dèn tujah / nuli dèn tempéling mati //*

Lalu ia menyerbu raja Maldewa / segenap pasukan diliputi ketakutan / raja Maldewa menusuknya / dilemparkan ke udara / raja Maldewa berjalan pelan / memburunya lalu menusuknya / lalu dipukulnya hingga mati //

13. *Remek tekèng belungnya / kepisanan mangké sang liman putih / sang Ontabuga andulu / yèn gajahira pejah / nulya nyipta macan putih ta siréku / aseru dènira melayu / perapta ing ngarsa sang aji //*

Hancur lebur hingga ke tulangnya / sang gajah putih sekarat / Antaboga menyaksikan / gajahnya telah mati / ia lalu menciptakan harimau putih / berlari dengan sigap / tiba di hadapan raja Maldewa //

14. *Agelis sira melayuwa / anerajang dènira seri bupati / cinandhak binanting aseru / pejah sang macan pethak / seri bupati Maldéwa aseru muwus / apatak asumbar-sumbar / lah payo papagen mami //*

Dengan cepat ia menuju / menerjang raja Maldewa / sang raja meringkus dan membantingnya / sang harimau putih tewas /

raja Maldewa berujar / bersumbar seraya menantang / ayo hadapi aku //

15. *Mung kari kasaktèn ingwang / kang sawiji durung angadu kulit / teguh endi lawan ingsun / kelawan kulitira / teguh Juwarsah kelawan ingsun / mengkana sang Ontabuga / angalap banyuniréki //*

Hanya tinggal satu kesaktianku / satu yang belum kuadu / hebat mana diriku / melawan dirimu / sakti aku atau Juwarsah / demikianlah sang Antaboga / menyemburkan airnya //

16. *Sang perabu Maldéwa ika / datan kena ubah siréki / sarira nira mor lesu / mati tan kena ubah / nuli matur anembah dhateng sang perabu / anuhun dhateng sang nata / nedha sepura narpati //*

Raja Maldewa itu / tiada bisa bergerak / badannya menjadi lemas / seolah mati tiada bergerak / ia lalu menyembah kepada Juwarsah / mohon paduka / mohon ampun paduka //

17. *Setuhunira sang nata / ratu agung sakti angliwati / tuhu perajurit linuhung / sakti tanpa tandhingan / dépun agung angapura ing wong dudu / kena ila-ila tuwan / kawula anedha urip //*

Sungguh paduka / raja agung yang amat sakti / sungguh prajurit yang luhur / sakti tiada tanding / ampunilah diri hamba / hamba terkena laknat / hamba mohon hidup //

18. *Sekarsa tuwan perintah / pan kawula mangké malebeng puri / atur kawula pukulun / muwah isining pura / perabu anom ing mangké sira umatur / mangké dhateng Ontabuga / kakang ana karsèng aji //*

Hamba turuti apapun yang paduka perintahkan / segenap isi istana / akan hamba haturkan kepada paduka / segenap isi istana / raja Juwarsah lalu berkata / kepada sang Antaboga / demikian permohonan raja Maldewa / //

19. *Punika raja Maldéwa / sekelangkung wahu anedha urip / sang Ontabuga amuwus / yayi sekarsanira / becik yayi inguripan ratu iku / kinanthi ginawé ruwang / menawi amanggih kardi //*

Raja Maldewa ini / memohon diberi hidup / sang Antaboga berkata / terserah dirimu / sebaiknya ia diberi hidup / bisa dijadikan kawan / jika kelak ada perang //

20. *Yayi yèn amanggih karya / pan ingadu iku perajurit luwih / kinawedèn para ratu / sakti tanpa lawanan / perabu anom angandika ing sang perabu / Maldéwa tuhu ta sira / pasthi sira sun uripi //*

Jika kelak ada perang / jika berperang ia prajurit yang tangguh / ditakuti segenap raja / sakti tiada lawan / Juwarsah berujar kepada sang raja / Maldewa jika kau bersungguh-sungguh / kau akan kuampuni //

21. *Yèn temen mangké ta sira / tekakena kakang perabu dèn agelis / lan sekèhé para ratu / lawan sebala ningwang / ja Maldéwa sira mangké nyipta sampun / pawana deres kalintang / sampun perapta sedayéki //*

Jika kau bersungguh-sungguh / datangkanlah kembali kakanda raja Sahalsah / beserta segenap raja adipati / dan pasukanku / raja Maldewa lalu bersemadi / angin deras menderu / mendatangkan semuanya //

22. *Kelangkung nuhun sang nata / seteyanana yèn kawula anyiderani / alangkung parintah pukulun / kawula tan lenggana / ja Maldéwa angundhangi balanépun / ing sekèhé balaningwang / kabèh marénéya agelis //*

Terimakasih paduka / diriku bersumpah jika melanggar janji / terlebih dengan perintah paduka / diriku tiada sentosa / raja Maldewa memanggil segenap pasukannya / segenap pasukanku / kemarilah semuanya //

23. *Sekathahé para nata / pétung laksa kabèh sira ngebakti / perabu anom asmu guyu / raja Maldéwa ngucap / sekèhé para ratu ta puniku / yèn ingsun mangké sang nata / angawula ing narpati //*

Segenap adipati / tujuh ribu jumlahnya semua berhatur sembah / raja Juwarsah tersenyum / raja Maldewa berkata / segenap para adipati / jika diriku dengan raja Juwarsah / diriku mengabdi kepadanya //

24. *Muga lebura lir pindhah / lebur luluh para ratu naksèni / sekathahé para ratu / sampun katur sedaya / perabu anom alon dènira muwus / kelangkung ingsun tarima / paserah ira marang kami //*

Semoga leburlah / lebur luluh disaksikan para raja adipati / segenap adipati / telah bersaksi semua / raja Juwarsah berujar lembut / kuterima dengan sangat / penyerahan diri kalian kepadaku //

25. *Tetepa jumeneng nata / ja Maldéwa sira angrèha narpati / sekathahé para ratu / sira kang marintaha / ja Maldéwa anembah sarwi anuhun / ing sira Tahil Juwarsah / langkung palamarta adi //*

Tetaplah engkau menjadi raja / raja Maldewa kau tetaplah memimpin / segenap para adipati / kau yang memerintah / raja Maldewa berhatur sembah berterimakasih / kepada Tahil Juwarsah / yang penuh kasih sayang //

26. *Sang nata belabèng ngarta / pan kelangkung asih dhateng abdi / sang nata alon amuwus / dhateng kawula jaba / kinèn mundhut penganggé kang alus-alus / iku pan ratu sedaya / pinisalin ing narpati //*

Raja Juwarsah amat suka berderma / amat mencintai para abdinya / raja Juwarsah berkata / kepada abdinya / disuruhnya

mengambil pakaian terbaik / segenap adipati itu / bersalinlah dengan baju kebesaran //

Pupuh 21
Kinanthi



1. *Kala nembang kinanthi ku / duk kala bungahing ati / teluké raja Maldéwa / perabu anom mantuk agelis / saperapta ning dalem pura / kang garwa samya nangis //*

> Pada saat melantunkan tembang kinanti / di kala hati gembira / takluknya raja Maldewa / raja Juwarsah kembali pulang / setibanya di dalam istana / kedua isterinya menangis //

2. *Pangéran ingsun pukulun / nora nyana ingsun panggih / kelawan andika kakang / sun sidep dika ngemasi / dadi punapa èstuwa / pasthi kawula belani //*

> Oh pangéranku / tiada mengira diriku bisa bersua / dengan dirimu, kanda / kupikir dirimu gugur / sungguh biar bagaimanapun / pasti akan aku bela //

3. *Sang kakung alon amuwus / dhuh mas mirah ingsun yayi / pun kakang nora anyana / panggih lawan dika yayi / pan ingsun rumihin pejah / ing madéyané kang jeladeri //*

Juwarsah berujar lembut / duh permata hatiku / diriku pun tiada mengira / bertemu denganmu, dinda / dulu saat diriku sekarat / di tengah samudra //

4. *Nulya kakang naga rawuh / den uripaken sun yayi / nuli ingsun kinèn nunggang / ing gigiré naga uni / risampuné sun anunggang / lakunépun kadi angin //*

Lalu sang Antaboga datang / aku dihidupkannya / lalu diriku disuruh menungganginya / di punggung sang naga itu / seusai aku menungganginya / ia melesat bagai angin //

5. *Agelis perapta lampahipun / anéng bebarisan agelis / tan antara nulya yuda / sang Ontabuga alindhih / anéng tengahé payudan / ja Maldéwa teluk sami //*

Segera sampailah perjalanannya / segera bergabung di tengah pasukan / tiada lama ia kemudian ikut berperang / sang Antaboga merangsek / di tengah peperangan / raja Maldewa dan pasukannya takluk //

6. *Wus telas dènira tutur / kocapa wong dalem puri / nuli saméya kasukan / sedaya nahur punagi / jejogèdan bebadèyan / ingarsané seri bupati //*

Telah usai ia bercerita / dikisahkan tentang para abdi di istana / semuanya bersuka ria / semuanya seolah membayar nazar / menari saling bercerita / di hadapan raja Juwarsah //

7. *Ana nincing tapihipun / wong dalem nahur puniki / hirika sampun luwaran / saméya malebet ing puri / padha ganti kang kidungan / umeyang ngidung sinom pangrawit //*

Ada yang mengangkat kain jaritnya / para abdi yang membayar nazar itu / mereka telah bubar / semua masuk ke kediamannya / berganti dengan mengalunkan kidung / mengalun kidung sinom pangrawit //

8. *Tan kawarna polahipun / wong dalem nahur punagi / kocapa amangké ni rondha / anaké kang dèn ulati / atakèn maring sang nata / ing Maldéwa tan kepanggih //*

Tiada dikisahkan tingkahnya / para abdi yang membayar nazar / dikisahkan kemudian sang janda / yang sedang mencari anaknya / bertanya kepada sang raja / di Maldewa tiada bertemu (dengan anaknya) //

9. *Ni rondha turira aseru / anak kawula nèng ngendi / aranė ni Sarawulan / andika kang ngerawati / garjita sang nata ngucap / ni rondha dèn warah agelis //*

Sang janda berkata / anakku di mana / namanya Sarawulan / kau yang merawatnya / raja Maldewa keheranan seraya berujar / sang janda diberitahunya //

10. *Ni randha mit késah sampun / medal seka ring jero puri / anusup angayam alas / norana ujaré malih / ana ngendi sira jenat / aningaya marang mami //*

Sang janda kemudian pergi / keluar dari istana / menyusup seperti ayam alas / tiada lain yang diucapkannya / di manakah kau kebahagian / betapa kejamnya terhadap diriku //

11. *Dèn gawa maring ngendi iku / anakingsun déra ambil / si ludhes si édan ika / dèn pangana macan mangkin / si boyan*[133] *cinekek ula / Sinara babu ta gering //*

Kau bawa kemanakah / anakku kau ambil / si ludes si edan itu / biar dimangsa macan / biar si bayan dililit ular / Sarawulan, ibumu menderita kurus kering //

[133] Silap tulis. Seharusnya *bayan* (pesuruh).

12. *Sang perabu miharsa tutur / ing wong jaba wawartéki / yèn ana mangké wong perapta / wong wadon tur tuna rasmin / angulati anakira / sang nata ngandika aris //*

Raja Juwarsah mendengar kabar / penduduk mengabarkan / jika ada seseorang datang / seorang janda / mencari anaknya / Juwarsah berujar //

13. *Perabu anom mangké muwus / kèn mapag ni randha agelis / utusanira kepapag / ni randha dèn tetakoni / padha takèn-tinakènan / ni randha lawan wong iki //*

Raja Juwarsah kemudian berkata / jemputlah sang janda itu segera / sang utusan menjemputnya / ia menanyai sang janda / saling beradu tanya / sang janda dengan utusan raja //

14. *Sampuné catur-cinatur / ni randha dèn sembah agelis / kinèn nitih ing jempana / ni randha anunggang agelis / tan kawarna polahira / pan sampun peraptèng negari //*

Seusai berbincang-bincang / sang utusan berhatur sembah kepada sang janda / disuruhnya ia menaiki jempana / sang janda pun naik ke jempana / tiada dikisahkan tingkahnya / mereka telah tiba di ibu kota //

15. *Anulya malebet ing kedhatun / sedaya sami ngebakti / kelangkung sinuba-suba / sekarsané dèn turuti / pepanganan nora kurang / ratu sèwu ngarsanéki //*

Lalu mereka masuk ke istana / semuanya berhatur sembah / ia amat dihormati / segenap kehendaknya dipenuhi / makanan tiada kurang / seribu adipati di hadapannya //

16. *Tan kawarna polahipun / sang nata jumeneng aji / anéng negara Sahalsah / adarbé putera satunggil / lawan dèwi Sarawulan / warnanépun ayu luwih //*

Tiada dikisahkan perangainya / Juwarsah dinobatkan sebagai raja / di negeri Sahalsah / memiliki seorang anak / bersama Sarawulan / anak yang cantik jelita //

17. *Kelangkung sahé sang perabu / muwah ibunira kalih / awasta Ratna Kumala / puteri Bitalsah uni / kang sinungan iku aran / wasta Dèwi Mirah Adi //*

Raja Juwarsah sangat bahagia / juga ibu tirinya / yang bernama Ratna Kumala / sang putri Bitalsah / yang memberikannya nama / berjuluk Dèwi Mirah Adi //

18. *Tan pegat sira pinangku / ya ta sira lami-lami / wus sira bisa dedolan / inyanira atut wuri / mirah embané sedaya / tan sinungan adoh singgih //*

Tiada putus berada di pangkuannya / waktu berlalu / sang anak telah bisa bermain / pengasuhnya mengawasi / beserta segenap emban / tiada boleh berjauhan //

19. *Sang nata alon amuwus / emban inya dipun wésik / yèn anakingsun dedolan / poma sira ngati-ati / poma ta sira buntila / deringo bawang aja kari //*

Raja Juwarsah berujar / berpesan kepada para pengasuh / jika anakku bermain / maka berhati-hatilah / maka bawalah serta / dlingo dan bawang jangan terlupa //

20. *Saenggèné anakingsun / dèn inggal sira nyemburi / saben dina winisikan / poma aja lali-lali / bok ana antu lan sawan / iku kang déra semburi //*

Di mana saja anakku bermain / segera semburkanlah / setiap hari sang raja berpesan / jangan sampai terlupa / kalau-kalau ada setan dan penyakit / ia telah disemburi //

21. *Risampuné mengkanéku / wus lami rahadèn dèwi / pan wayah sedasa warsa / warnané kelangkung pekik / kadi wulan kawan welas / kadéya widadari sewargi //*

Seusai kemudian / telah sekian lamanya sang putri / ia berumur sepuluh tahun / wajahnya cantik rupawan / seolah cahaya bulan empat belas / seperti bidadari surga //

22. *Nuli gerah radèn ayu / langkung sanget gerahnéki / mapan tan bisa gulawat / lir pejah radèn dèwi / tan kawarna polahira / tansah kentaka sang puteri //*

Sang putri jatuh sakit / sakit yang amat parah / tiada bisa bergerak / seolah sang putri telah mati / tiada dikisahkan perihalnya / sang putri senantiasa menangis //

23. *Kang rama susah kelangkung / miwah ibunira kalih / tan pegat mangké kentaka / siyang dalu saméya nangis / tan kena dhahar lan nindera / anging kang kétang sang puteri //*

Ayahandanya amat berduka / demikian juga kedua ibundanya / tiada putus dalam tangisan / siang malam berurai air mata / tiada selera makan dan minum / hanya sang putri yang dipikirkan //

24. *Perabu anom agelis metu / amepek sagunging manteri / sekèhé kang para nana*[134] */ ja Maldéwa sampun perapti / ratu sakethi punika / sedaya dèn andikani //*

Raja Juwarsah lalu keluar / mengumpulkan segenap menterinya / segenap raja bawahan / raja Maldewa telah tiba / seratus ribu raja bawahan / semuanya diajaknya bicara //

[134] Silap tulis. Seharusnya *nata* (raja).

25. *Pepek sekèh para ratu / sesek jejel anéng jawi / lir pindah wonten karya / perabu anom angling aris / kinèn malebeting pura / sekathahé para narpati //*

Penuh segenap raja bawahan / penuh sesak berada di luar / seolah ada suatu kegiatan / raja Juwarsah berujar / menyuruh semua masuk ke dalam istana / segenap para bangsawan //

26. *Ja Maldéwa umatur / kawula puniki gusti / lamun waluya ratu mas / dunya kawula ing binjang / kawula karya sidekah / dana dinar pakir miskin //*

Raja Maldewa berkata / hamba ini paduka / jika sang putri kembali sehat / harta hamba kelak / akan hamba sedekahkan / segenap harta untuk fakir miskin //

27. *Raja Yuman mangké matur / yèn waluya gusti mami / kawula ambabar iman / raja Bayan anahuri / kawula adarbé niyat / babaksanan turut margi //*

Raja Yuman berkata / jika sang putri kembali sehat / diriku akan menunjukkan keahlian / raja Bayan menyahut / hamba berniat / menari sepanjang jalan //

28. *Nata Nyoman mangké muwus / lamun waluya sang puteri / sun sembur dhik-udhik réyal / sesutéya kang adi-adi / sawiyaré punang pasar / kaserah dhateng sang puteri //*

Raja Nyoman kemudian berkata / jika sang putri kembali pulih / akan aku sebar uang riyal / segenap permata yang indah / selebar pasar / akan kuserahkan kepada sang putri //

29. *Mengkana rahadèn galuh / tan ana senggang iréki / wonten ingkang winaséta / awaseta nakudha iki / pan kelangkung sugih dunya / tan kena yèn winilis //*

Demikianlah sang putri / tiada bisa disembuhkan / ada dikisahkan / tentang sang nahkoda / berlimpah harta dunia / tiada terhitung //

30. *Mengkana sira angrungu / ing wartané radèn dèwi / yèn sakitira keliwat / datan kena kinahuli / ing sekèhé para nata / dadéya atemahan berangti //*

Demikianlah ia mendengar / kabar tentang sang putri / jika dilanda sakit parah / tiada bisa sembuh walau dengan penebusan / oleh segenap raja bawahan / hingga membuat semua berduka //



Pupuh 22
Kasmaran



1. *Nakudha micarèng ati / mindahé kaya wong ika / yèn èstu iku réko / dèn ujar-ujari ika / ya ta mangké sang nata / kang pinanggih datan kétung / yèn wus jangjining pangéran //*

Sang Nahkoda berujar di dalam hati / apalagi orang seperti mereka / jika sungguh benar hal itu / apa yang diucapkan / kepada sang raja / yang menemuinya tiada terhitung / jika telah menjadi takdir Tuhan //

2. *Kalingané pati iki / nora kena kinahulan / lawan mas picis mangko / lamun jangjining Yang Sukma / tan mari dèn niyatan / angungsiya gedhong watu / yèn mati mongsa wurunga //*

Tabir kematian itu / tiada bisa dibayar dengan tebusan / berupa emas dan harta / dan takdir Tuhan itu / tiada bisa dikehendaki / meskipun berlindung di balik bangunan batu / jika takdirnya mati maka tak akan bisa dibatalkan //

3. *Antuk parmaning Yang Widi / nakudha periyatinira / lamun mengkana ta mangko / dunyaning wang tanpa karya / nora kena punika / kinarya raruba iku / ing pati marga punika //*

Atas petunjuk dari Tuhan / membuat pedih hati sang nahkoda / maka demikianlah / di dunia yang tak bermakna ini / tiada boleh / berharap pamrih / berlebih-lebih karena hal itu //

4. *Dunyanan dèn buang agelis / sekathahé dunyanira / nakudha lumayu agé / jebul alas jebul tegal / munggah gunung mudhun jurang / nanging nora katemu / wong kang tapa jeroning guwa //*

Segera ia buang dunia / segenap dunia yang dimilikinya / sang nahkoda kemudian berlari / menuju hutan menuju huma / mendaki gunung menuruni ngarai / namun tiada ia bertemu / dengan orang yang bertapa di dalam gua //

5. *Sawedalira mangkéki / nakudha saking jero guwa / ya ta manggih punang wong / jiniret guluné ika / sarta ginantung dhawak / kagèt nakudha andulu / punapa karané ika //*

Saat ia keluar / sang nahkoda dari dalam gua / ia berjumpa dengan seseorang / yang lehernya dijerat tali / tergantung seorang diri / sang nahkoda terkejut / apakah sebab musababnya //

6. *Kang tinakonan nahuri / mulané gulu kawula / amangan dunya tan sarèh / tan weruh haram lan halal / mila temah mengkana / mangan dunya haram iku / karané lemah mengkana //*

Yang ditanyai menjawab / ihwal mulanya diri ini / melahap segala yang ada di dunia tanpa henti / tiada tahu haram dan halal / hingga akhirnya / memakan segenap yang haram / disebabkan tiada peduli //

7. *Nakudha lumayu agelis / mandahé kadi wak ingwang / sekèh dunya ningsun mangko / guluningwang kang amangan / tan wandé kaya ika / nakudha ajerih kelangkung / anulya lumayu inggal //*

Sang nahkoda berlari / seolah seperti diriku / segenap harta duniaku / segenap yang aku makan / tiada berani aku sepertinya / sang nahkoda sangat ketakutan / ia lalu pergi //

8. *Nulya manggih tiyang malih / wetengé sinudhat dhawak / kageyat nakudha atakon / wong apa sira punika / kang tinakonan mujar / weteng manira ing dangu / tansah amadhahi dunya //*

Ia kemudian bertemu dengan seseorang / perutnya dirobeknya sendiri / sang nahkoda terkejut seraya bertanya / bagaimana dirimu ini / yang ditanyai menjawab / perutku ini di masa lalu / senantiasa menjadi wadahnya dunia //

9. *Pakané napsu puniki / sangkané dadi wewadhah / tan weruh bener luputé / nakudha lumayu sira / nuli manggih wong sanunggal / sukuné dipun balenggu / inguger ana ing ngalas //*

Wadahnya nafsu ini / hanyalah wadah / tiada tahu benar atau salah / sang nahkoda segera pergi / ia kemudian bertemu dengan seseorang / kakinya dibelenggu / diikat di tengah hutan //

10. *Nakudha atakèn agelis / sumahur kang tinakonan / suku maniréku karo / gawéné dadi kongkonan / karep kang ala-ala / dok ana ing dunya iku / lawan penggawé kang ala //*

Sang nahkoda segera bertanya / menjawablah yang ditanyai / kakiku ini / pekerjaannya jadi pesuruh / segenap hasrat jahat / saat berada di dunia / serta melakukan perbuatan buruk //

11. *Sekèhé manusa iki / padha sinungan peningal / dènira sira Yang Manon / ana wong sawiji ika / tur ginantung sinungsang / dèn geneni adhepipun / tan mari yèn tan kiyamat //*

Segenap manusia itu / diberikan penglihatan / oleh Tuhan / ada seseorang / yang digantung terbalik / diletakkan api di hadapannya / tiada berhenti hingga kiamat tiba //

12. *Dèn gantung mangké peribadi / dèn obor-obori dhawak / tumurun peribadi mangko / andandani geni dhawak / kongsi rawèng kiyamat / garjita nakudha dulu / gumeter sariranira //*

Menggantung dirinya sendiri / membakar dirinya sendiri / turun sendiri / menyalakan api sendiri / hingga hari kiamat tiba / sang nahkoda terkesiap / tubuhnya gemetar //

13. *Kèmengan nakudha iki / ing endi gon ningsun suminggah / kaya apa polah ingong / nakudha usiking nala / wong apa sira ika / ginantung awak iréki / sira obang awakira //*

Sang nahkoda gelisah / di manakah diriku ini kelak tempatnya / bagaimanakah tingkah lakuku / sang nahkoda dilanda galau hatinya / orang apakah itu / tubuhnya digantung / badannya merah membara //

14. *Kang tinakonan nahuri / mulané sun obong dhawak / wus janjiné wak ingong / sarta wus pakune*[135] *alah*[136] */ lampah kang tan arja / mangké ta sarira ningsun / betah agawé duraka //*

Orang yang ditanyai menjawab / sebabnya kubakar badanku sendiri / telah kusanggupi sendiri / serta kuasanya Tuhan / melakukan perbuatan buruk / diriku ini / senantiasa berlaku durhaka //

15. *Nakudha lumayu agelis / mandahé kadéya wak ingwang / lawasé duraka ningong / anusup angayam alas / kaliwat ajerihira / dadi apa awakingsun / lamun tan ana sih ing Yang //*

[135] Silap tulis. Seharusnya *pangkuné* (kuasanya).
[136] Silap tulis. Seharusnya *Allah* (Tuhan).

Sang nahkoda kemudian pergi / bagaimana dengan diriku ini / lama berlaku durhaka / menyusup seperti ayam alas / betapa takutnya / akan jadi apa diriku ini / jika tiada kasih sayang Tuhan //

16. *Lumetu nulya amanggih / pandhéta tapa ing ngalas / nakudha aserep manahé / sang nata mangké ngandika / bagéya sira nakudha / paran karyanira iku / nakudha ngucap seri nata //*

Sang nahkoda keluar lalu berjumpa / pandita yang bertapa di hutan / sang nahkoda hatinya tenteram / sang pandita kemudian berujar / bahagialah engkau wahai nahkoda / apa yang kau lakukan itu / sang nahkoda berkata kepada sang pandita //

Pupuh 23
Sinom



1. *Nakudha matur anembah / sedaya*[137] *kawula perayugi / angungsi ajerih ing pejah / datan kena kinahuli / boten angsal gumingsir / lamun tekèng ajal iku / apan dunya siya-siya / tan ana karyaning pati / dunya kawula semangké kawula bucal //*

> Sang nahkoda berhatur sembah / diriku bersedia menjadi baik / pergi karena takut pada kematian / tak ada yang bisa menebus / tiada dapat ditelikung / jika ajal telah tiba / dunia sia-sia belaka / tak ada artinya bila mati / dunia itu kini telah kubuang //

2. *Kang putera raja Sahalsah / sakité angeliwati / sekathahé para nata / saméya angujar-ujari / sawenèh aserah dunyèki / aserah palinggiyanépun / sawenèh aserah kabisan / wenèh aserah pati urip / perandéné kang lara tan kena waras //*

> Putri raja Sahalsah (Juwarsah) / dilanda sakit parah / segenap adipati raja / semuanya hendak menebus / ada yang menyerahkan harta dunianya / ada yang menyerahkan

[137] Silap tulis. Seharusnya *sediya* (bersedia).

kedudukannya / ada yang menyerahkan kepiawaiannya / ada yang meyerahkan hidup matinya / namun yang sakit tetap tiada sembuh //

3. *Punika atur kawula / yang guru kadéya punapi / punapa wekasan pejah / kawula dika jatèni / amba tumut ngabekti / pan ajerih kawula kelangkung / sang pandéta angucap / lah iya antinen demin*[138] */ pan manira aluwé ayun amangan //*

Demikianlah kusampaikan / Bapa Guru, bagaimanakah / bagaimanakah pesan kematian / terangkanlah diriku ini / diriku akan turut berbakti / diriku amat takut / sang guru berujar / lah tunggulah sebentar / aku lapar mau makan //

4. *Sumadéya kang cecawisan / nakudha dèn ajak bukti / wus sami sira adhahar / nakudha wusan keréhin / datan éca ing ati / déné mangilèn lumaku / pandhéta éca dhahar / nakudha micarèng ati / sang pandhéta sekéca dènya adhahar //*

Hidangan telah tersedia / sang nahkoda diajaknya makan / telah usai mereka makan / sang nahkoda terlebih dajulu / hatinya tiada tenteram / ia berjalan ke barat / sang guru sedang nikmat makan / sang nahkoda berujar dalam hati / betapa nikmatnya sang guru makan //

5. *Wusan dènira adhahar / nakudha ayun aguling / sang pandhéta aseru nyentak / kayapa sira ngarani / ingsun doyan ambukti / iku witédoyan turu / kagèt nakudha anembah / kawula nuhun sang yugi / dépun agung yang guru ngapura amba //*

Seusai makan / sang nahkoda hendak tidur / sang guru menghardiknya / bagaimana bisa dirimu mengatakan / diriku doyan makan / itu diawali dengan suka tidur / sang nahkoda terkejut / hamba mohon, guru / diampuni kesalahanku //

[138] Silap tulis. Seharusnya *dhihin* (sebentar).

6. *Nakudha sira muliya / maring negara niréki / pan sira wus dadi tuwan / wus mandi sabdaniréki / nakudha matur aris / tan arsa mantuk pukulun / sang pandhéta angucap / tambanana karéhin / pasthi sira sang puteri amarasena //*

Nahkoda kau pulanglah / kembali ke negerimu / dirimu sudah jadi seorang mulia / sudah mujarab perkataanmu / sang nahkoda berujar / hamba tidak mau, guru / sang guru berujar / sembuhkanlah dahulu / pasti kau bisa menyembuhkan sang putri //

7. *Norana kang marasena / yèn dadéya sira iki / pan sira sun sungi sabda / kinasihana Yang Widi / dadéya tuwan jati / amit nakudha anuhun / wus perapta ing negara / wus katur ing seri bupati / singgih tuwan wastané kang perapta ika //*

Tiada yang bisa menyembuhkannya / jika dirimu seperti ini / nah ini kuberikan padamu kalam / semoga dikasihi Tuhan / jadilah orang mulia sejati / sang nahkoda berpamitan / telah tiba ia di negerinya / telah diberitahu sang raja / benarkah orang yang datang itu //

8. *Kang sanggup amarasena / ing larané radèn dèwi / ki tuwan alon ngandika / ing ngarsané seri bupati / saméya nata alinggih / sang nata mangké amuwus / ki tuwan pakanira / tuwan sanggup anambani / lamun waras iku aserah perajaningwang //*

Yang sanggup menyembuhkan / penyakitnya sang putri / sang nahkoda mengiyakan / di hadapan raja Juwarsah / dan segenap adipati yang duduk / sang raja Juwarsah berujar / jika melalui dirimu / dirimu sanggup menyembuhkan / jika putriku sembuh kerajaan akan kuserahkan //

9. *Lamun waras anakingwang / iku jodhoné dèn dèwi / nulya tuwan jati mengkana / angaturi tuwan dèwi / nulya kinèn bukti / pinangan wus waras sampun / mulya kadi ing kuna / kagiyat para ibu nangis / kinakepan sami sira tinangisan //*

Jika putriku sembuh / kau kujodohkan dengan putriku / lalu sang nahkoda / mempersilakan sang putri / memintanya untuk makan / seusai makan sang putri sembuh / pulih seperti sedia kala / kedua ibunya menangis / berpelukan seraya berurai air mata //

10. *Gumuruh wong dalem pura / suka bungah nala néki / muwah ingkang para nata / gumuruh gamelan muni / pan saméya nabuh tengari / kendhang gong muniya ngungkung / tengarané wong kasukan / gumuruh wong sanegari / siyang dalu tan pegat sira kasukan //*

Riuh rendah segenap penghuni istana / hatinya terasa bungah / juga segenap para raja / gamelan ditabuh / genderang ditabuh / kendang gong bersahutan / tanda suasana suka ria / seluruh negeri bersorak / siang malam tiada putus berpesta //

11. *Raja Juwarsah ngandika / lah ki tuwan manirèki / aserah puteri lan negara / sira jumenenga aji / ing Bitalsah negari / ki tuwan aturira aseru / tan arsa amba dunya / tan ana karyanirèki / sakelangkung sih andika seri naléndera //*

Raja Juwarsah berujar / tuan dirimu / kuserahi putriku dan kerajaan / engkau kunobatkan sebagai raja / di negeri Bitalsah / sang nahkoda berujar / diriku tiada ingin duniawi / tiada artinya / kuserahkan pada paduka saja //

12. *Pinaksa mering sang nata / ki tuwan manira iki / tan arsa cidera semaya / nanging ki tuwan tan apti / antuk pituwah jati / mulané dunya tan kétung / sigera pamit ki tuwan / dhumateng seri narapati / éh sang nata andika mangké kantuna //*

Raja Juwarsah memaksa / tuan, diriku ini / tak ingin ingkar janji / namun sang nahkoda tak mau / ia mendapat wasiat kesejatian / karenanya tiada hirau dengan duniawi / sang

nahkoda lalu berpamitan / kepada raja Juwarsah / kau tinggallah paduka //

13. *Lah tuwan mené ngantiya / ing binjang mantuka iki / wong ahlul utamèng sastera / tulusa dèn welas asih / ing mangké sun ngarani / ki tuwan nenggih puniku / pan wus dadi waliyullah / ki tuwan sampun apamit / wangsul sira marek dhateng sang pandhéta //*

Tunggulah sebentar tuan / kelak kembalilah kemari / seseorang yang utama dalam sastra / tulus dalam kasih sayang / demikianlah kunamakan dirinya / sungguh tuan itu / adalah seorang waliyullah / sang nahkoda telah berpamitan / ia kembali menemui gurunya //

14. *Ki tuwan wus peraptèng wana / sang ayu sampun ngawéruhi / sampun anunggal petapan / kocapa seri narapati / Tahil Juwarsah iki / pinarek ing para ratu / pepek sagunging nata / tumenggung para ngabèhi / seri naléndera aris dènira ngandika //*

Sang nahkoda telah tiba di hutan / yang dituju telah mengetahui / mereka telah manunggal di pertapaan / dikisahkan sang raja / Tahil Juwarsah / dihadap para raja bawahan / penuh segenap adipati / tumenggung dan bangsawan / Juwarsah berkata //

15. *Lah sagungé para nata / weruhanira mangkéki / ki tuwan èstu tan arsa / mangké lunga kala wengi / tan weruh paran néki / lungané kala ing dalu / tuhu wali utama / tan arsa ing dunya malih / karsaningsun nora cidera ing semaya //*

Semua pembesar kerajaan / ketahuilah bahwa / tuan itu sungguh tak mau / ia pergi semalam / tak ada yang tahu kepergiannya / ia pergi semalam / sungguh ia adalah wali utama / tiada menginginkan duniawi / padahal diriku tak ingin ingkar janji //

16. *Nanging sun tedha ki tuwan / tuwan mangké datan apti / mapan ingsun nora cidera / umatur para narpati / singgih dédé sang aji / saking pun tuwan puniku / sang nata angandika / dhateng ja Maldéwa agelis / sun serahaken maring sira ja Maldéwa //*

Namun saat kuminta dirinya / ia tiada mau / agar diriku tidak dituduh ingkar janji / para pembesar kerajaan berkata / sungguh bukan begitu paduka / Juwarsah berkata / kepada raja Maldewa / kuserahkan kepadamu raja Maldewa //

17. *Sekarsanira perintah / ing negarèng Salsah iki / lan puterinigsun punika / kaserah maring sira iki / muwah isining puri / sedaya mangké puniku / muwah isining peraja / ja Maldéwa matur aris / inggih anuhun amba patik bethara //*

Pimpinlah sesuai kehendakmu / kerajaan Sahalsah ini / dan putriku / kuserahkan padamu / beserta seluruh isi istana / semuanya itu / beserta kerajaan / raja Maldewa berkata / hamba terima paduka //

18. *Kawula seri naranata / arsa anahur punagi / lan sagungé para nata / kawula sawiji-wiji / sang nata muwus aris / lah becik sahuren iku / apan saméya duwé niyat / apan nora dèn lakoni / lah menawi dadi parané wicara //*

Para abdi raja / hendak menebus nazar / beserta segenap para adipati raja / satu persatu warga kerajaan / raja Juwarsah berkata / lebih baik kau tebus / jika memiliki niat / jika tiada dilakukan / akan menjadi bahan pembicaraan //

19. *Mengkona wong dalem pura / arsa anahur punagi / jejugèdan bebadhèyan / ramé sajeroning negari / padha anahur punagi / wenèh ana gulung-gumulung / ana kang memanganan / ana mider-mider iki / anéng pasar anganggé tapih tambalan //*

Maka demikianlah orang-orang istana / hendak menebus nazar / berjoget dan menari / riuh rendah senegeri / semua menebus

nazar / ada yang bergulung-gulungan / ada yang pesta makanan / ada yang berkeliling / di dalam pasar mengenakan jarit tambalan //

20. *Ana ingkang babar iman / ing jero negari / ana ingkang adu sirah / ana ngadu pundhak néki / warnanèn para aji / sabendina nahur kahul / sembur udhik-udhik réyal / latar pasar dèn semburi / tigang wulan réyalé pan dèrèng telas //*

Ada yang menunjukkan keahlian / di dalam kerajaan / ada yang beradu kepala / ada yang beradu pundak / segenap para bangsawan / setiap hari menebus nazar / menyebar uang riyal / di halaman dan di pasar di sebar / tiga bulan lamanya uang riyal tidak habis //

21. *Ana nyemburken sasuteya / ana inten mirah adi / aramé rarebutan / ana tindhih dèn tunggangi / jalu èsteri puniki / tan étang polahépun / wedhar udheng kembennya / lali kawirangan néki / suka-suka gumuyu kang para nata //*

Ada yang menyebar permata / intan berlian / ramai orang berebut / hingga bertumpang tindih / laki-laki perempuan / tiada terkira tingkahnya / hingga merosot udeng dan kembennya / lupa dengan rasa malu / para bangsawan bersuka ria tertawa //

22. *Ana rong punang gamelan / saradhadhu padha abaris / para nata padha baksa / jebèng panah lan jemparing / sawenèh gitikan ugi / wong Madura padha makung / ana ingkang gakebengan / wong Bugis mencak ta sami / para ratu padha sira sesodoran //*

Ada dua kelompok gamelan / pasukan berbaris / para raja adipati menari / perisai, panah dan jemparing / ada yang bermain gitikan / orang Madura serabutan / ada yang berputar-putar / orang Bugis bermain pencak / para adipati bermain tombak sodoran //

23. *Anengena ingkang kasukan / ganti winasiténg kawi / negara Arab punika / ratu digjaya ing jurit / jejulukira uni / nama Lukantara perabu / abala ratu selaksa / karsané amangun jurit / langkung gagah perakosa dènira yuda //*

Tinggalkanlah cerita mereka yang berpesta / bergantilah cerita / di sebuah kerajaan Arab / ada seorang raja yang sakti / ia berjuluk / bernama raja Lukantara / membawahi sepuluh ribu adipati raja / ia suka berperang / amat gagah perkasa saat berperang //

24. *Raja Lukantara ika / ing dalu sira aguling / ya ta anyupena ika / kepanggih lawan sang puteri / ing Sahalsah negari / kelangkung berangta sang perabu / rahina datan amangan / ing dalu tan ulih guling / ya ta mangké sang nata medal sinéba //*

Raja Lukantara itu / saat semalam tidur / ia bermimpi / berjumpa dengan sang putri / di negeri Sahalsah / sang raja dimabuk asmara / siang hari tiada berselera makan / malam hari tiada nyenyak tidur / maka sang raja pun mengadakan pertemuan //

25. *Alunggeweng ing singangsana / pepek sagunging punggawi / selaksa padha aséba / angandika seri bupati / sekèhé bupati / sapa ingkang padha weruh / ing negara Sahalsah / matur raja Turkumbari / singgih amba anuhun patik bethara //*

Raja Lukantara duduk di singgasana / penuh segenap punggawa kerajaan / seribu orang menghadap / sang raja berujar / kepada segenap raja bawahan / siapakah yang tahu / kerajaan Sahalsah / raja Turkumbari berkata / hamba tahu paduka //

26. *Perabu Lukantara mujar / lah iya lungaha agelis / mara hing negara Salsah / aturena surat mami / dhateng seri narapati / Tahil*

Juwarsah puniku / lawan sira gawaha / babektan sèwu kotongan[139] *//*

Raja Lukantara berkata / pergilah segera / mendatangi kerajaan Sahalsah / sampaikanlah suratku / kepada raja / Tahil Juwarsah itu / bawalah serta seribu hantaran/ //

27. *Gonen bangkat berana ningwang / muwah unta lawan sapi / pedhati kelawan kuda / sun anglamar ing sang puteri / yèn ora dèn tampani / konen dandan kuthanépun / acawisa senjata / ingsun arsa andhatengi / lamun nampi serahena negaranira //*

Gunakan sebagai harta pengikat / beserta unta dan sapi / pedati dan kuda / diriku melamar sang putri / jika tidak diterima / suruh bersiap kerajaannya / siapkan senjata / aku akan mendatangi / jika menerima serahkan kerajaannya //

28. *Raja Tur apamit késah / atur sembah tanasari / metu sejawining kitha / anabuh tengara agelis / amepek balanéki / medal lir tawon ambubul / lindhu bumi sekala / tanpa wilangan kèh néki / ratu sèwu sedaya anitih liman //*

Raja Turkumbari pamit untuk berangkat / ia berhatur sembah / keluar dari ibu kota / segera ditabuh genderang / pasukannya berkumpul / keluar seperti serombongan tawon / bumi serasa gempa / tiada terhitung banyaknya / seribu raja bawahan semua menunggang kuda //

29. *Datan kawarna ing marga / lampahira sampun perapti / sira ing negara Salsah / agung désa dèn liwati / wong désa padha ngili / gègèr tepis wiring gunung / dèn sidhep musuh perapta / wenèh angungsi negari / ana kang wong angungsi jero jurang //*

Tiada dikisahkan perjalanannya / perjalanan telah sampai / di negeri Sahalsah / banyak desa dilewati / orang desa mengungsi

[139] Silap tulis. Seharusnya *gotongan* (hantaran).

/ gemparlah wilayah perbatasan kerajaan / disangkanya musuh tiba / ada yang mengungsi / ada yang mengungsi di ceruk jurang //

30. *Garjita raja Maldéwa / sang nata miharsa warti / lamun ana musuh perapta / ya ta sang nata ningali / pepek sagungé manteri / muwah sekèh para ratu / ander*[140] *ing penangkilan / ja Maldéwa muwus aris / éh sang nata sekèh ratu samadaya //*

Raja Maldewa terkejut / ia mendengar kabar / jika ada musuh tiba / sang raja telah mengawasi / para menteri berkumpul / beserta segenap raja bawahan / ramai di balai penghadapan / raja Maldewa berkata / para punggawa adipati raja semuanya //

31. *Periksanen iku sedaya / musuh utawa tetami / wus késah punang utusan / sampun dèn periksani uni / akèh bala angéring / sami nunggang dipangga iku / ing dalan wus papagen / tedhun padha saméya linggih / sampun sira padha takèn-tinakèn //*

Periksalah semuanya / musuh ataukah tamu / sang utusan kerajaan telah berangkat / ia telah memeriksa / banyak pasukan mengiringinya / semua menunggang gajah / mereka berpapasan di perjalanan / semuanya turun dan duduk / mereka bercakap saling bertanya //

32. *Sampun apajar sira / saksana saméya lumaris / sampun perapta ngarsa nata / utusan umatur aris / ja Maldéwa sang aji / punika dutané ratu / Maharab kang negara / awasta Lukantaréki / atur serah dhumateng ing seri naléndera //*

Telah disampaikan maksudnya / seketika rombongan berbaris / telah sampai di hadapan raja Maldewa / sang utusan berkata / paduka raja Maldewa / ini adalah utusan raja / kerajaan

[140] Silap tulis. Seharusnya *andra* (ramai).

Maharab (Arab) / rajanya bernama Lukantara / hendak memberikan persembahan kepada paduka //

33. *Ja Maldéwa angandika / lah timbalana dèn agelis / sang duta wus perapta sira / sampun tata alinggih / sang duta angaturi / serat dhumateng sang perabu / winaca sinukméng nala / bermanteya ta sang aji / punang serat kinuwèk nulya binuwang //*

Raja Maldewa berkata / panggillah segera / sang duta kerajaan Arab telah tiba / ia telah bersimpuh / sang utusan menyampaikan / surat kepada raja Maldewa / dibacanya dengan sepenuh hati / raja Maldewa murka / surat dirobeknya dan dibuang //

34. *Raja Maldéwa ngandika / perang wedana ratu iki / baya lelanangé jagad / semuné arsa ngelindhih / ingsun tan pawèh iki / sang puteri di kerama iku / tukunen ing perang muka / leburen ing perang tandhing / pengantènen kelawan getih ludéra //*

Raja Maldewa berkata / ia mengajak perang / seolah jawaranya dunia / ia hendak menaklukkan / aku tiada sudi / sang putri dinikahkan dengannya / kita hadapi perang / lebur dalam perang tanding / kutunggu pertumpahan darah //

35. *Lah agelis sira muliya / tutura saujar mami / riyangkat punang utusan / datan kawarna ing margi / gancangan ingkang ngawi / wus perapta ing negaranépun / kocapa seri naléndera / pinarek ing para aji / nganti-anti dhumateng utusanira //*

Kau kembalilah pulang / katakan apa yang kukatakan / sang utusan pun beranjak pergi / tiada dikisahkan perjalanannya / singkat cerita / ia telah tiba di negerinya / dikisahkan sang raja Lukantara / diiringi para raja bawahannya / menunggu kedatangan utusannya //

36. *Sang nata amagelaran / éca denya gunem sami / adangu utusanira / kesaru peraptaniréki / utusan nulya perapti / mendhek*

sarya awot santun / sang nata ngandika / ana ta guyuné manteri / dépun inggal sang nata sira tutura //

Sang raja Lukantara sedang mengadakan pertemuan / sedang asyik berbincang / betapa lama sang utusan / tiba-tiba sang datanglah / utusan telah tiba / bersimpuh seraya berhatur sembah / sang raja berkata / tersenyumlah para menteri / segeralah katakan //

37. *Yèn antuk utawa ora / utusan umatur aris / pukulun seri naranata / kawula dika pejahi / inggih serat sang aji / datan tinampi pukulun / ujarépun seri naléndera / lamaren ing perang tandhing / pengantènen kelawan taker ludéra //*

Diterima atau tidak / sang utusan berkata / paduka raja / bunuhlah diri hamba / surat paduka / tiada diterima / raja Lukantara berkata / lamar dalam peperangan / perkawinan bersama pertumpahan darah //

38. *Sang nata mangké ngandika / marang patih mangkubumi / lah patih sira mepeka / sagungé punggawa manteri / ki patih matur aris / agelis tengara tinabuh / sedaya sampun perapta / dipati naléndera aji / seri naléndera arsa budhal dina binjang //*

Raja Maldewa berkata / kepada patihnya / hei patih kau siapkanlah / segenap punggawa dan menteri / sang patih segera berkata / tabuhlah segera genderang perang / semuanya telah tiba bersiap / adipati dan para bangsawan / raja Lukantara akan berangkat esok hari //

39. *Tengara sangat tinembang / kendhang gong munya serenggani / gong beri meguru gongsa / sewara gumuruh ateri / munya ganti bendhénya muni / angungkung bala tanpa wilangan / angebeki ing wanaderi / anerajang wana wasa dadi padhang //*

Genderang perang ditabuh keras / kendang gong bersahutan / gong, beri, dan gangsa berdengung / suaranya ramai

bergemuruh / bergantian dengan suara bende / membahana pasukan tiada terhitung / memenuhi hutan dan gunung / menerjang hutan hingga menjadi padang //

40. *Injang mangkat seri nalindera / sira anitih turanggi / kakana mas tanpa una / pinatiking ratna adi / inten jumanten adi / binarong ing mirah murub / kang para ratu sedaya / angapit ing kanan kéri / anéng ngarsa ratu sèwu mawa kuda //*

Raja Lukantara berangkat pagi hari / ia menunggang kuda / bergelang emas tiada terkira / bermata berlian / intan permata / bersama batu mirah / para raja bawahan semuanya / mendampingi di kanan dan kirinya / seribu adipati di depannya menunggang kuda //

41. *Ingarsa ratu selaksa / saméya nitih liman adi / gamelan munya wurahan / suka kang para perajurit / norana ngerasa jerih / kadéya penganten dinulu / lampahé gurawalan / datan kawarna ing margi / sampun perapta sira ing negara Salsah //*

Di barisan depan seribu adipati / semua menunggang gajah / suara gamelan menderu / para prajurit bersuka ria / tak ada yang merasa gentar / terlihat seperti rombongan pengantin / berjalan dengan kasar / tiada dikisahkan perjalanannya / telah tiba di negeri Sahalsah//

42. *Tepis wéring padédésan / padha suwung kang negari / kebo sapiné dèn alap / nemu wong dèn wawedèn / kang bongga dèn patèni / saméya ngungsi kitha sampun / katut ring seri nalindera / ja Maldéwa bermanteya iki / angandika kinèn mepek seri nalindera //*

Di perbatasan negeri / terlihat suasana sepi / kerbau dan sapi diambil / jika mendapati seseorang ditakut-takuti / yang melawan dibunuh / semua orang mengungsi ke ibu kota / berlindung kepada sang raja / raja Maldewa murka / menyuruh untuk menyiapkan para punggawa //

43. *Bubar saking dalem pura / sedaya padha angéring / ratu selaksa perkasa / riyangkat seri narapati / arsa amapag jurit / sigera kepapag ingenuh / sampun sira yun-ayunan / pan salin cucuh keréhin / kèhé manteri ingkang metu ing payudan //*

Telah membubarkan diri dari dalam istana / semuanya mengiringi / seribu adipati raja / berangkat bersama raja Maldewa / hendak menghadapi perang / lalu di hadang di perjalanan / saling berhadap-hadapan / saling beradu tombak / banyak menteri yang maju dalam peperangan //

44. *Éh sekèhé balaningwang / kabèh manteri sedayéki / dèn sami perayatna sira / arsa miyos ing ajurit / dèn padha ngati-ati / saksana mangké sang perabu / miyos nindhihi yuda / anitihi liman putih / ngagem gada mangkutha amurub muncar //*

Hei pasukanku / para menteri semuanya / camkanlah kalian / yang hendak berperang / hati-hatilah semuanya / seketika kemudian raja Maldewa / keluar ke medan perang / menunggang gajah putih / menggenggam gada bermahkota indah berkilauan //

45. *Raja Lukantara mujar / marang raja Buntalib aji / lah padha sira maraha / poma dèn perayatning ati / ya ta mangké sang aji / agelis sewara santun / anitih liman pethak / angundha gada ngajerihi / asasumbar anguwuh aminta lawan //*

Raja Lukantara berujar / kepada raja Buntalib / datanglah kemari / perhatikanlah / kemudian sang raja Buntalib / segera memekik / menunggang gajah putih / membawa senjata gada menakutkan / bersumbar menantang musuh //

46. *Lah papagen tandang ingwang / lamun sira bosen urip / ya ta angrungu sang nata / langkung bermanteya sang aji / ja Maldéwa ningali / anitih liman pan aseru / pan sarwi angingkal gada / gawok sekèhé ningali / sampun perapta nulya ayun-ayunan //*

Ayo hadapilah diriku / jika kalian bosan hidup / raja Maldewa mendengar / amat murka ia / raja Maldewa mengawasi / menunggang gajah / saling beradu gada / tercengang semua orang melihatnya / telah saling berhadap-hadapan //

47. *Lingira raja Buntalan / sapa aranira aji / lamun mati tanpa nama / angandika seri bupati / ingsun kang andarbéni / ing Sahalsah ingsun / lah mara tekakena / karepira laknat kapir / seri nalindera manteyanira kalintang //*

Raja Buntalan (Buntalib) berkata / siapa namamu / jika mati tiada tahu nama / berkatalah sang raja Maldewa / dirikulah penguasa / negeri Sahalsah / lah datang ke mari / apa maksudmu laknat / berseru keras raja Maldewa //

48. *Anulya angikal gada / ja Maldéwa kudhung agelis / tempuhan gada lir gelap / sewarané melimping kuping / muntab mumbul kang api / surem ingkang dewanggéku / kanteb sang nata / nulya wungu medhang agelis / dépun pedhang limané raja Buntalan //*

Ia lalu memutar gadanya / melintangi kepala raja Maldewa / gada berbenturan seperti petir menyambar / suaranya memekakkan telinga / api berkobar-kobar membumbung / cahaya memerah suram / raja Maldewa jatuh terduduk / lalu bangun seraya mengayunkan pedang / gajah raja Buntalan dipedangnya //

49. *Sang raja Buntalan tiba / tan antara nyandhak agelis / sendhal-sinendhal sira / tan ana kasoran jurit / saméya sudiranéki / ja Maldéwa mangké muwus / laknat kapir dèn yatna / sun banting mangké siréki / suka-suka gumuyu natèng Buntalan //*

Raja Buntalan jatuh / tiada lama segera mencengkeram / saling bergumul / tak ada yang kalah / sama-sama berhenti / raja Maldewa berseru / hei kafir laknat awas / kubanting dirimu nanti / raja Buntalan tertawa terbahak-bahak //

50. *Pan sira tan miharsa / yèn ingsun ratu linuwih / nora ana wani maringwang / mangké sira ta puniki / arsa ambanting mami / awakmu kaliwat kuru / arsa banting maringwang / awakira kuru aking / ja Maldéwa bermanteya nira kalintang //*

Apakah dirimu tidak tahu / diriku raja sakti / tak ada yang berani denganku / jika kau nanti / hendak membantingku / badanmu terlalu kurus / mau membanting diriku / badanmu kurus kering / raja Maldewa meradang geram //

51. *Nulya jinunjung sira / kajunjung raja Buntali / ingantebaken ing lemah / arata awor lan siti / luluh ajur puniki / kang surak umeyeng gumuruh / bendu sang Lukantara / anguwuh ratu kang sakti / lah maraha ratu kang luwih perakosa //*

Lalu ia diangkat / raja Buntalan diangkat / dibanting ke tanah / rata dengan tanah / lebur hancur / sorak sorai bergemuruh / raja Lukantara marah / memanggil para adipati raja / kemarilah hei adipati raja yang lebih perkasa //

52. *Akathah ratu kang mara / ayewantera limang kethi / sedaya sami perawira / perapta ngarsaning sang aji / saméya gada siréki / ana medhang nangsir iku / sawenèh anuduk sira / ana ingkang numbak bedhil / ana manèh ika saking wurinira //*

Banyak adipati raja yang menyerbu / sekitar lima ratus ribu / semuanya adalah perwira / tiba di hadapan raja Maldewa / semuanya menyerbu dengan gada / ada yang menggunakan pedang / ada yang menusuknya / ada yang mengayunkan tombak / ada yang membokong dari belakang //

53. *Raja Maldéwa apetek / lir gelap sewaranéki / kalenger kabèh punang wong / tekaning turangga ésthi / nuli ngamuk sang aji / ngoberat-aberit pedhangépun / nulya sira ayuda / Lukantara lan sang aji / pan ramé wong ayuda //*

Raja Maldewa menepuk tangannya / suaranya seperti petir menggelegar / roboh semua orang yang meringkusnya / hingga kudanya bertumpang tindih / raja Maldewa lalu mengamuk / mengayun-ayunkan pedangnya / lalu ia turun di medan laga / raja Lukantara dan raja Maldewa / riuh rendah gemuruh perang //

54. *Mengkana ja Maldéwa / yudané dèn periyatin / anulya sira nerajang / amedhang musuh néki / pan akèh padha mati / déning ja Maldéwa iku / pan akèh melayu sira / kawarnaha yudaning aji / tan ana kang kasoran //*

Demikianlah raja Maldewa / perang yang penuh duka / ia lalu menerjang / mengayunkan pedang pada musuhnya / banyak yang tewas / oleh raja Maldewa / banyak yang melarikan diri / dikisahkan adu tandingnya sang raja / belum ada yang kalah //

55. *Kawarnaha sang aji ika / yudané tan sinipi / nulya sira amedhang / maring Lukantara agelis / ya ta niba siréki / Lukantara kentaka sampun / sekèh bala padha surak / sewarané lir bahing ardi / suraké bala Sahalsah //*

Dikisahkan sang raja Maldewa itu / berperang tiada henti / lalu ia mengayunkan pedang / tertuju ke raja Lukantara / maka robohlah ia / raja Lukantara mati / segenap pasukan bersorak / suaranya seperti gunung bergolak //

56. *Kawarnaha kang nalindera / raja Lukantara wus mati / balané saméya bubar / ajerih yèn dèn patèni / pelayuné mungkur kambing / tan wikaning polahépun / bala ing Maharba*[141] */ padha ngungsi ing wanaderi / sawenèh ngungsi ing jero jurang //*

Dikisahkan sang raja / raja Lukantara telah mati / pasukannya berhamburan / takut jika dibunuh / berlarian pontang-panting / tiada terkira tingkahnya / pasukan kerajaan Arab / melarikan

[141] Silap tulis. Seharusnya *maharab* (Arab).

diri ke hutan dan gunung / ada yang melarikan diri di ceruk jurang//

57. *Nengena kang nalindera / sampun lepas yudanéki / sekèh bala Sahalsah / padha suka-suka ati / kundur maring negari / kendhang gong nulya tinabuh / aramé punang gamelan / sampun rèrèn punang ayudan //*

Tinggalkanlah para perwira / telah usai perang / segenap pasukan Sahalsah / bersuka cita / pulang ke ibu kota / kendang dan gong ditabuh / gemuruh suara gamelan / perang telah usai //

58. *Nulya sira sang nata / malebeting keraton agelis / dèn arak punang punggawa / punang patih lan pera manteri / suka bungah manahnéki / muwah ja Maldéwa iku / sampun sira aséba / wus sira alami-lami / kang negara tan ana kang kuciwa //*

Lalu raja Maldewa / masuk ke istana / diarak oleh para punggawa / patih dan para menteri / hatinya bersuka ria / demikian pula raja Maldewa / ia telah di balai penghadapan / waktu berlalu / negeri Sahalsah tiada patah arang //

